11. Si vous avez été enseignant au 3^e cycle ou au secondaire, dans quelle(s) matière(s) ?

12. Au meilleur de votre connaissance et selon votre expérience, comment punit-on les écoliers dans la majorité des cas ?

13. Au meilleur de votre connaissance, comment. récompense-t-on les bons comportements/résultats des élèves?

14. Quelle est la matière qui pose le plus de problème aux élèves d'après vous? Pourquoi ?

15. D'après vous, quel est le principal problème dans les efforts d'éduquer les élèves en Haïti ? Pourquoi ?

Partie 3 : Déterminants du rendement scolaire

16. Selon vous, quels sont les 3 principaux facteurs liés à l'environnement physique de l'école qui expliquent le rendement scolaire dans le système éducatif haïtien?

17. Selon vous, quels sont les 3 principaux facteurs liés à l'environnement pédagogique et de la classe qui expliquent le rendement scolaire dans les écoles en général ?

s18. Selon vous, quels sont les 3 principaux facteurs liés à l'environnement familial des élèves qui expliquent leurs résultats scolaires en Haïti?

19. Quels sont les 3 principaux facteurs selon vous, qui sont liés personnellement aux élèves et qui expliquent leurs résultats scolaires dans le système éducatif haïtien ?

Kesyon #1

Eske nou abitye anseye e nan ki klass nou anseye?

Patisipan #1 [J'ai l'habitude d'enseigner] men se plis nan fòmasyon pwofesyonèl [et à l'université].

Animatè : Nan fòmasyon pwofesyonèl, [à quel niveau ?]

Patisipan#1: Pwofesyonèl teknik ak infòmatrik.

Animatè : [Au niveau primaire ou secondaire?]

Patisipan#1 : [Après les études classiques].

Animatè : [niveau supérieur ?]

Patisipan#1 : [Oui ! Mais, je dirais aussi que j'ai eu des expériences dans la formation d'enseignant, principalement dans la formulation, dans la rédaction des modules de formation et des transferts de compétence. Formateur de formateurs qui font la formation des encadreurs et des enseignants.

Patisipan #2: Mwen anseye nan tout nivo espesyalman nan segondè, m te anseye lang, sa gen 30 lane [disons trente-deux ans]. Mwen anseye nan nivo pwofesyonèl, mwen anseye kontabilite ameriken nan lane 1985-1986. Mwen anseye nan nivo inivèsité epi mwen dirije lekòl, m te komanse kòm sansè nan yon lekòl.

Animatè : Pandan konbyen tan ou te sansè ak direktè lekòl ?

Patisipan #2: Mwen fè yon lane kòm sansè nan lekòl segondè ak 20 lane kòm direktè.

Animatè: Ki lekòl?

Patisipan#2: Lekòl prive ki gen tout nivo yo. (Kindergarten jiska filo).

Patisipan#3: M ta ka di se yon bèl istwa, m pa t bon nan bakaloreya paske yo te di m ke (Jezi ap vini.Ri...) epi m te vin anseyan nan sant Siloye nan Okap. « Bon! » Aprè sa, mwen te ale lekòl nòmal siperyè, mwen

te vin pwofesè literati ak syans sosyal, mwen te anseye nan 6 ak 8 kolèj epi nan Lise tou. Aprè, mwen te vini direktè premye Lise nan Okap ki rele Boukman ke mwen sinome [l'homme du livre]. M te patisipe nan konkou pou vin enspektè, m fè yon bon tan kòm enspektè, aprè sa mwen vin direktè depatmanal nan Nò pandan 3 lane. Mwen fè senk direksyon teknik deja. Kidonk mwen gen 28 lane karyè avèk yon etid ki bloke. « Ri... ».

Patisipan#4: Mwen aseye nan nivo segondè nan lane 1986 rive nan lane 2000.

Animatè: Ki matyè?

Patisipan#4: Syans sosyal, istwa ak jwografi epi [initiation à l'économie]. Men nan lane 2000 rive nan lane 2004, m pa t nan sal klas. « Entre autres.. » M gen eksperyans nan pedagoji, nan fòmasyon pou granmoun, aprè sa mwen anseye nan nivo siperyè lisans nan INAGHEI, QUISQUEYA, NOTRE-DAME, nan sa ki wè avèk [initiation à la recherche]

Kesyon#2

Koman nou konprann kesyon pinisyon nan lekòl pa rapò ak eksperyans nou genyen ? Ki rapò pinisyon an, avèk randman timoun yo nan lekòl la?

Patisipan#3: Sa se yon pwoblematik ki vrèman enterese m, paske mwen travay sou kesyon sa, mwen fè metriz mwen sou kesyon sa epi mwen ekri yon atik tou. Pou mwen zafè sanksyon nan lekòl gen rapò avèk konsyans sitwayèn nan fason yo pini moun. Malgre gen lejislasyon sou kesyon sila nan peyi Dayiti sou zafè [chatiment corporel], nan mwa oktob 2003 te gen yon dekrè lwa ki te pibliye pou yo entèdi [chatiment corporel]. Men direktè lekòl yo pa okouran. Dabò mwen wè pinisyon kòm yon demand bò kote paran yo. Sa ta vle di, si pwofesè yo pa bat timoun yo, li ta vle montre lekòl la pa gen disiplin. Pinisyon an se pou korije se pou fòse timoun nan aprann nan lekòl... Se ta yon ranfòseman negatif ki bay bon rezilta nan zye paran ak anseyan. Gen moun ki wè l kòm yon bagay ki pozitif. Answit, Mwen wè l kòm yon mank fòmasyon bò kote paran yo, anseyan yo, ak kèk moun k ap travay nan ministè yo ki nan tout nivo ki pa enfòme de sanksyon sa yo. Kidonk, sanksyon an pa fèt sou yon baz rasyonèl. Anfen gen tout yon enjenstis nan kesyon pinisyon an. Pafwa yo sanksyone timoun yo pou sa yo pa fè, yo sanksyone timoun nan pou yon bagay li pa vle denonse, yo sanksyone timoun nan pou tèt yon kesyon li pa ka reponn. Sanksyon an tiye kèk bagay lakay timoun yo [Ce sont des facteus assujetissants] kote yo pa aprann ekolye yo, pou yo respekte nòm yo ak prensip yo.

Patisipan#2: M ap pati de yon panse (Qui aime bien, chatie bien), sa ta vle di gen yon elòj yo fè sou zafè chatiman. Nan tan pa mwen, te gen gwo peryòd, yo te rele makout ki te jwe sou lekòl la. Nan sans sa, lekòl, ki ta kote k ap fòme sitwayen, ta pran anpil bagay sovaj pou mete anndan menm lekòl sa. Mwen menm kòm anseyan, m pa janm itilize baton pandan tan m ap anyese. Men jounen jodi a, gen anpil deriv nan lekòl yo, aspè pinisyon an ta dwe repanse nan lekòl avèk [sciences de l'éducation] ki vin alamòd. Nan sans sa, nou ta dwe gen lòt modèl sanksyon paske gen modèl sanksyon ki detwi timoun yo. Pou mwen, chatiman yo gen plas yo, men se yon chatiman k ap pèmèt timoun nan reprann li epi pou li kapab ale nan direksyon reyisit la.

Animatè: Daprè tout sa ki di yo la, sa mwen ta vle konprann, sanksyon oubyen represyon ki bay nan lekòl yo, kapab gen repèkasyon sou timoun yo andeyò de lekòl la?

Patisipan#2: Li genyen l menm! gen de vanjans ki terib, ki [orchestrer par des groupes d'élèves] ki gen rapò avèk konpòtman pwofesè yo, gen menm yon ansanm ka vyòl kòm vanjans.

Animatè: Ki dimansyon bagay say yo? Eske yon gen gwo anplè oubyen yo izole?

Patisipan #2: M gen kòm egzanz, sa pase nan katye mwen, gen yon direktè lekòl, ke yo te vanje sou yon pitit fi li.

Patisipan#4: M sot tande 2 lòt entèvenan yo, mwen menm m ap di, kijan mwen konprann fenomèn nan, m panse gen kèk eleman nou pa ka pase tankou istwa peyi a, sistèm sosyopolitik peyi a, gen enflyans sou zafè lekòl la. Epi gen bagay ki lye avèk anviwònman sosyal. Gen lot 2 faktè tou, gen vyolans ak vyolans epi gen kesyon [discrimination de genre], vyolans la pa fèt menm jan sou tifi avèk ti gason. Mwen kapab konstate ankò yon pwoblèm ki fè vyolans la egziste, se pwoblèm [leadership] ki lye avèk konpetans pwofesè a genyen nan jesyon klas la, konsa li kapab fè pwofesè a vini vyolan tou. Men gen yon lòt bagay k ap devlope kounya nan lekòl segondè, gen yon vyolans anraje k ap fèt sou pwofesè.

Animatè : Vyolans kont ou menm kòm pwofesè ? Kòman li manifeste?

Patisipan#4: Li fèt kont mwen menm epi mwen konstate l kay kèk lòt pwofesè. M raple mwen, yon lè, m te sibi yon agresyon vèbal nan men yon elèv nan telefòn epi yon lòt lè, pandan mwen te vini fè kou, nan yon machin ministè edikasyon an.

Patisipan#1: M t ap gade nan yon manyè pi global kesyon pinisyon an. Li gen yon [continuum] ladann. Li ka pozitif epi li ka negatif. Pinisyon an se yon [mécanisme de régulation].

Patisipan#2: M t ap ajoute yon bagay, gen anseyan ki wè pinisyon an kòm yon [stimulant] ki ka pouse timoun nan aprann. Men gen yon kote li fè timoun nan pè, epi li mete yon mank konfyans lakay timoun nan. Yon lòt kote, li pèmèt pwofesè a cache feblès li nan matyè, l ap anseye yo.

Animatè: Eske gen yon patisipan k ap ajoute [quelque chose par rapport au sujet qui est entrain de se débattre]

Patisipan#5: Sankson pozitif ou negatif, yo toujou prezan nan lekòl yo, kelkeswa fòm li ap pran, l ap genyen konotasyon pozitif ak negatif la. Men fòm sanksyon ki ta dwe koyeran avèk fòm aprantisaj la. Sanksyon an gen yon valè pedagogik, pou li kontribye nan aktivite edikasyon an, nan [activité de construction sociale], nan koyezyon sosyal la, ak nan [activité éducatrice] la. Sanksyon an pa dwe brital pou li vin yon fonksyon k ap lejitime vyolans nan lekòl [ce n'est pas une violence légitime que l'école doit exercer]. Men pito yon bagay k ap ede timoun nan konstwi sajès kòm yon valè nan aksyon l ak nan chwa l. Sanksyon an dwe yon finalite nan oryantasyon, kanalizasyon ak finalizasyon nan chwa l, pou li wè tèt li, yon lòt jan pa rapò avèk gwoup la. Kidonk lekòl la dwe rantre dinamik sa pou li kapab rive nan dimansyon sikolojik la, pou li kapab regile pilsyon yo lakay timoun yo paske gen tansyon anteryè ki ka negatif ak pozitif. Si ou kite tout tansyon yo, tout waj individyèl yo san oryantasyon, ou pral rive nan espas dezòd men se pa yon dezòd ki pozitif men se yon dezòd ki nwi avèk tout sousistèm sosyal klas la reprezante ki pèmèt tout moun vin pèdi. Lekòl oblije rantre dinamik sa, [d'ordre de la sanction] men se pa yon sanksyon vyolan men se yon sanksyon [de la haute régulation, soit d'un comportement au calme] ki kapab gade yon koyezyon gwoup, yon koyezyon sosyal, li kapab kanalize, oryante pilsyon yo paske ou konnen [l'être humain est un tout pulsionnel], li gen yon dimansyon emosyonel fò. Lekòl genyen pou li kanalize yo pou li kapab oryante yon kote ki pozitif.

Patisipan#3: A pati de sa ki di a, M panse gen yon preyalab paske fòk m ta sitye sanksyon an nan yon kad. Lè n ap pale de kad eskolè a, Chak fwa ou di sanksyon, gen yon moun ki pou monte ak aplike epi k ap tann yon [feed-back] de aplikasyon an, lè ou nan lekòl [qu'est-ce qui arrive]. Byen souvan, Sanksyon an detèmine pa direksyon an oubyen pa anseyan, nan anpil ka, mwen obsève se anseyan ki pran sanksyon yo men se pa sanksyon ke li te prevwa anvan men se sanksyon, li pran [au petit bonheur] ki konn gen yon pakèt prejije ladann ; sanksyon li pran pou Jan se pa li pran pou Jak, se pa li menm, li pran pou Janin. Sa

pral depann de [humeur], sa pral depann de lòt paramèt. [Quelque part], se la mwen pral pale de kesyon enjistis la anndan sanksyon an menm ; pafwa se pa sanksyon an ki negatif [en soi] se paske jan yo aplike sanksyon an, li pa inifòm pou tout moun. Li gen dwa jodi a, li fè yon bagay, li pini w epi demen ou fè menm bagay la epi li di an nou kite sa. Gen yon bagay ki di ki [extrêmement important] se kesyon discriminasyon an ki lye avèk kesyon [de genre]. Mwen ta prale pi lwen paske sanksyon manifeste [différemment] selon milye a. Nan yon milye [rural], sanksyon gen yon jan li manifeste. Pafwa yon anseyan konn bat yon tifi paske li renmen l. « Depi li bat ou, li bat ou... » Tandiske nan milye [urbain] yo, li konn diferan. Gen yon lòt eleman ankò, sa depann de [type d'école], lekòl ki plis defavorize yo, bay plis baton tandiske nan lekòl nan zòn [urbain] yo, kote anseyan yo plis fòme, baton an mwens epi paran sa yo tou gen de bagay, yo pap aksepte.

Patisipan#6: Gen ti presizyon tou nan nivo ansèyman. Nan nivo primè lontan ki vin fondamantal la jounen jodi a, li gen yon nivo pinisyon, ke ou pa twouve nan segondè a. M raple m se pa lontan, timoun ki nan nivo primè a ki nan pinisyon an, yo gen dwa fè li bale. Yo fè l fè yon travay pou sa li fè « bon l'ap bale... » men baròk nan segondè yo, ou pa ka fè yo sa. M raple m gen fòm sanksyon ki vrèman ale fè timoun nan dekouvri anpil bagay tankou yon panse moral, li ka kopye plizyè fwa. Jodi a gen sanksyon si yo ap vini avèk yo pa ta dwe enpwovize, kidonk yo ta dwe defini depi anvan. Jodi a gen lòt aktè ki jwe nan gouvènans nan ki se yon ansansanm estrikti patisipatif. Se pa de bagay ki pou jis parèt nan lekòl, ta dwe gen aktè ki ka diskite sou tout fòm sanksyon epi ta dwe gen deba sou zafè sanksyon avan yo aplike nan lekòl yo.

Patisipan#1 : M ap ajoute yon bagay, Nan literati jodi a, sanksyon an gen lyen ak reparasyon, jounen jodi a, lè yon timoun fè yon bagay, olye ou bat, li ta dwe repare sa li fè a nan yon pèspektiv aprantisaj, nan yon pèspektiv regilasyon, [maintenant en ce qui attire à l'entente d'entre-jeu] sa, li ka pran fòm yon kontra ant [l'enseignant et les enseignés] .

Patisipan#5 : M ap pale de [punition négative], pou mwen, pinisyon negatif la se tout pinisyon ki pa patisipe nan konstriksyon ni aprantisaj la, ni nan devlopman timoun nan. Se yon pinisyon ki pa gen ankenn efè pozitif. Li pote bay timoun nan yon bagay ki negatif, li plis bloke timoun nan olye li endike l wout la ; [ce sont des blocages] non sèlman li bloke tèt la, li nwi lespri a men li nwi kò a tou. Li nan yon tridimansyon blokaj ki anpeche moun nan vini moun li dwe ye a. Li pa pèmèt moun nan soti nan efò epanouyisman. Li pa rive eklate. Se yon pinisyon ki bloke pwojè a ; ki pi gwo danje pinisyon sa ? Li antre nan yon [continuum temporel], ki se [le présent, le passé] pase men se yon pase toujou prezan. Li pral devlope [des comportements névrosites], [des comportements psychotoxiques], li bloke [futur] la, epi li pa pèmèt ou deplase. Kidonk lè sa, ou pral tonbe nan sa yo rele twomatis, ou pral vini yon timoun twomatize, paske ou

gen yon blokaj ki lye avèk yon pinisyon sibi ke ou vin bloke ladann, lè ou vin granmoun, l ap ba ou [des séquelles] epi l ap mete w nan [trauma].

Patisipan#2 : Pinisyon an se kapab pi bon fason pou [stimuler les gens]. Ou ka pase nan yon kanal ki negatif pou viv yon bagay ki pozitif. Men yon lòt kote gen timoun ki viv li [de manière dramatique], ki fè li abandone lekòl. [Il faut dire aussi] li pral varye pou timoun ki vle travay ; pinisyon an ap fè l, fè anpil efò. Men pou lòt ki nan debòch depi li pran yon ti kout frèt li tou abandone.

Kesyon#3:

Kòman dapre nou, yo rekonpanse des « Bons ! Bons... » nan lekòl ? Dapre sa ke nou obsève yo, kisa yo rekonpanse e koman yo rekonpanse yo?

Patisipan#1: [Généralment], mwen toujou nan pèspektiv pi laj, men mwens operasyonèl e plis konseptyèl. Obsèvasyon revele m ke toujou gen elèv trè bon, gen mwayen e gen pa bon, toujou nan pèspektiv [continuum] nan. Si mwen ta vle pran prensip [loi normale Gauss] la, nan sans gen 2 ekstrèm. [Tout ce qui est fait, est fait] nou genyen avèk plis ke 90%, sa nou rele nòm al la. Men nou pral rann nou kont [à l'évidence], rekonpans nan nivo sa nou rele anòm al la, li preske a 0%. Se nan 2 ekstrèm yo, li pral manifeste [en terme de réconpense]. Par exemple, yon elèv ki dizyèm nan yon klas, epi gen yon lòt ki ventyèm, sa ki dizyèm nan gen plis konsiderasyon. Men yon moun ki te dènye nan klas la, ki vin pase pou dizyèm gen plis konsiderasyon pou moun ki te dizyèm anvan. Rekonpans nan pral defini de pèsepsyon sa yo rele nòm al la.

Patisipan#6 : Mwen menm, mwen wè l nan yon pèspektiv filozofik men nou ka kesyone l, nou ka wè l nan yon pèspektiv epistemolojik, nou ka kesyone limit refleksyon an menm. Lè n ap gade jan sosyete a fè klasman sa bon, sa pi bon, sa pa bon. Klasman jan yo mete elèv yo [1^e, 2^e, 3^e], gen yon pakèt aleya ki pase; premye gen dwa pa premye vre. Li gen dwa pa pi entelijan men li plis aplike. Gen yon klasman lekòl fè, li pa ede elèv yo gen [esprit de cohesion] sa, [vivre ensemble]...Men lekòl aprann ou devlope pou kont ou paske se yon bagay endividyèl li fè. Sa vin fè gen konpetisyon ki devlope yon pakèt konpòtman egosantrik nan klas la menm ki tiye kay timoun nan konsyans sitwayèn nan.

Animatè : Eske tip de sanksyon sa yo gen enfliyan sou randman eskolè a ?

Patisipan#2 : Gen sanksyon ki ale kont randman eskolè a, paske m raple mwen gen 2 frè, youn ki te konn pran 25 kout baton lè li pa konnen leson li, sa te fè l abandone lekòl pou li vann bolèt.

Patisipan#1: Men depi kèk ane nou konstate sanksyon yo mwens nan lekòl yo, men eske sa ogmante pèfomans timoun yo? [On doit se demander est-ce que les rendements augmentent?]

Patisipan#5: Gen lekòl nan Kapital la ki pa bat men ki bay yon pinisyon senbolik. Pafwa menm timoun yo gen kapasite pou kesyone enjistis ke yo ap sibi. Lè pinisyon fizik la pa la, pinisyon senbolik la pi di paske gen kèk pawòl w ap di timoun nan epi gen kèk [regard beaucoup plus renversant] ki kreye [des déséquilibres] nan moman aprantisaj la. Sa ki fè timoun nan pa sezi opòtinite pou li ta aprann yon bagay nan [construction savoir] la. Anplis pa gen posibilite pou paran ta defann kòz la paske yo se dènye moun ki pou pale nan tribinal. Epi pinisyon an fè timoun nan pèdi kèk bagay li ta dwe aprann nan moman, li kapab pèdi kèk kou kote li pap ka ratrape l...Pinisyon an ap gen enpak sou kalite rezilta.

Animatè: La nou tounen dèyè, nou te poze kesyon sou rekonpans. Eske yo bay rekonpans ?

Patisipan#2: Bon! Aktyèlman, mwen pa oze pwononse m sou fòm rekonpans yo bay nan lekòl.

Patisipan#1: Elèv ki premye nan lekòl la toujou gen konsiderasyon, yo pa wè l menm jan avèk lòt yo, li gen yon senbolis ladann, yon [estime de soi], se pa sèlman sa, men gen yon konsiderasyon sosyal li genyen tou.

Animatè : Mwen panse jan nou t ap gade l, nou t ap gade l pa rapò avèk nivo eskolè

Patisipan#6 : Pou rekonpans la, lekòl la te rete plis sou sanksyon yo. Pou rekonpans la jwe, pou li fè sanksyon an mwens. Rekonpans yo pa dwe endividyèl, nou sipoze aji sou viv ansanm [esprit d'équipe]. Lekòl fondamental manke sikopedagòg ki pou ankouraje travay ansanm. Ou pral wè, se jis lè ou nan invèsite, ou pral mete w travay an gwoup. Men gen kèk pwofesè ki pral konprann travay de [vivre ensemble] ki pral komanse fè ti eksperyans sa. Se pou nou ta ankouraje yo. Rekonpans la dwe sitou yon rekonpans kolektif, menm lè, pri a dwe kolektif gen yon satisfaksyon pèsonèl tou, ou dwe pèmèt timoun nan li jwenn yon rekonpans nan sa. Nan aprantisaj la, lekòl gen yon lòt [savoir de vivre ensemble].

Patisipan#3 : Gen lekòl kay frè, lè gen elèv ki premye, dezyèm ak twazyèm, yo retire sou frè eskolè a nan pwochen mwa. Genyen yo konn dispanse yo de egzamen sou fòm rekonpans. Gen lòt fòm rekonpans yo konn ba yo tankou kat konpliman, yo konn mete non elèv yo sou [tableau d'honneur]. Dènyeman yo bay [certificat d'honneur et mérite] tou.

Patisipan#2 : Lontan m konstate lekòl te antre nan plis rekonpans ke jounen jodi a. eske se yon dezenterè oubyen pwoblèm ekonomik ? Se yon enpresyon ke mwen genyen, fok nou ta wè l.

Animatè : Si se vre lekòl yo bay mwens rekonpans, gen yon moun ki t ap di, yo bay mwens sanksyon negatif. Eske sa ta vle di gen yon bès nan apresyasyon ke li pozitif oubyen negatif ?

Patisipan#4 : M gen enpresyon gen kontrent ki fè sanksyon negatif yo bese paske yo reyalize timoun yo vyolan, epi paske leta kapab gen mwayen pou li vin enspekte. M ap tou bay li franchman, m ap gade gen yon bann lekòl klas mwayèn k ap fèmen paske yo dekapitalize, kounya gen divès lekòl, gen trè bon lekòl epi lekòl bòlèt. M ap gade moun k ap fè lekòl yo, pa gen pyès rapò avèk sa yo rele lekòl. « Ri... ». Sanksyon negatif yo ki pa fèt la, se pa paske gen konsyans ki pran. Egzanp : Nèg la pote yon kòb pou mwen chak mwa la, m pa pral bat li, pou mwen fè l kite lekòl la. « Ri... » ; ni sanksyon pozitif yo tou tankou zafè rekonpanse elèv.

Patisipan#6: M pa kwè gen yon priz konsyans, menm si nou nan yon demach entèlektyèl sou kesyon an. Gen direktè lekòl sa ki enterese yo se lajan men kesyon devlopman pa enterese l.

Kesyon#4

Nou chak ki te pwofesè pa rapò ak yon nivo oubyen yon lòt, kounya nou vin kad nan ministè a, ki matyè ki bay elèv yo plis pwoblèm, ki ka vin yon blokaj nan reyisit yo? Ki disiplin?

Patisipan#5: Timoun yo gen pwoblèm nan lekti a, ki se premye eleman nan moman yo, depi gen difikilte nan aprantisaj lekti a. Si anyen pa fèt, li ap bloke w nan tout lòt matyè ki genyen. Kidonk li ap bloke w nan [la construction du savoir et de l'apprentissage].

Animatè : An nou pran ka pratik Ayiti kounya, egzamen, rezilta ?

Patisipan#5: Timoun yo se ka pratik. Se preske gate lajan, tout lajan ki te envesti nan plizyè pwojè ak denominasyon pliryèl ki chita sou lekti. Se aktivite ki temwaye, ki montre yon nesosite pou adrese pwoblèm sa. Lè w ap gade nan tout plan yo tankou [diagnostic du système éducatif haïtien], yo gen yon ansanm eleman ki montre gen pwoblèm. Echèk nan nivo kognitif fondamental, lè w ap gade nan reto se pa tèks men se pwoblèm langaj la. Se kòd ekri a, ki pa metrize. Piske nou gen 88% moun ki pa fòme, ti pousantaj ki fòme a rete nan grand vil yo ; sa ta vle di, difikilte aprantisaj la ta vin yon bagay rural. Men [il ne reste que

de peur] nan peyi Dayiti, echèk la, ou pral jwenn li nan matematik, nan fizik, nan tout lòt matyè yo. Se sitou lang ki vin yon handicap...

Patisipan#3 : M prale nan men sans avèk lòt zanmi a, fòk nou klè, nou an prezans 2 lang (kreyòl ak franse). Lè nou di lekti se nan ki lang nou konstate l ? pwoblèm nan poze nan tou 2 lang yo. Depi nou gen pwoblèm lang la nou pap ka abòde lòt matyè yo. Epi pwoblèm sila travèse tout nivo menm nan inivèsite. Tout pwoblèm sa yo lye avèk yon pwoblèm lekti...

Animatè: Nou ta vle yon ti presizyon, apa lekti a, ki lòt disiplin elèv yo gen pwoblèm ladann?

Matematik, syans eksperimental, men syans eksperimental la vini tèlman enpòtan jodi a. Nan nenpòt ki manyè. [Le mot experience] ki ale avèk mo syans, timoun ta dwe gen bagay l ap viv, li two rete nan liv epi nou gen plis timoun ki ka resite fòmil men ki manke.

Patisipan#6: [Bonne base], nou te genyen an, gen yon ansanm pwojè ki detwi sa lakay nou tou. Pi gwo kote yo wè pwoblèm nan, se nan nivo matematik, wi! Pwoblèm nan se nan nivo lekti, wi! Pwoblèm nan se syans. Epi enfrastrikti yo pral akonpaye bagay pou fè nan lekòl la, ki rete tèlman konplèks nan nivo santral. Kote sal klas la se milye aprantisaj. Ebyen! Pa gen anyen! Se tout yon revolasyon ki pou fèt. Se vre fòk gen tout bèl ide yo, vrèman fòk gen atelye, fòk gen validasyon kounya fòk gen yon gwoup moun ki di « an nou ale... sur le terrain », an nou ale nan inite kote ki rele klas la.

Patisipan#1 : Pou matematik la, gen anpil elèv ki toujou gen difikilte avèk matematik la. « Bon ! nou pa renmen matematik la, gen tout yon prejije ki developpe sou zafè matematik la, yo toujou wè li kòm matyè gason epi gen anseyan ki konn mistifye timoun yo tou.

Kesyon#5

Gen 4 kesyon, youn sou [environnement physique] lekòl la, youn sou [environnement pédagogique] lekòl la, [environnemnt familial] epi lòt la, sou elèv la. Nou ta eseye jwenn kèk faktè ki ka favorize anviwòman sa yo.

Animatè : An nou pran anviwònman fizik la. Pou nou ta jwenn kèk faktè ki ka favorize randman yon timoun nan sistèm pa nou an.

Patisipan#6 : M panse gen twòp lese ale nan leta, kote li ta dwe ap konstri yon bon anviwònman. Yon lekòl sipoze gen anviwònman sila, pou pèmèt timoun nan santi, li nan yon [bain d'apprentissage]. Mem nan nivo leta, ou jwenn [des lycées sauvages] oubyen [des 3^e cycles sauvages] ke yon ansanm depite ak senatè lwe yon ti chanm kay. Lè, m ap gade liv Delima, tout sa ki gen rapò avèk edikasyon gen yon lwa ! lwa ! M panse anviwònman elèv la ladann nan, li pèmèt ke li santi l, nan yon milye aprantisaj. Sa nou ta vle, se yon aprantisaj divès. Kesyon timoun nan ki anvi konnen lasyans, ta dwe gen yon ti anbriyon laboratwa menm si se [en devenir]. Ou wè kesyon bibliyotèk la, sa nou rele bibliyotèk, nou ta dwe kòmanse nan [bibliothèque salle de classe], pou nou ta vini nan [bibliothèque de l'école] epi ou kòmanse [bibliothèque raison d'école] Se demach konsa pou moun yo kòmanse. M t ap di se [des bibliothèques publics à gestion communautaire]. Fòk nou gen paran ki eveye, ki pou pa pè lekòl ankò ; jodi a li nòmal pou paran [au cœur de la gouvernance], li sanse gen yon ansanm komisyon ki [autour] de li menm, si li pa nan laboratwa men li nan jesyon anviwònman laboratwa, bibliyotèk la, kantin eskolè a. Lekòl la ap pi vivan epi l ap vini pi byen òganize. Lekòl la ap retounen [au village] paske fòk lekòl la fin òganize pou li ale òganize vilaj la. Epi gen kesyon pyebwa, espas vèt, lekòl la ta dwe transfòme tou... Lè gen yon lekòl, kominote a dwe patisipe pou chanjman lekòl la, pou evolisyon lekòl la.

Patisipan#3 : Anviwònman fizik yon lekòl, favorize aprantisaj, [il n'y a pas de doute]. Men li pa yon faktè ki detèminan avèk 100%. Sa ta vle di gen lekòl ki mal [fagoter] men si li gen yon bon anseyan ki akonpaye timoun yo, ap kapab gen reyisit. Epi ou kapab jere anviwònman tou. Gen lekòl ki gen bèl batiman men ki pa bay rezilta, egzanp EFACAP. M panse anviwònman eskolè a enpòtan men li pa detèminan avèk 100% nan reyisit la. [Environnement d'apprentissage] la plis detèminan, M wè l sou 2 dimansyon : [dimension administrative de la classe et dimension pédagogique de la classe]. [Supposons] ke yon anseyan pa prepare kou li, e li pa vin [à l'heure], epi li pa yon [vritable médiateur naturel entre savoir et apprenants]. Sa ap jwe anpil sou reyisit timoun nan. Si mwen t ap fè yon klasman, m t ap mete anvan [environnement d'apprentissage] la.

Animatè : Pa gen yon [plus] nan anviwònman aprantisaj la ?

Patisipan#3 : [formation des enseignants], motivasyon bò kote elèv la, [leadership] direktè a.

Patisipan#3 : Anviwònman aprantisaj la enplike elèv anndan li. M ka pran elèv yo, lè yo pa nan lekòl la tou. Men lè sa, li pral lye avek fanmi. Si mwen ale pi lwen fòk ta gen motivasyon bò kote elèv yo. Gen lòt eleman deyò [des facteurs exogènes] ki jwe sou anviwonman aprantisaj la : egzanp, yon timoun ki pa manje, lè li ap vini lekòl la. Men fòk nou fè diferans ant anviwònman avèk lòt faktè ki ka enfliyanse anviwònman. Pafwa nan fason paran yo ap viv la, ka enfliyanse anviwònman aprantisaj la. Nou ka ajoute faktè sosyoekonomik yo tou. Bon ! Pou mwen, m pa renmen [environment familial] an paske lè nou ap pale de fanmi nan peyi Dayiti, fòk nou pridan anpil paske fanmi yo prèske eklate.

Patisipan#1: Jan kesyon an poze a, li gen 4 gwo endikatè, epi yo sistemik. [Sur le plan infrastructure, la structure définit la culture]. Lorsqu'on va parler d'infrastructure scolaire, cette infrastructure va exiger un certain modèle d'apprentissage]. Edikasyon 21^e syèk la diferan [et les matières changent, les relations des élèves avec les enseignants changent aussi]. Tout done yo chanje. Nan aspè pedagogik la, m poze yon pwoblematik de modèl aprantisaj. Nan majorite ka kote sal klas yo anpil, gen aktivite ou pa ka fè. Kote gen anpil ban nan sal yo, mobilite a redwi sa pèmèt gen kèk echanj ki pa ka fèt avek pwofesè a. Nan ka sa ou pral gen 2 modèl ansèyman vizyèl ak oditif. N ap gade ! n ap tande ! Pwosesis aprantisaj la ta dwe estriktire, elabore epi dokimante. San li pa anpeche li genyen dinamik ke li bezwen an, [sauf] ke gen youn [standard] Kidonk [standartisation des mécanismes de mise en place] yo pa janm fèt. Se de bagay [ad hoc] ki fèt yon lè konsa. Kounya, an nou avanse sou pwoblematik fanmi, gen timoun, lè yo soti lekòl, aprantisaj la kontinye nan yon fason ou nan yon lòt men gen lòt ki pa jwenn sa. Ankò, [il y a des coûts] tout moun pa gen menm mwayen. Aprè sa, se elèv, yon elèv ka deside sa li vle ye depi li piti egzanp, [les surdoués parce que leur préoccupation est simple et ils sont préoccupés par une seule chose].

Kesyon#6

Daprè nou, sou ki prensipal pwoblèm, pou nou chache edike timoun yo nan peyi Dayiti ?

Patisipan#5 : Pauvreté

Patisipan#6 : Menm jan lekòl la, kominote a antre pou li chanje l, lekòl la ta sipoze ede kominote a chanje, nan sa ki wè avèk [pauvreté, environment]

ANNEXE 7.3 : Retranscription de l'entretien des grands réseaux

Animateur: Comment est organisé le réseau dans lequel vous travaillez?

Répondant 1-IL y a Pasteur Etzer qui est là pour le **BEMEG** (le **BEMEG** chapote l'école normale), madame Dumont qui est surtout là pour l'école normale de frère et pour dire aussi monsieur Alix qui est du **COSPE**, qui est en même temps de l'**ONAPE**, et qui est aussi du **CEEC**, qui est proche de la **FONHEP** aussi.

Animateur: En fait à travers cette première question, ce que l'on veut comprendre un petit peu c'est comment les réseaux, chacun et peut-être l'ensemble se positionne pour encadrer les enseignants, les écoles ...etc. ? Et évidemment on va voir plus loin au fur et à mesure qu'on va avancer dans les questions comment ces réseaux interviennent pour aider les écoles à améliorer ou bien à résoudre certaines difficultés qu'ont les écoles?

Répondant 1: Au niveau de l'église méthodiste, nous avons un district parce que ... il n'y a pas que les écoles. Il y a aussi les églises chaque district est organisé en circuit. Nous avons le circuit de Cap-Haïtien, le circuit de Port-au-Prince, le circuit de Pétion-ville, dans chaque circuit il y a un certain nombre d'école. Nous avons le "deceptorat "régional dans le sud il ya un « deceptorat », dans le Nord, dans l'Artibonite etc. Nous avons une école normale où nos enseignants sont supposés être formés ; mais dans certaines circonstances nous embauchons aussi des gens sans la formation initiale. Nous organisons régulièrement des séminaires de formation pour nos enseignants, mais cette année on en a pris un paquet, parce qu'il y a cette question des douze mesures adoptées par le ministère. Cette question qu'après deux ans les gens allaient être évalués pour qu'ils aient le permis d'enseigner.

Donc...nous organisons des séminaires en région, par exemple dans la Grand'anse où nous avons plus de 40 écoles nous avons organisé 4 semaines de formations intensives. Cette formation a été suivie par plus de deux cents enseignants. Nous avons travaillé en étroite collaboration avec le ministère dans le programme de FIA, nous avons plusieurs corps technique d'enseignant, nous avons un bureau centrale, où il y a un inspecteur, un coordonnateur pédagogique et une commission technique d'éducation qui adresse les grands enjeux du réseau, c'est comme ça que nous sommes organisés.

Animateur : Est-ce que vous avez un document qui décrit ceci?

Repondant 1- il peut être un peu vieux (rire), mais... nous sommes supposés en avoir un et peut-être dans le cadre de certain projet que nous avons soumis à des partenaires nous avons déjà élaboré là-dessus en termes de document. Nous avons un système des CREP dans la Grand 'anse mais nous avons un document qui a été préparé par une équipe de chercheur, parce que dans la Grand 'anse nous avons eu une trentaine d'école qui fonctionne différemment avec une forte participation des communautés qui sont rattachées à des écoles mères, mais ces écoles dont je vous parle, on les appelle des CREP (centre de recherche et d'éducation populaire). L'idée est que les enfants devraient marcher des kilomètres pour arriver à leurs écoles et il n'y avait pas assez de ressources formés

dans ces régions, on a ouvert ces CREP dans les régions pour permettre que les enfants à bas âge reçoivent les premiers éléments jusqu'à ce qu'ils soient capables de marcher pour aller dans une école maternelle. Parce que certaines fois les enfants marchent quatre à cinq kilomètres pour aller à l'école. Mais maintenant à mesure que nous avons des ressources dans les régions, la plupart de ces écoles arrivent jusqu'au cep. L'idée est d'aller plus loin pour pouvoir arriver jusqu'au troisième cycle.

Animateur : Bon, nous disons les CREP, j'ai visité les CREP pendant une semaine. J'étais pendant une semaine allé visiter les écoles de ce système là avec maître Rouben et effectivement il y a eu beaucoup d'école à ce moment-là, mais est-ce que vous avez pu mettre d'autres systèmes de CREP comme ça dans d'autres départements ?

Répondant 1- non, non, c'est une expérience que nous avons faite dans la Grand 'anse et qui est restée dans la Grand 'anse. Normalement nous avons tenté d'importer l'expérience de la Grand 'anse dans d'autres régions mais ce n'est pas toujours selon le modèle du système des crep ; parce que en fait, à dire vrai c'est un sacerdoce au niveau des CREP, les conditions dans lesquels les enseignants acceptent de travailler c'est quand même un sacerdoce. Dans certaines régions où les pratiques étaient différentes, on n'a pas tendance à reproduire les crep, parce qu'en fait les enseignants des CREP comme je viens de le dire exercent un sacerdoce. Ils sont supportés par les communautés qui n'ont pas beaucoup de moyens. Présentement nous avons une vingtaine de CREP à reconstruire et on est en train de monter des micro-projets d'investissements pour ces écoles parce que présentement ils sont financés par l'entraide des Protestants Suisses et qui va bientôt se désengager ; il nous donne à monter des micro-projets, des générateurs de revenus pour que, au moins quand l'aide s'en va, il y ait une prise en charge. Nous n'avons pas encore évalué ces micro-projets pour voir dans quelle mesure ça va tenir, mais c'est l'objectif.

Animateur : Dites-moi, le réseau de l'église méthodiste c'est combien d'enfants, combien d'écoles ?

Répondant 1- Nous avons cent cinq écoles primaires d'anciens modèles à travers le pays, avec une longue emphase sur le troisième cycle. Quinze écoles secondaires, cela inclus de façon générale le troisième cycle qu'on va bientôt disséquer du secondaire à proprement parler. Nous avons quatre écoles « vocationnelles » dont l'école normale, nous avons deux écoles de coutures et nous avons une école professionnelle.

Animateur : Les CREP sont inclus dans les 105 écoles ?

Répondant 1- oui

Répondant 2- En fait la commission épiscopale comme je vous l'avais dit (voix inaudible) élabore un projet à la CEEC (commissions épiscopales pour l'éducation catholique). C'est une émanation de la conférence des évêques. En fait, elle a pris naissance en... 87. Elle est reconnue par le ministère comme étant un opérateur de formation. C'est un réseau d'environ deux mille trois cents quinze écoles selon la dernière enquête, qui, ça fait déjà trois ans.

Animateur: Ecoles primaire, secondaire, fondamentale ?

Répondant 1: Exactement école préscolaire, école fondamentale, école secondaire. En fait les écoles catholiques c'est à peu près trois catégories : les écoles congréganistes, les écoles presbytérales et les écoles autonomes catholiques. Ce sont des écoles dirigées par des laïcs mais qui fonctionnent selon la philosophie, la doctrine catholique. Au niveau de l'ADAEPP on parle des écoles indépendantes, mais nous autres dans le secteur catholique on parle des écoles autonomes catholiques et là au niveau de la terminologie il y a pas mal de discussion avec l'

'ADAEEP par rapport aux enquêtes réalisées par eux-mêmes. En fait cette catégorie d'école, on la classe parmi les écoles non publics. Cependant c'est des écoles catholiques quand on dit autonomes, les écoles congréganistes sont dirigées par des religieuses, les écoles presbytérales sont à la charge des curés de la paroisse, les écoles autonomes sont dirigées par des laïcs ou on enseigne la catéchèse, les élèves automatiquement doivent aller à l'église, ils font leur première communion et ça doit être reconnu par le curé de la paroisse ; c'est-à-dire c'est à lui de dire si telle ou telle école respecte les critères pour en faire d'elle une école autonome catholique.

Animateur : Par les cures? ET quelle est le rôle de la CEEC la dedans?

Repondant 1 : La CEEC travaille avec toutes ces écoles en tant que organe régulateur, parce qu'il y a un bureau centrale à Port-au-Prince. Comme directeur on avait monsieur DELILE et à la tête on avait monseigneur SAINTIBIEN. Maintenant c'est monseigneur Pierre André Dumas à la tête de cette commission épiscopale et puis on a comme directeur générale le révérend père Jean Julien Ladouceur. Donc on a le bureau centrale à Port-au-Prince avec les différentes unités, le bureau se trouve présentement à puits Blain delmas 75, on a un atelier, une imprimerie et ça fait déjà deux ans depuis qu'on travaille à puits Blain 14 rue Lespinasse en face de l'hôpital l'espoir. Donc comme ça on a le bureau avec les différentes unités techniques, mais au niveau départemental suivant le jargon catholique, au niveau diocésain par ce que pour nous autre c'est diocèse ; quand on dit diocèse on fait allusion aux différentes départements, donc il y a dix départements, il y a dix diocèse au niveau de ces diocèse on a un bureau diocésain d'éducation le DBE, qui représente le bras opérationnelle du bureau centrale de la CEEC. Au niveau de ce bureau-là, il y a un directeur qui peut être un religieux ou laïc, on a un coordonnateur, mais il y a surtout les superviseurs formateurs, ils sont appelés à non seulement superviser les écoles mais ils sont appelés à les encadrer et éventuellement prodiguer des conseils et faire en sorte qu'il y ait la relation d'aide. Ils sont déterminants pour le bureau diocésain mais également pour la commission épiscopale d'éducation catholique par ce que c'est eux-mêmes qui sont appelés justement à encadrer les écoles. Comment en fait, on procède, il y a la formation des directeurs des BDE qui est réalisés, mais également la formation des coordonnateurs et surtout des conseillers, des superviseurs formateurs. On forme les superviseurs et là ces superviseurs formés sont appelés à former les directeurs et les enseignants. La session de formation, elle peut être à cycle court, elle peut être à cycle long.

À cycle court certains directeurs ou directrices constatant des lacunes fait appel au bureau central ou au BDE par rapport à des thématiques spécifiques, ça peut être des formations professionnelles ça peut être des formations disciplinaires, à ce moment là soit le bureau central, soit le BDE va prendre des dispositions qui est d'appeler des superviseurs pouvant justement animer ces formations.

Elle peut être à cycle long également, comme le veut justement, le programme cadre, un programme de formation doit tenir compte de toutes un ensemble de critère. Il faut nécessairement passer par le test diagnostic suivant les prescriptions du ministère, il faut qu'il y ait des modules et que ces modules élaborés, soit validé par le ministère notamment par la direction de la formation et de (voix inaudibles). Il faut penser à l'évaluation de la formation et faire en sorte que le programme de formation respecte deux volets: un volet disciplinaire, un volet professionnel.

On a un programme ça fait déjà quatre ans, on réglemente les programmes suivants les exigences du programme cadre. C'est-à-dire en 410 heures de modules disciplinaires après test diagnostiques (les disciplines de base: communication française, communication créole, sciences sociale, sciences expérimentale, mathématiques) ; 90 heures communication française, 90 heures communication créole, 90 heures mathématiques, sciences sociales, expérimentales 70 chacun et 50h à 60h de module professionnelle.

Depuis tantôt quatre ans on a formé environ deux mille enseignants et près de cent cinquante à deux cents directeurs.

Les modules sont déposés au ministère, on attend le feedback du ministère notamment du BFP pour des suggestions et validations. Mais de notre côté on tient à respecter ce que le ministère voulait voir au sein du programme. Pour nous c'est important d'avoir un plan de formation qui tient compte de ce qu'exige le ministère parce qu'il y a tellement de duplication et là il y a toujours des séances de formations assez courts comme ça. Et les mêmes directeurs et enseignants suivent les mêmes formations, alors là on fait en sorte qu'on ait un programme de formation assez long, ce qui reste c'est la validation, la certification et ça doit se faire également par le ministère.

Dans ces programmes de formations, il y a non seulement des directeurs et des enseignants qui sont formés par des superviseurs, superviseurs qui sont eux-mêmes formés par des formateurs des formateurs, des cadres de la CEEC, des cadres du ministère, des cadres d'autres institutions qui forment les superviseurs ; ces superviseurs à leurs tours forment les directeurs et enseignants et c'est eux-mêmes qui vont assurer le travail d'encadrement. Parce qu'en fait depuis un certain temps, on utilise les tablettes et il y a pas mal de données qui sont synchronisées. D'où maintenant la nécessité d'exploiter toutes ces données là et qu'on pourrait partager avec d'autres institutions dans le plan d'éducation.

Ce programme vise à prendre l'enseignant du niveau 0 comme le stipule le programme cadre pour l'amener vers le niveau 1 ; c'est-à-dire l'habilité à œuvrer, le programme de formation qu'on est en train d'implanter est en partenariat avec l'université notre dame d'Indiana et CRS il se fait au niveau des dix départements, le sud, le nord-est, l'ouest, la grande anse, les nippes, le sud-est

Animateur : Est-ce qu'il y a un document et est-ce que vous pouvez le partager avec nous?

Repondant 1-Oui, premièrement on pourrait partager la dernière enquête qu'on a réalisée. Elle a été réalisée après le douze janvier et les données sont disponibles. Elle a été réalisée à l'aide des iPod et des GPS comme ça ces données sont synchronisées, on en a profité pour faire le mapping des écoles catholiques et on peut avoir accès à cette carte à travers « Google help », c'est disponible. On a également ce que je pourrais appeler le document de chevet, c'est le projet éducatif catholique (PEC).

Le projet qu'on implémente, il y a de cela quatre ans, est un projet bicéphale il a le volet de formation continue des enseignants et le volet mise en œuvre du PEC, qui accorde une importance particulière à la gestion de proximité, c'est-à-dire, faire en sorte qu'on ait des structures participatives au sein de chaque école catholiques comme : le comité des élèves ou le gouvernement scolaire qui permet de voir à quel niveau et comment les élèves participe de façon active à la vie et à la gestion de l'école ; il y a également le comité des parents, le conseil d'école.

Il existe des efforts pour que le gouvernement scolaire soit reconnu comme une structure participative officielle reconnue par le MENFP. Il y a aussi le comité paroissial d'éducation qui est spécifique à l'église catholique qui est l'ensemble des directeurs des écoles catholiques. Dans le projet qu'on implémente, il y a non seulement la formation continue des enseignants et des maîtres, il y a la mise en œuvre du PEC, toutes ces structures participatives, on est en train de les implanter dans des écoles et on doit s'efforcer pour qu'elles soient fonctionnelles au-delà de la durée du projet, et là on a le document de PEC, les livrets qu'on a sur le gouvernement scolaire, sur la CEEC etc.

Répondant 2-Le COSPE est un regroupement d'association d'éducation, c'est le consortium des organisations du secteur privé de l'éducation. Il ne réunit pas seulement des organisations qui travaillent avec des écoles mais aussi des institutions d'éducation par exemple la FONHEP. Cette dernière n'est pas une organisation qui regroupe des écoles comme la CEEC, on a 14 institutions comme la FONHEP au sein du COSPE. Le COSPE n'est pas un organisme opérateur mais plutôt un organisme qui essaie de mettre ensemble toutes organisations qui travaille

dans le domaine de l'éducation pour qu'il y ait plus de qualité, d'équité mais surtout pour plus de participation du secteur privé dans les grandes décisions d'éducation qui doivent être prises. Le secteur privé opère selon le ministère jusqu'à 80% dans le secteur de l'éducation. Mais on constate une peur du secteur privé au sein du ministère, on est mal vu alors qu'on ne peut pas parler d'éducation sans tenir compte de manière effective du secteur privé. Nous avons travaillé avec le secteur public au niveau du ministère, on essaie de voir avec le ministre comment peut-on avoir une plus grande entrée pour poser les vrais problèmes au niveau de ce secteur.

Au niveau du COSPE on retrouve des organisations comme la FONHEP, le CEEC, la FEF, qui sont membres à part entière, on retrouve également le BAEC (bureau anglican pour l'éducation catholique), et puis on trouve des associations d'éducation comme l'ADEPH (association des écoles privées en Haïti). L'association des écoles privées de Delmas et de Port-au-Prince et GRASS, on trouve l'OMEP, la CES. Le COSPE aide des organisations à mieux s'organiser si je peux me permettre de le dire ainsi. Le COSPE vient de mettre sur pied son plan stratégique qui est d'identifier les bonnes pratiques dans les écoles et organisation, afin de les vulgariser dans le système.

GRASS est une organisation qui travaille avec plus de 60 écoles de manière active, nous avons deux rencontres par mois au cours desquels on discute des problèmes auxquels on fait face. Nous essayons de nous conseiller entre nous, nous entraider, et nous évaluons nos élèves ensemble depuis dix ans, ce que nous appelons les examens blancs au niveau des classes de 6^{em}, 9^{em}, rhétorique, et nous essayons à travers ces résultats de voir à quel niveau intervenir pour améliorer la qualité d'éducation de ces écoles. Nous essayons d'avoir deux séances de formation pour nos directeurs d'école.

Au niveau du COSPE nous avons un comité central composé de neuf membres, élus pour trois ans ils ont une rencontre deux fois par mois, nous avons une sorte de forum les verdicts du COSPE où nous réunissons les spécialistes de l'éducation afin de poser les problèmes auxquels font face le système ou bien pour proposer des solutions à des problèmes identifiés. Au niveau de GRASS nous avons un conseil d'administration de 11 membres. Ce conseil travaille avec les directeurs d'écoles sur les différents problèmes et les différentes solutions à apporter à ces problèmes.

Depuis 2011 nous travaillons au collège de Côte-Plage avec des écoles nationales en milieu rural. Nous avons un réseau constitué de dix écoles nationales : 3 dans le sud-est, 3 dans le département des Nippes, une dans l'ouest à Gros-Chêne, une à Port-de-Paix, une à St-Marc. Nous essayons d'électrifier ces écoles. Ce sont nos élèves qui montent les panneaux solaires et font l'installation dans ces écoles. On électrifie ces écoles en vue de les numériser à l'aide de projets présentés à des organisations. Ensuite permettre aux cours d'être dispensés dans des conditions agréables. Nous apportons des caméras numériques, des ordinateurs, et nous faisons des formations pour permettre aux élèves et professeurs de les utiliser à bon escient et profiter des ressources disponibles sur le net. Toutes ces écoles sont mises en réseaux. Ça facilite la participation des enfants,

Le « reptis », ça nous amène dans la formation de la citoyenneté cela permet aux enfants qui se déplacent de voir comment fonctionne les autres écoles, de voir la réalité du pays. Pour la formation continue, nous ne contraignons pas les professeurs à toujours venir à Port-au-Prince. On organise aussi des séances de formations au Baradère, Bainet, dans les montagnes de Jacmel.

C'est en gros ce que nous faisons avec la COSPE pour le plaidoyer, le GRASS pour la formation et la mise en commun des expériences, le REPTIS qui est le réseau qui essaie de électrifier les écoles, c'est un programme du collège de Côte-Plage.

Répondant 2- la CEEC est une institution trinitaire de projet ,lorsqu'elle a le financement ,elle donne son appui aux écoles les plus vulnérables de mettre la cantine, parfois c'est un appui qui renforce la capacité d'accueil de l'école, les immobiliers ,bancs,tableaux,micros,les matériels didactiques ,les matériels pédagogiques,des planches didactiques et pédagogiques et organiser des séances de formation pour les enseignants afin qu'ils puissent utiliser ces matériels didactiques à bon escient. Nous leur donnons des téléviseurs multi fonctions qui peuvent aussi servir d'écran, ainsi il n'existe plus de disparité en l'école de ville et de la campagne, On s'assure que les écoles ont des programmes Détaillés, qu'ils aient le guide pratique d'administration scolaire à leurs dispositions, lors des examens que chaque école ait les mêmes examens, dans certains départements

Animateur : Quelle est la moyenne de passage dans votre réseau?

Répondant 2- Ce n'est pas standardise, il varie suivant l'école certains acceptent 50, d'autres 60 en générale ça tourne autour de 60. Pour les écoles du rectis ça peut marcher sauf une école de Baint qui présente des réussites à moins de 40%, ceci est dû à la mauvaise gestion que fait le ministère de cette école.

Animateur : Quelle est le taux de réussite aux examens d'Etat par rapport à la hausse de la moyenne de certaine école est ce que ça améliore le taux de réussite aux examens d'Etat?

Répondant 1-cette année, nous venons d'avoir 100% pour la 9e année. Au CMF on a eu 2 échecs sur 117 participants.

Répondant 2- Dans Monécole à carrefour la moyenne de promotion est 60, sur la moyenne de l'année. On essaie de ne pas être sélective, pour ce faire on s'arrange pour que tout le monde ait sa chance, parce qu'on peut avoir une moyenne de réussite qui nous permet d'être trop sélectifs et ça c'est un danger. Sur une classe d'âge on essaie d'ancrer le plus d'enfant dès leur entrée à l'école à la promotion finale avec 4 évaluations par années.

Répondant 3 - ce qu'on peut remarquer dans les examens d'Etats c'est que 90% des lauréats viennent des écoles catholiques. Mais, il ne faut pas se fier parce que dans le secteur catholique on a un enseignement à deux vitesses. Dans les écoles presbytérales les exigences ne sont pas les mêmes, dans les écoles congréganistes et autonomes les moyennes de passage se respecte, dans les écoles presbytérales la moyenne est de 50%. Cependant dans les examens d'Etats, certaines écoles presbytérales ont plus de moyenne par rapport aux écoles nationales.

Animateur : si pour les écoles ou les moyennes sont de 60% on affole vers les 100% comment sont les résultats pour les écoles ou les moyennes sont de 50% aux examens officielles?

REONDANT 1-ce n'est pas mauvais, ce n'est pas du tout mauvais. Parfois quand on arrive dans les écoles presbytérales, les résultats sont satisfaisants. En fait il y a aussi la discipline, dans les écoles catholiques la discipline est fondamentale. Il y a aussi le niveau des enseignants, généralement dans les écoles presbytérales le niveau des enseignants est 0, c'est-à-dire qu'ils n'ont pas reçu de formation initiale. Et puis 85 % de ces enseignants on les retrouve dans les écoles presbytérales. En plus, le salaire des gens est un salaire de misère et malgré tous, les résultats sont satisfaisants. Et depuis trois ans ,avec l'effort qu'on fait pour qu'il y ait de façon systématique des structures participatives, gouvernements scolaire, comité des parents, conseils d'écoles, eh bien il y a eu des progressions.

Répondant 2- il y a un autre facteur qui est déterminant, c'est le nombre d'heure passé en salle de classe, le nombre d'heure consacré au cours.

1- vous venez d'évoquer un facteur, est-ce que vous pouvez évoquer d'autres facteurs déterminants le rendement scolaire?

Répondant1- Les facteurs endogènes, un des facteurs c'est la formation des professeurs. Les conditions de travail, la quantité d'élève dans les classes, les conditions d'apprentissages.

Répondant 2–Pour moi, un des facteurs déterminant du rendement scolaire est la violence, la bastonnade, les châtiments corporels, les châtiments moraux, les mauvaises pratiques. Dans les milieux défavorisés, les enfants vivants dans les ghettos, les écoles réussissent moins que ceux vivant dans des milieux favorisés.

Répondant3- Dans la formation scolaire il faut tenir compte des matériels didactiques qu'utilisent les professeurs, le rôle joué par les structures participatives à l'école, la cantine scolaire à l'école.

Les difficultés des enseignants à catégoriser les enfants posent problème. L'évaluation n'est pas équitable l'apprentissage se fait généralement en créole et l'évaluation en français. La motivation des enseignants, le salaire des enseignants. Dans la formation des maîtres la qualité de leur formation est importante, le maître doit être formé pour pouvoir accompagner les enfants. La non-participation de l'enfant dans sa formation. Les milieux où vivent les enfants.

2- Kipousantay elèv Nan rezo a ki konn pase nan egzamen Leta, ki sa ki esplik se pousantay sa a nou genyen?

Repondant1-« Pousantay la ase elve, plizye bagay esplik sa » premièrement c'est au niveau de l'école même, l'élève est évalué de façon systématique, les thèmes qu'ils rencontrent aux examens sont forts souvent déjà traités en classe. Les conditions dans lesquels sont réalisés les examens sont plus rigides qu'aux examens d'Etat, les textes d'examens de l'école sont plus difficiles que ceux donnés aux examens d'officielles. Le temps alloué à l'apprentissage même en période de difficultés est beaucoup plus ou moins raisonnable.

Animateur : Est-ce que ce que tu viens d'expliquer convient les 3 catégories d'écoles au niveau de la CEC?

Repondant1-Pas toute, par exemple les écoles presbytérales sont beaucoup plus flexibles que les autres

Quand nous disons réussite qu'est-ce que nous voulons dire? Nous mesurons la valeur d'une école par rapport à ses réussites aux examens d'Etat, mais je suis toujours méticuleux par rapport à ce que nous appelons réussite au niveau de ces écoles. Beaucoup d'écoles sont des déversoirs, faits de ce nous appelons les grandes écoles rejettent parce qu'ils ne peuvent pas donner de résultat de par eux-mêmes. Lorsque la sélection est raide, est trop serré de la première année à la fin du cursus, par exemple une école qui commence avec 7 classes de première année et finit avec deux classes de philo et que tous ces élèves réussissent aux examens du baccalauréat, peut-on parler de réussite? Le système de ces écoles fait échec aux systèmes, quelles méthodes employé pour faire travailler les enfants? Un autre aspect quelles apprentissage donnée aux enfants, certaines écoles font répéter machinalement des leçons, des exercices donnés aux examens d'Etat, ces enfants peuvent bien réussir mais quelles compétences l'enfant à développer? Quelles capacités de par son apprentissage va-t-il développer, de se servir de ce qu'il a appris à l'école pour agir sur son environnement?

Répondant2- au niveau de l'église méthodiste nous savons donner de très bons résultats, et même des lauréats aux examens d'Etat, les écoles qui ne sont pas fréquentées par des enfants du milieu rural, mais par ceux qui ont la possibilité de payer, ont les moyens de payer de très bons professeurs, ils ont tous leurs ouvrages, l'école fonctionne

de 7h30-2h, les conditions d'apprentissage est plus agréable, ils ont les matériels didactiques et pédagogiques adéquats qui sont dans certaines écoles du réseau, en gros les facteurs qui peuvent permettre de réussir sont des enseignants formés, des évaluations systématiques, le temps passé à l'école, les conditions d'apprentissage, coordination entre les membres de direction,

Repondant 3- La gestion administrative de l'école est un facteur déterminant dans le rendement scolaire, certaines écoles ne disposent pas de toutes les matériels pédagogiques et didactiques, et aussi la stabilité du corps professoral est un déterminant

Animateur : comment dans votre réseaux l'environnement familial influence soit positivement soit négativement le rendement scolaire de vos enfants ?

Repondant 1- dépendamment de l'ambiance elle peut influencer soit positivement soit négativement, un enfant qui vit dans une ambiance sereine, le niveau d'étude des parents même s'il n'est pas suffisants pour aider l'enfant peut lui être bénéfique, les suivis après les cours, les parents qui encourage leurs enfants à étudier, donc la participation parental est très déterminant.

Intervenant 2- Les enfants qui sont victimes de violence à la maison, peuvent décrocher, car ils se sentent déresponsabiliser. Les familles monoparentales, ou il n'y a qu'un seul parent présent peut influencer négativement au rendement scolaire. La distance entre la maison et l'école est un facteur déterminant du rendement scolaire.

ANNEXE 7.4 : Retranscription des entrevues avec les experts par département

Kesyon #1

Nan ki klas nou te anseye e nan ki nivo ?

Patisipan #1- Mwen te anseye nan klas fondamantal ak twazyèm sik nan departman Nip. Pa moman, mwen te konn pote apwi mwen nan lòt nivo (premye ak dezyèm sik) men sepa de fason fòmèl. Mwen travay nan klas 7èm pou rive nan klas filo jiskaske mwen vin angajem nan ministè a. Mwen te konn anseye fizik. Mwen travay nan lekòl soti nan ane 1992 pou rive nan ane 2000. Depi ane 2000, mwen pa anseye ankò. Mwen te nan « BUNEX, DDO, *Direction départementale des Nippes, Arcahais, direction de l'enseignement fondamentale* ». Kounya, mwen nan « *Direction général des portes en appuis* », nan ministè edikasyon nasyonal la, pòtoprens. **[Depatman Lwès]**

Patisipan #1 [J'ai l'habitude d'enseigner] men se plis nan fòmasyon pwofesyonèl [et à l'université]. Pwofesyonèl teknik ak infòmatrik. [Oui ! Mais, je dirais aussi que j'ai eu des expériences dans la formation d'enseignant, principalement dans la formulation, dans la rédaction des modules de formation et des transferts de compétence. Formateur de formateurs qui font la formation des encadreurs et des enseignants. **[Depatman Lwès]**

Patisipan #1- Mwen koumanse anseye nan nivo fondamantal nan ane 1982 kòm enstititè, premye ak dezyèm sik. Aktyelman, mwen anseye pedagoji jeneral nan lekòl nòmral Jakmel, mwen anseye tou « *évaluation des apprentissages* ». **[Depatman Sidès]**.

Patisipan#1 : M koumanse anseye nan lane 1997, se te nan nivo segondè [de la 7^e à la philo], m te anseye matematik, mwen anseye nan nivo pwofesyonèl tou, matyè a se [gestion des stocks]. Mwen fè eksperyans nan dirije yon lekòl fondamantal, « euh... », mwen fè 9 lane kòm direktè pedagogik yon kolèj (Collège Saint-André). Mwen travay kòm enspektè nan segondè nan departman Ench. Epi kounya mwen se dwayen [faculté Sciences de l'Education/Université publique du Centre]. « Euh... » kounya mwen plis anseye nan inivèsite [Administration scolaire, Gestion et Elaboration de projets en Education, Organisation du travail intellectuel]. **[Depatman Sant]**.

Patisipan #2- Mwen te konn anseye fizik nan nivo klasik ak matematik men, mwen gen 16 ane depim pa anseye fizik ankò. **[Depatman Lwès]**.

Patisipan #2: Mwen anseye nan tout nivo espesyalman nan segondè, m te anseye lang, sa gen 30 lane [disons trente-deux ans]. Mwen anseye nan nivo pwofesyonèl, mwen anseye kontabilite ameriken nan lane 1985-1986. Mwen anseye nan nivo inivèsite epi mwen dirije lekòl, m te koumanse kòm sansè nan yon lekòl. Mwen fè yon lane kòm sansè nan lekòl segondè ak 20 lane kòm direktè. **[Depatman Lwès]**.

Patisipan #2- Mwen antre nan ansèyman depi 1998 ak anseyman matematik. Tout lè sa yo, mwen te nan inivèsite. Mwen fin diplòm, mwen antre nan lise, mwen travay kòm planifikatè departmantal pou ministè edikasyon, mwen

toujou ap anseye matematik. A pati de 2010, mwen anseye estatistik nan UNDH, « *annex de l'université notre dame d'haiti* » epuis nan UPSERGE epi inivèsite limyè. **Depatman Sidès**].

Patisipan#2 : Mwen komanse fè lekòl nan lane 1988, mwen te kòmanse nan [prescolaire], aprè sa nan tout klas primè yo rive nan 6^e AF. Aprè 2 lane fòmasyon nan yon kongregasyon, mwen te vin responsab yon lekòl [3^e cycle nan [chaine des Cahos] nan departman Latibonit, kote mwen pase 6 lane. Nan lane 2004, kongregasyon an jije bon, li te chanje m misyon, m te ale nan [Vallières] nan departman Nodès, nan lane 2005, mwen te nan Sid (maznoeuvre). Aprè mwen te ale nan Nò, mwen fonde yon lekòl primè episkolè. Nan lane 2014, kongregasyon an voye m nan Ench nan lekòl nòmal, kote m ap travay avèk jèn etidyan, [en collaboration] avèk [staff] pwofesè epi Mè yo. Mwen gen 2 lane la, m ap fè yon nouvell eksperyans. **[Depatman Sant]**.

Patisipan #3- Koum fin etidye nan lekòl nòmal siperyè, mwen te koumanse anseye nan dènye klas segondè yo. Nan lise, mwen te konn anseye biyoloji ak chimie. Nan menm moman, mwen te konn anseye nan kèk klas ki pi ba nan fondamantal, 7^{èm}, 8^{èm} ak 9^{èm}. Mwen te konn anseye tou nan klas segond nan lekòl Senfranswa Dasiz ak Mè Maryan'. Mwen kite diferan lekòl sa yo jis nan ane 1995. Se nan menm dat sa tou mwen antre nan ministè a. Mwen te eseye kontinye anseye nan segondè men sa te yon ti jan difisil pou mwen. Depi 2011, 2012, jis jodi a, mwen anseye pito nan nivo inivèsite. **[Depatman Lwès]**.

Patisipan#3: M ta ka di se yon bèl istwa, m pa t bon nan bakaloreya paske yo te di m ke (Jezi ap vini. Ri...) epi m te vin anseyan nan sant Siloye nan Okap. « Bon! » Aprè sa, mwen te ale lekòl nòmal siperyè, mwen te vin pwofesè literati ak syans sosyal, mwen te anseye nan 6 ak 8 kolèj epi nan Lise tou. Aprè, mwen te vini direktè premye Lise nan Okap ki rele Boukman ke mwen sinome [l'homme du livre]. M te patisipe nan konkou pou vin enspektè, m fè yon bon tan kòm enspektè, aprè sa mwen vin direktè departmantal nan Nò pandan 3 lane. Mwen fè senk direksyon teknik deja. Kidonk mwen gen 28 lane karyè avèk yon etid ki bloke. « Ri... ». **[Depatman Lwès]**.

Patisipan #3- Mwen koumanse anseye nan ane 1986 pandan setan mwen te antre lekòl nòmal pou etidye syans sosyal, istwa geo. Avan mwen antre lekòl nòmal, mwen te nan fakilte etnoloji, mwen te fèmen dosye nan dezyèm ane sikoloji poum te ka ale lekòl nòmal siperyè. Nan moman mwen fini lekòl nòmal, sete an 1990, mwen te antre nan lengwistik. Nan epòk sa sete sou Vènè. Apre premye kou deta, mwen te fèmen dosye lengwistik poum te tounen Jakmèl. Retounen mwen retounen Jakmèl, mwen te anseye nan lise Penchina. Dayè, avan mwen te anseye pòtoprens nan lise Petyonvil, kolèj Jean Narcise etc. Lè mwen retounen isit, mwen anseye nan lise Penchina de Jacmel, kolèj Suisse, Kolèj UNEF. Pandan setan mwen etidye Dwa. Se selman an Me mwen okipe pòs direktè adjwen. **[Depatman Sidès]**.

Patisipan#3 : Mwen kòmanse fè lekòl nan lane 1986, mwen travay nan [prescolaire] epi nan fondamental. Mwen fè 10 lane kòm enspektris, 8 lane kòm konseye pedagogik nan EFACAP Ench la. Mwen pase 10 lane ap anseye [matériels didactiques, didactique Sciences sociales, didactique Sciences Experimentales] nan lekòl nòmal. Mwen anseye kreyòl nan 9^eAF, jewografi nan 7^eAF, kreyòl nan [Sciences Infirmieres, Agronomie] nan 4^e ane. Kounya, sa fè 3 lane depi mwen direktis nan EFACAP la, mwen patisipe kòm fòmateur nan BDE, m travay nan FIA, epi m toujou ap anseye jiska prezan. **[Depatman Sant]**.

Patisipan #4- Mwen te koumanse anseye nan segond ak reto. A koz nivo lekòl la te ba, mwen te tounen al anseye pito nan 7èm, 8èm ak 9èm poum te ka remoute nivo lekòl la. Mwen pase sansè, direktè, direktè depatmantal jis mwen antre nan santral ministè a pòtoprens nan ane 2001. **[Depatman Lwès].**

Patisipan#4: Mwen aseye nan nivo segondè nan lane 1986 rive nan lane 2000. Syans sosyal, istwa ak jewografi epi [initiation à l'économie]. Men nan lane 2000 rive nan lane 2004, m pa t nan sal klas. « Entre autres.. » M gen eksperyans nan pedagoji, nan fòmasyon pou granmoun, aprè sa mwen anseye nan nivo siperyè lisans nan INAGHEI, QUISQUEYA, NOTRE-DAME, nan sa ki wè avèk [initiation à la recherche]. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #4-Nan lane86-87, mwen fè filozofi mwen. 88-92 mwen ale lekòl nòmal, mwen te chwazi lang vivant. Anmenmtan, mwen te gentan fè yon etid nan sa *ki gen a wè akkontabilite« et gestion du personnel »*kote ke mwen te pase anviwon 4 a 5 kan ap travay ak moun, nan sa ki gen rapò ak kontabilite « *et gestion du personnel* », antretan mwen te toujou nan etid lekòl nòmal la. An 1995, mwente estime empotan poum te retounen Jakmèl, se depi lè sa mwen koumanse fè premye eksperyans mwen nan ansèyman. Li ta pral travay kòm pwofesè lang vivant nan lise Kay Jakmèl. Palaswit, mwenanseye nan yon seri kolèj nan vil la. Palaswit mwen vin nome enspektè de zòn. Mwen vin ap travay nan distri belans kòm enspektè zòn. An 2012, mwen vin nome kowòdonatè a lansèyman segondè. Parèlman, mwen toujou ap anseye nan nivo segondè kòm pwofesè lang vivant.**[Depatman Sidès].**

Patisipan#4 : Depi mmwen antre, m nan administrasyon depatmantal la, mwen fè enfòmatrik, answit [Sciences administratives] epi [sciences juridiques]. Lè m fèk antre, mwen te nan BUDEX nan ba echèl la kòm [opérateur de saisis] nan lane 2003. Nan lane 2006, mwen vin teknisyen. Nan lane 2012, mwen vin kowòdonatè BUDEX. Mwen okupe m de [saisie des données, validation, finalisation pour les resultats de la 6eAF, 9eAF, Bac I et II].**[Depatman Sant].**

Patisipan #5- Mwen etidye matematik ak fizik nan lekòl nòmal siperyè nan ane 1986-1990. Mwen se direktè ansèyman segondè nan ministè edikasyon nasyonal.**[Depatman Lwès].**

Patisipan #6- Mwen te konn anseye nan lise lèm fini lekòl nòmal men de fason fòmèl, mwen koumanse anseye depi 1986, nan moman m tap fè filo. M te kite peyi a pandan yon ane, lèm tounen, mwen te rekoumanse anseye nan lise. Aprè, mwen te entegre inivèsite an, m te kowòdonatè depatman kominikasyon nan inivèsite pòtoprens, mwen te anseye INAGEI, mwen te anseye sikoloji aprantisaj nan UNAP. Mwen entegre ministè edikasyon nasyonal an septanm 2003 kòm konsiltan nan yon pwogram kite rele SPPNS (Secrétariat Permanent pour le Pilotage du Nouveau Secondaire). Mwen toujou aktif, pou kounya, mwen se dwayen fakilte kominikasyon nan inivèsite pòtoprens, mwen se prezidan konsèy akademik la. Mwen te fè yon eksperyans nan OEA (*Organisation des états Américains*) pou ministè edikasyon nasyonal kòm delege pandan 3 zan pou kesyon « *éducation de la petite enfance* ». Mwen te fè yon eksperyans nan konsepsyon kourikouloum avèk UNESCO.**[Depatman Lwès].**

Patisipan #7-Mwen koumanse anseye depi lèm te etidyan. M te konn anseye nan klas 3èm ak segond. Nan ane akademik 1988-1989, mwen te gen yon staj nan lise Fimen, sete yon staj peye pou meyè etiyen yo. Aprè sa, m te vin nome kòm pwofesè a tan plen pou matematik nan lise Daniel Finiole nan ane 1992, mwen anseye nan lise sa jis rive oktòb 2006, mwen te konn anseye nan klas 3èm, segond ak reto nan lise an. An janvyè 2007, mwen vin pran pwomosyon, mwen vin moute direktè depatmantal adjwen nan DDO (Direction Départementale de l'Ouest).**[Depatman Lwès]**

Kesyon#2

Koman nou konprann kesyon pinisyon nan lekòl pa rapò ak eksperyans nou genyen ? Ki rapò pinisyon an, avèk randman timoun yo nan lekòl la?

Patisipan #1- Paran yo toujou di yo plede ap kale pitit yo. Anseyan yo menm, yo toujou di lè yo kale timoun yo, yo pa jwenn rezilta. Paran yo pa dako men li gen enpresyon se nan tèt paran yo problèm nan ye, yo panse ke se kale pou yo kale timon yo po yo jwenn rezilta. Yo pa dakò pou pwofese yo ale twò fò men, si yo pa ale twò fò, yo pap deranje. Paran yo mete nan tèt yo pa gen lòt fason pouw jere pwoblèm yo ke ak baton. Poutan, gen anpil lòt fòm ki trè efikas ki ka ede timoun yo. *“Pour lui, il faut aller vers la motivation d’abord. Apprendre l’enfant à savoir pourquoi il est là ».* [Depatman Lwès].

Patisipan#1: M t ap gade nan yon manyè pi global kesyon pinisyon an. Li gen yon [continuum] ladann. Li ka pozitif epi li ka negatif. Pinisyon an se yon [mécanisme de régulation]. [Depatman Lwès].

Patisipan #1- Gen divès tip pinisyon yo konn bay elèv yo. Nan nivo segondè a jeneralman, yo konn bay elèv yo pensòm (se fè timoun nan ekri dè liy e pafwa tou dè vèb) gen pafwa tou, pwofesè an konn fè ranvwa. Pou pensòm nan, gen de pwofesè se yon pati nan leson an li fèw kopye. Se yon mwayen poul diswade timoun nan poul pa fè sa ankò. Pinisyon ki yon tijan pi di nan sa mwen sot di la se ranvwa, yo fe ti moun nan pèdi sa nou rele benefis kou an. [Depatman Sidès].

Patisipan#1: M panse ke apwòch yo pa inifòm nan nivo pinisyon an. [Majoritairement l’approche dominante], gen yon vyolans ki manifeste nan sanksyon yo. Lè m di vyolans, m wè [chatiment corporel], [violence verbale], [expulsion provisoire], [expulsion définitive]. [Dans la majorité des cas], sa yo lye avèk fòmasyon an. Konsekans ! [Si dans certains cas], timoun ki genyen bon [accompagnement, encadrement], fanmi, lè sa rive yo kenbe oubyen timoun ki gen yon volonte pou etid la sa ede li. Men gen anpil lòt ka, li antrene [déperdition scolaire], pi gwo bagay, se [par la suite, manifestation de la violence] kay timoun yo. Sa mwen abòde yon aspè nan sanksyon an.

Mwen panse gen yon [secteur minoritaire] k ap devlope lòt apwòch sou pinisyon nan depatman. Gen lekòl k ap etabli yon ansanm règleman ki diskite, avèk paran, elèv, pwofesè epi tout moun ki fè pati lekòl la. Yo deside men kisa ki prale avèk [chaque infraction]. Nan ka sa yo, elèv yo ede pwofesè yo, kote tou, youn ap veye sou lòt. M panse, sa bay bon rezilta. Men li gen limit li tou, lè metòd sa ap aplike epi lè [leadership laisser-faire] nan lekòl yo. Anpil fwa, lekòl sa yo vin tonbe andebandad. Men kote [leadership] la [ferme], li bay bon rezilta. [Depatman Sant].

Patisipan #2- Sanksyon an varye an fonksyon de klas timoun nan, abitud timon nan. Pou mwen, yon sanksyon se lè moun nan pa jwenn sa li tap tann nan. Nan sèten ka, ou kapab pale ak timon nan men, gen lòt ka ou pa jwenn pawòl pouw di timoun nan. Pafwa sèl rekou paran yo genyen se 2 kout fwèt. [Depatman Lwès].

Renand Michel : autres punitions (confisquer le téléphone par exemple...). Certains parents n’ont d’autres moyens que le fouet. [Depatman Lwès].

Patisipan#2: M ap pati de yon panse (Qui aime bien, chatie bien), sa ta vle di gen yon elòj yo fè sou zafè chatiman. Nan tan pa mwen, te gen gwo peryòd, yo te rele makout ki te jwe sou lekòl la. Nan sans sa, lekòl, ki ta kote k ap fòme sitwayen, ta pran anpil bagay sovaj pou mete anndan menm lekòl sa. Mwen menm kòm anseyan, m pa janm itilize baton pandan tan m ap anyese. Men jounen jodi a, gen anpil deriv nan lekòl yo, aspè pinisyon an ta dwe repanse nan lekòl avèk [sciences de l'éducation] ki vin alamòd. Nan sans sa, nou ta dwe gen lòt modèl sanksyon paske gen modèl sanksyon ki detwi timoun yo. Pou mwen, chatiman yo gen plas yo, men se yon chatiman k ap pèmèt timoun nan reprann li epi pou li kapab ale nan direksyon reyisit la. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #2- nan lekòl fondamantal, premye ak dezyèm sik, pinisyon an limite ak chatiman kòporèl. Men fòm di nou rigè li te geyen lontan (vè 86 yo), li diminye men gen kèk lekòl ki kontinye, malgre la lwa entèdi chatiman kòporèl. Akote de chatiman kòporèl la, gen de pwofesè kipran plezi yo nan di timoun yo de propo mal sein. Sa konn bese pesonalite timoun yo.

Konsekans nefas nou taka di sa gen sou timoun yo, aprantisaj la paka fèt nan yon milye ostil konsa, nan yon milye kote yap bat timoun nan. Sa konn kondwi a abandon. Sa konn detwi pèsonalite timoun nan tou paske a fòs ke yo konn ap egzèse vyolans sou timoun nan konstaman, timoun sa vin rezève, timoun sa vin repliye sou limenm. Sa ki koz yo konn paka evolye nan sosyete an. **[Depatman Sidès].**

Patisipan#2 : Pou mwen, [chatiment corporel] la pa ta dwe egziste pou timoun nan aprann sou [aucune forme]. Paske lè yo bat timoun nan pou leson se kòm si se yon krim, se youn nan bagay ki fè timoun nan vin vyolan. Lè ou bat timoun nan, lè li gran li konnen se bat pou li bat tou. Jan yo sot di la, pito yo etabli règleman yo avèk paran. Voye timoun nan tounen pou lajan lekòl se yon fòm pinisyon tou. Gen pinisyon ki detwi timoun yo anpil e nou konnen sa. An nou chache pito amelyore sa nan sistèm nan pou byennèt peyi a, timoun yo epi fanmi yo. **[Depatman Sant].**

Page 5 sur 23

Patisipan #3- Gen diferan fòm pinisyon ke yo konn itilize, pwofesè a konn deside mete timoun nan deyò, li pap swiv kou an. Direksyon an konn bay timoun nan kopye liy. **[Depatman Lwes].**

Patisipan#3: Sa se yon pwoblematik ki vrèman enterese m, paske mwen travay sou kesyon sa, mwen fè metriz mwen sou kesyon sa epi mwen ekri yon atik tou. Pou mwen zafè sanksyon nan lekòl gen rapò avèk konsyans sitwayèn nan fason yo pini moun. Malgre gen lejislasyon sou kesyon sila nan peyi Dayiti sou zafè [chatiment corporel], nan mwa oktòb 2003 te gen yon dekrè lwa ki te pibliye pou yo entèdi [chatiment corporel]. Men direktè lekòl yo pa okouran. Dabò mwen wè pinisyon kòm yon demand bò kote paran yo. Sa ta vle di, si pwofesè yo pa bat timoun yo, li ta vle montre lekòl la pa gen disiplin. Pinisyon an se pou korije se pou fòse timoun nan aprann nan lekòl... Se ta yon ranfòseman negatif ki bay bon rezilta nan zye paran ak anseyan. Gen moun ki wè l kòm yon bagay ki pozitif. Answit, Mwen wè l kòm yon mank fòmasyon bò kote paran yo, anseyan yo, ak kèk moun k ap travay nan ministè yo ki nan tout nivo ki pa enfòm de sanksyon sa yo. Kidonk, sanksyon an pa fèt sou yon baz rasyonèl. Anfen gen tout yon enjenstis nan kesyon pinisyon an. Pafwa yo sanksyone timoun yo pou sa yo pa fè, yo sanksyone timoun nan pou yon bagay li pa vle denonse, yo sanksyone timoun nan pou tèt yon kesyon li pa ka reponn. Sanksyon an tiye

kèk bagay lakay timoun yo [Ce sont des facteus assujetissants] kote yo pa aprann ekolye yo, pou yo respekte nòm yo ak prensip yo. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #3- Mwen pral pale pou sa ki gen a wè ak ansèyman segondè an. Nan nivo segondè a, gen lòt pinisyon yo konn akòde a timoun yo, pa egzanp pwofesè a konn pa bay timoun nan fè liy, li konn tousenpleman fè timoun nan pèdi benefis kou an (mete timoun nan deyò nan kou an). Gen ranvwa lakay ou men gen ranvwa pou kou an tousenpleman epi aprè kou an timoun nan antre, gendelè timoun nan pase nan direksyon an epi direksyon an kounya wè ki tip de pinisyon li ap bay timoun sa. Denojou, nou teka di tip de pinisyon sa yo pa yon avantaj pou timoun nan paske lekòl kite konn fèt otrefwa, pwofesè a te konn parèt kòm yon bouro pou timoun nan. Jodi a, direksyon lekòl la konnen fòk li mete yon moun nan direksyon an pou fè fòmasyon pou anseyan yo pou yo itilize metòd patisipativ lan. Jodi an, sepa yon pwofesè an kapab pwize de elèv lan. Jodi an se tip de modèl sa yo nou kapab prezante bay timoun yo. Epi sa direktè a sot di an, gen kote yo itilize pensòm, gen lekòl tou ki itilize chatiman koporèl tou men bagay sa koumanse diminye. **[Depatman Sidès].**

Patisipan#3: Nou chache pwoblèm nan avèk konsekans yo, men nou pa chache kòz yo. Jan nou di an, pinisyon an se yon [mal nécessaire], yo itilize l kanmenm men se kòmman yo itilize l. Piske li se yon mal, li antrene vyolans. Kisa li genyen kòm konsekans? Gen timoun ki konte lekòl (li pase nan lekòl sa, li ap maltrete, epi li ale nan yon lòt). Depi l ap konte lekòl konsa, timoun sa pap vo anyen. Gen lòt bagay tou, gen de pinisyon ou bay timoun nan ou blese li [profondément] epi timoun sa ka kite lekòl tou, lè sa, li ale nan lari. Timoun sa yo nan lari a, ap pran tan pou yo [reinsérer], lè yo twouve yo nan lari a, sa pral [entraîner grossesse précoce]. Konsa fenomèn [enfants des rues] a ap miltipliye epi li pral bay yon lòt kominote ki pa fonksyone nòmal. Men kote pinisyon an ap mete nou. Sak fè pinisyon an ap mal itilize, pi gwo kòz la, se ki sistèm edikatif nou genyen ? ki anseyan nou genyen ak ki ansèyman n ap bay timoun yo? **[Depatman Sant].**

Patisipan #4- Nan lise Estenyo Vensan senmak, kotel te ye an, direktè a konn bay timoun yo etidye LASO (yon journal). Pwoblèm ki gen nan kesyon pinisyon an, gen yon ipokrizi. Pwofesè yo konn di yo pa bat timoun yo poutan yo gen rigwaz nan biwo yo. Li panse ke diferan fòm pinisyon yo aplike sof izaj fwèt yo, anseyan yo pako vle kitel malgre la lwa entèdil. **[Depatman Lwès].**

Patisipan#4: M sot tandè 2 lòt entèvenan yo, mwen menm m ap di, kijan mwen konprann fenomèn nan, m panse gen kèk eleman nou pa ka pase tankou istwa peyi a, sistèm sosyopolitik peyi a, gen enfliyans sou zafè lekòl la. Epi gen bagay ki lye avèk anviwònman sosyal. Gen lot 2 faktè tou, gen vyolans ak vyolans epi gen kesyon [discrimination de genre], vyolans la pa fèt menm jan sou tifi avèk ti gason. Mwen kapab konstate ankò yon pwoblèm ki fè vyolans la egziste, se pwoblèm [leadership] ki lye avèk konpetans pwofesè a genyen nan jesyon klas la, konsa li kapab fè pwofesè a vini vyolan tou. Men gen yon lòt bagay k ap devlope kounya nan lekòl segondè, gen yon vyolans anraje k ap fèt sou pwofesè. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #4- nan kesyon sa, nou itilize 2 konsep : randman eskolè ak pinisyon. Mentnan, pou pinisyon an limenm, li antre nan sa nou rele chatiman. Chatiman li dòd fizik, li dòd sikolojik tou. Mentnan, gen de sitiyasyon, li gen yon enpak negatif sou nivo aprantisaj timoun nan. Men sepandan lè nou fè yon lyezon ant randman ak chatiman, nou wè

chatiman kondwi a abandon, yon pakèt malèz sou le plan sikolojik .Men m panse sou le plan syantifik fòk nou ta fè yon etid konparativ ant yon peryòd kote tout moun te konnen te gen chatiman kòporèl (avan 86) kijan radman te ye e kounya, pa gen chatiman nan nivo te ye an, kouman randman ye. Nou pa gen dè chif ki di egzateman koumn sa ye men de jou an jou nou tandè pèfòmans lan ap bese. La se yon konparasyon yo fè ant peryòd chatiman ak kounya.[**Depatman Sidès**].

Patisipan#4: Sanksyon yo varye. Pafwa, anseyan konn gen pwoblèm pèsònèl avèk timoun nan, li deside pini l. M panse sa pa akseptab. Gen lòt ka ankò, m panse fòk nou ta fè yon kanpay sansibilizasyon nan sans sa, paske sitou ti medam yo viktim anpil nan lise ak nan kolèj. Gen anpil fwa se pwoblèm santimantal pwofesè a genyen ki fè li pini elèv la. Fòk nou ta chase yo nan sistèm nan. [**Depatman Sant**].

Patisipan #5- Pou kesyon fwèt la, gen yon dekonstriksyon ki dwe fèt, sosyete a dwe sansibilize sou kesyon sa. Rapò ki egziste ant elèv la ak pwofesè an, se yon rapò **sijè/objè**. Yo pa konsidere timoun yo kòm moun ditou. Nou gen yon mantalite ki ankre nan nou : siw pa kale, ou pa pwofesè ; siw pa kale, ou pa chèf. Pwoblèm nan poze depi lakay timoun nan paske gen paran ki konprann si tèt lekòl pa kale timoun, lekòl sa pa bon. Gen yon edikasyon ki dwe fèt sou kesyon sa. Gen yon nesite poun retounen sou tèks de baz yo. Yo trete timoun kòm esklav. [**Depatman Lwès**].

Job : approche par compétence tend à résoudre le problème de violence à l'école.... Problématique de violence en milieu scolaire : pas de code de conduite pour les enseignants.... La violence peut complexer l'enfant. Il faut promouvoir une autre méthode d'évaluation...[**Depatman Lwès**].

Patisipan#5: Sankson pozitif ou negatif, yo toujou prezan nan lekòl yo, kelkeswa fòm li ap pran, l ap genyen konotasyon pozitif ak negatif la. Men fòm sanksyon ki ta dwe koyeran avèk fòm aprantisaj la. Sanksyon an gen yon valè pedagojik, pou li kontribye nan aktivite edikasyon an, nan [activité de construction sociale], nan koyezyon sosyal la, ak nan [activité éducatrice] la. Sanksyon an pa dwe brutal pou li vin yon fonksyon k ap lejitime vyolans nan lekòl [ce n'est pas une violence légitime que l'école doit exercer]. Men pito yon bagay k ap ede timoun nan konstwi sajès kòm yon valè nan aksyon l ak nan chwa l. Sanksyon an dwe yon finalite nan oryantasyon, kanalizasyon ak finalizasyon nan chwa l, pou li wè tèt li, yon lòt jan pa rapò avèk gwoup la. Kidonk lekòl la dwe rantrè dinamik sa pou li kapab rive nan dimansyon sikolojik la, pou li kapab regile pilsyon yo lakay timoun yo paske gen tansyon anteryè ki ka negatif ak pozitif. Si ou kite tout tansyon yo, tout waj individyèl yo san oryantasyon, ou pral rive nan espas dezòd men se pa yon dezòd ki pozitif men se yon dezòd ki nwi avèk tout sousistèm sosyal klas la reprezante ki pèmèt tout moun vin pèdi. Lekòl oblije rantrè dinamik sa, [d'ordre de la sanction] men se pa yon sanksyon vyolan men se yon sanksyon [de la haute régulation, soit d'un comportement au calme] ki kapab gade yon koyezyon gwoup, yon koyezyon sosyal, li kapab kanalize, oryante pilsyon yo paske ou konnen [l'etre humain est un tout pulsionnel], li gen yon dimansyon emosyonel fò. Lekòl genyen pou li kanalize yo pou li kapab oryante yon kote ki pozitif.[**Depatman Lwès**].

Patisipan#6: Gen ti presizyon tou nan nivo ansèyman. Nan nivo primè lontan ki vin fondamantal la jounen jodi a, li gen yon nivo pinisyon, ke ou pa twouve nan segondè a. M raple m se pa lontan, timoun ki nan nivo primè a ki nan

pinisyon an, yo gen dwa fè li bale. Yo fè l fè yon travay pou sa li fè « bon l'ap bale... » men baròk nan segondè yo, ou pa ka fè yo sa. M raple m gen fòm sanksyon ki vrèman ale fè timoun nan dekouvri anpil bagay tankou yon panse moral, li ka kopye plizyè fwa. Jodi a gen sanksyon si yo ap vini avèk yo pa ta dwe enpwovize, kidonk yo ta dwe defini depi anvan. Jodi a gen lòt aktè ki jwe nan gouvènans nan ki se yon ansansanm estrikti patisipatif. Se pa de bagay ki pou jis parèt nan lekòl, ta dwe gen aktè ki ka diskite sou tout fòm sanksyon epi ta dwe gen deba sou zafè sanksyon avan yo aplike nan lekòl yo. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #6- Segondè a rezoud pwoblèm sa deja, apwòch yo itilize se **apwòch pa konpetans** kote timoun nan se li ki mèl aprantisaj li. Nan ka sa, se timoun nan ki pral detèmine ki pinisyon li pral bay tèt li. Pwoblèm vyolans nan lekòl, se yon pwoblèm mondyal li ye, ayiti pa fe esepsyon nan sans sa. Pou nou an ayiti, nou pa gen yon « *code de conduite des enseignants* », pa gen pyès kad estratejik pou anpeche vyolans nan lekòl yo. Malgre ministè a te sotì yon nòt pou anpeche yo kale timoun yo nan lekòl yo, sa toujou fèt. Vyolans lan pa sèlman bat timoun nan men li se tou move pawòl wap di timoun nan tou. Fè yon **kanpay kont vyolans** setap yon pis. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #7- Genyen lekòl kote yo konn fè timoun yo kale (bat) tèt yo oubyen yo konn bay timoun yo 50 kout fwèt. Pinisyon an ka baw rezilta a kou tèm, o nivo konpòtmantal, non. « *Il est conseillé de construire la démocratie dans les salles de classe* ». Vyolans lan konn koz timoun yo batay ak pwofesè yo, vyolans lan konn andan fanmiy timoun yo tou. « *La question de frustration, incapacités des parents à combler les besoins des enfants entraînent de fortes violences à l'école et entravent le rendement des élèves* ». **[Depatman Lwès].**

Kesyon #3

Kijan pinisyon an kapab enfluyanse randman eskolè a nan sisstèm nan?

Patisipan #1- Sa depan de ki moman wap gade randman sa, si wa gadel a kou tèm, neg la vini ak rigwaz li epi tout neg degajew soti nan mwayenn 6-7 pou pase nan 9. Men si wap gadel a long tèm, ou oblije fè anpil efò pou chanje de konpotman sa. Jodi an, yonn nan gwo malè nou gen e tout moun ap gadel, majorite dirijan nou yo, se nan lekòl nou yo yo soti, gade rezilta yap pwodwi. Lise tousen pa egzantp ki bay 43-44 prezidan. **[Depatman Lwès].**

Patisipan#1 : M ap ajoute yon bagay, Nan literati jodi a, sanksyon an gen lyen ak reparasyon, jounen jodi a, lè yon timoun fè yon bagay, olye ou bat, li ta dwe repara sa li fè a nan yon pèspektiv aprantisaj, nan yon pèspektiv regilasyon, [maintenant en ce qui attire à l'entente d'entre-jeu] sa, li ka pran fòm yon kontra ant [l'enseignant et les enseignants]. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #1- map prezante eskiz mwen pou reta. Gen yon faktè pwofesè inefikas ki jwe mal e sosyete an dezangajel tou. Men map di tou èske randman te meyè tou nan periòd yo te konn pratike chatiman paske lè nap gade sou 50 elèv ki te konn antre lekòl konbyen ki rete lekòl pou rive nan klas poun ta konstate chatiman ? Jounen Jodi a, gen plis timoun ki ale lekòl, sou kantite ki ale lekòl la sevre gen yon kantite echech ki lye a feblès leta, men sepa chatiman kòporèl la kite konn fè timoun yo reyisi vre. Sa te konn devlope yon pè lakay timoun yo e sa ki patka reziste yo te oblije abandone, sa te konn poze yon gwo pwoblèm tou. Jounen joodi a, m panse abolisyon chatiman pa yon move bagay tousenpleman, sa nesosite yon ansanm de mezi dakonpayman. Abolisyon chatiman kòporèl la ka ba nou rezilta lè ke sosyete a konsyantize, pran responsabilite, lè ke sistèm nou an vin fò, tout antite yo dwe pote kontribisyon yo poun jwenn rezilta. **[Depatman Sidès].**

Patisipan #2- Meyè pinisyon an fèt pou gen yon lòt konpòtman. Lèm konnen yap pinim sim pa fè devwa, m fè devwa e sa vini kòm yon abitud. Se nan sans sa sèlman nou ka amelyore randman eskolè a. **[Depatman Lwès].**

Patisipan#2 : Pinisyon an se kapab pi bon fason pou [stimuler les gens]. Ou ka pase nan yon kanal ki negatif pou viv yon bagay ki pozitif. Men yon lòt kote gen timoun ki viv li [de manière dramatique], ki fè li abandone lekòl. [Il faut dire aussi] li pral varye pou timoun ki vle travay ; pinisyon an ap fè l, fè anpil efò. Men pou lòt ki nan debòch depi li pran yon ti kout frèt li tou abandone. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #3- Retire fwèt andan lekòl yo fè edikasyon nou vin pi mal, nou ta dwe mete an plas yon sistem edikasyon ki pwòp a nou menm, an fonksyon de nou menm. **[Depatman Lwès].**

Patisipan#3: A pati de sa ki di a, M panse gen yon preyalab paske fòk m ta sitye sanksyon an nan yon kad. Lè n ap pale de kad eskolè a, Chak fwa ou di sanksyon, gen yon moun ki pou monte ak aplike epi k ap tann yon [feed-back] de aplikasyon an, lè ou nan lekòl [qu'est-ce qui arrive]. Byen souvan, Sanksyon an detèmine pa direksyon an oubyen pa anseyan, nan anpil ka, mwen obsève se anseyan ki pran sanksyon yo men se pa sanksyon ke li te prevwa anvan men se sanksyon, li pran [au petit bonheur] ki konn gen yon pakèt prejije ladann ; sanksyon li pran pou Jan se pa li pran pou Jak, se pa li menm, li pran pou Janin. Sa pral depann de [humeur], sa pral depann de lòt paramèt. [Quelque part], se la mwen pral pale de kesyon enjistis la anndan sanksyon an menm ; pafwa se pa sanksyon an ki negatif [en soi] se paske jan yo aplike sanksyon an, li pa inifòm pou tout moun. Li gen dwa jodi a, li fè yon bagay, li pini w epi demen ou fè menm bagay la epi li di an nou kite sa. Gen yon bagay ki di ki [extrêmement important] se kesyon discriminasyon an ki lye avèk kesyon [de genre]. Mwen ta prale pi lwen paske sanksyon manifeste [différemment] selon milye a. Nan yon milye [rural], sanksyon gen yon jan li manifeste. Pafwa yon anseyan konn bat yon tifi paske li renmen l. « Depi li bat ou, li bat ou... » Tandiske nan milye [urbain] yo, li konn diferan. Gen yon lòt eleman ankò, sa depann de [type d'école], lekòl ki plis defavorize yo, bay plis baton tandiske nan lekòl nan zòn [urbain] yo, kote anseyan yo plis fòme, baton an mwens epi paran sa yo tou gen de bagay, yo pap aksepte. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #4- Fòk nou entegre nouèl oryantasyon nap pale yo poun wè sa yo ap bay kòm rezilta. Jodi a, tout timoun ki pran plak donè, loreya nan konkou sou ekonomi elatriye soti nan nouvo segondè. Gen de lekol ki toujou organize fwa, ekspozisyon de ansanm de travay ke yo reyalize pandan ane a, men se de aktivite ki reyallize san fwèt. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #5-Konpòtman repreyansif yo plis vizib ke lòt konpòtman pozitif yo, yo plis pale de konpòtman repreyansif yo. **[Depatman Lwès].**

Patisipan#5 : M ap pale de [punition négative], pou mwen, pinisyon negatif la se tout pinisyon ki pa patisipe nan konstriksyon ni aprantisaj la, ni nan devlopman timoun nan. Se yon pinisyon ki pa gen ankenn efè pozitif. Li pote bay timoun nan yon bagay ki negatif, li plis bloke timoun nan olye li endike l wout la ; [ce sont des blocages] non sèlman li bloke tèt la, li nwi lespri a men li nwi kò a tou. Li nan yon tridimansyon blokaj ki anpeche moun nan vini moun li dwe

ye a. Li pa pèmèt moun nan soti nan efò epanouyisman. Li pa rive eklate. Se yon pinisyon ki bloke pwojè a ; ki pi gwo danje pinisyon sa ? Liantrè nan yon [continuum temporel], ki se [le présent, le passé] pase men se yon pase toujou prezan. Li pral devlope [des comportements névrosites], [des comportements psychotoxiques], li bloke [futur] la, epi li pa pèmèt ou deplase. Kidonk lè sa, ou pral tonbe nan sa yo rele twomatis, ou pral vini yon timoun twomatize, paske ou gen yon blokaj ki lye avèk yon pinisyon sibi ke ou vin bloke ladann, lè ou vin granmoun, l ap ba ou [des séquelles] epi l ap mete w nan [trauma]. **[Deptman Lwès].**

Patisipan #6- Timoun ke yo tekonn kale pou bay randman yo, lè yo vin profesyonèl, yo toujou di yo regrèt mòd aksyon sa yo e se bagay ki make timoun nan. Siw pat konn bat timon nan, ou teka jwenn plis rezilta. Se kapab yon ti jeni ou tap genyen men, avèk baton, ou dezoryantel. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #7- Timoun yopa konn li,sepa paske yo sòt, se paske pwofesè ki devan yo an pa konn li tou. Timoun yo jodi a, ekspoze nan « **enseignement du faux** ». Okontrè jodi a siw te gen fwèt, ou tap tiye plis timoun paske gen de pwofesè ki tapral bat timoun yo pou yo aprann de bagay mal. Sistèm nou gen pwoblèm fòmasyon pou anseyan yo. Si yo fè fòmasyon pou yo, nap ka jwenn rezilta san baton.**[Depatman Lwès].**

Kesyon#4

Kòman daprè nou, yo rekonpanse des « Bons ! Bons... » nan lekòl ? Daprè sa ke nou obsève yo, kisa yo rekonpanse e koman yo rekonpanse yo?

Patisipan #1- A chak fwa ou fè yon bagay ki bon, yon bon nòt, yo baw lajan pouw achte pate, an vandredi, direktè a pote yon bèl imaj pou ou. Nan kanèw, yo konn mete ti etwal, yo konn mete yon kwa onè pou ou, yo felisitew, fèw kanpe, aplodiw.**[Depatman Lwès].**

Patisipan#1: [Généralment], mwen toujou nan pèspektiv pi laj, men mwens operasyonèl e plis konseptyèl. Obsèvasyon revele m ke toujou gen elèv trè bon, gen mwayen e gen pa bon, toujou nan pèspektiv [continuum] nan. Si mwen ta vle pran prensip [loi normale Gauss] la, nan sans gen 2 ekstrèm. [Tout ce qui est fait, est fait] nou genyen avèk plis ke 90%, sa nou rele nòmal la. Men nou pral rann nou kont [à l'évidence], rekonpans nan nivo sa nou rele anòmal la, li preske a 0%. Se nan 2 ekstrèm yo, li pral manifeste [en terme de réconpense]. Par exemple, yon elèv ki dizyèm nan yon klas, epi gen yon lòt ki ventyèm, sa ki dizyèm nan gen plis konsiderasyon. Men yon moun ki te dènye nan klas la, ki vin pase pou dizyèm gen plis konsiderasyon pou moun ki te dizyèm anvan. Rekonpans nan pral defini de pèsepsyon sa yo rele nòmal la.**[Depatman Lwès].**

Patisipan #1- Nosyon rekonpans lan enstale nan lekòl ayisyen an avèk refòm Bernard. Aprè yo fin fòmè pwofesè yo, yo aprann yo valorize repons timoun yo. Ofri timoun sa yo tou yon rekonpans materyel. Nou jwenn yon fòm rekonpans ki egziste nan lekòl kongreganis yo, yo konn mete nom timoun yo sou yon tablo onè, yo konn bay timoun nan nòt tou. Avan refòm Bernard lan sete nòt yo te bay timoun yo pou asidwite, regilarite, bòn kondwit. Sa sete yon

system rekonpans tou men avèk refòm Bernard, yo aprann pwofesè yo bay timoun nan yon sirèt etc. Yo te konn jwenn rekonpans lan tou nan famiy lan tou, sa te konn pouse lòt timoun yo fè efò. Sepandan, rekonpans lan genyen enkonvenyan li tou. Sètèn fwa timoun nan konn pa travay paske se yon devwa men paske li atann yon rekonpans. **[Depatman Sidès].**

Patisipan#1 : Gen kèk valè nou pèdi, lontan yo te konn bay rekonpans. Kounya valè sa yo pèdi nan yon [culture maléfique]. Gen lekòl, se paran yo menm ki pa vle yo rekonpanse timoun yo paske yo ka pèdi yo. Ou gen yon enpresyon ke gen yon kilti menm pou pa ta ankouraje efò, ak eksperyans. **[Depatman Sant].**

Patisipan #2- Yo mete moun ki fè pi gwo mwayèn yo nan tablo onè. Jeneralman, yo mete elèv ki fè pi gwo mwayèn yo prezidan klas. E lè gen pou al reprezante lekòl la yon kote, se yo menm direktè a voye. Nan inivèsite potoprens pa egzant, tout etidyan ki pase tout kou yo ak mwayèn 75, ou genyen yon bous ekselans. **[Depatman Lwès].**

Patisipan#2: Bon! Aktyèlman, mwen pa oze pwononse m sou fòm rekonpans yo bay nan lekòl. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #2- Gen yon lòt egzant de rekonpans m konnen men sa se « *pour les élèves les plus doués* ». Aprè egzamen premye trimès, direksyon an konn di elèv ki premye an ap jwenn demi bous. Sa konn fè gen yon konpetisyon ant timoun yo (sa se pou lekòl prive yo). Yon lòt fòm de rekonpans malgre de no jou, yo pansel pa twò bon, se lè timoun nan premye, ou fèl pase devan pou site mwayenn timoun nan fè an, felisitel. **[Depatman Sidès].**

Patisipan#2: Nou felisite l, tankou nou di, yo peze plis sou pinisyon an, N ap poze kesyon, ou pini moun ki pa fè byen, e moun ki fè byen an, sa wap di pou li ? tankou timoun ki toujou pwòp la, ou ka felisite l, ou ka leve l wo nan mitan tout foul elèv la, valorize li epi fè lòt yo pran egzant sou li. **[Depatman Sant].**

Révolus : placer les noms sur les tableaux d'honneur, ils sont placés comme président de la classe, déplacement avec le directeur, le professeur ... dispense, bourses d'excellence ... **[Depatman Lwès].**

Patisipan#3 : Gen lekòl kay frè, lè gen elèv ki premye, dezyèm ak twazyèm, yo retire sou frè eskolè a nan pwochen mwa. Genyen yo konn dispans yo de egzamen sou fòm rekonpans. Gen lòt fòm rekonpans yo konn ba yo tankou kat konpliman, yo konn mete non elèv yo sou [tableau d'honneur]. Dènyeman yo bay [certificat d'honneur et mérite] tou. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #3- Se menm bagay mwen ta pral di men direktè an gentan avanse avel. Ofri avantaj ak meye elèv yo ap ankouraje non selman timoun nan men lòt timoun tou. E sa egziste menm nan lise yo. Gen yon lòt avantaj, lè se konkou antre, lè paran sa gen yon timoun, yo konn fè konsiderasyon pou paran sa paske yo konnen fanmiy sa se bon bagay. **[Depatman Sidès].**

Patisipan#3: Rekonpans nan, yo konn fè l pou 2 oubyen 3 timoun, sa ka fè gen jalouzi. Se an [apartheid], yo oblije fè sa. Menm sa konn rive pou pwofesè yo tou. Gen pwofesè pou rekonpanse l, ou pa ka fè sa an piblik. **[Depatman Sant].**

Patisipan #4- Yo konn òganize yon ti seremoni ak meye elèv yo e menm nan klas yo, yo konn òganize yon ti fet, yo konn menm bay yon ti prezan. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #4- Li ta enpotan pou nou, nan yon lekòl ki toujou bay rekonpans, pran yon gwoup elèv ki toujou resevwa rekonpans ak yon gwoup elèv ki pa janm resevwa rekonpans e kap gade lòt ki toujou resevwa rekonpans yo poun wè ki efè rekonpans lan fè. Lè sa, m panse nou tap plis Pratik e pragmatik paske nou menm nap di kouman nou konprann li men sepa nou menm ki nan sityasyon an. **[Depatman Sidès].**

Patisipan#4 : Lontan Ministè a te konn rekonpanse loreya yo, li te konn voye 3 odinatè (laptop) ak kèk dokiman. Sa fè 3 lane, m pa janm tandè sa ankò. Menm nan nivo bous etid pou Meksik ak lòt peyi, sa fè lontan, Ministè a pa voye yo ankò. Zafè bous la vin politik, lontan li te konn fèt pa depatman, jounen jodi a, li pa fèt konsa ankò. Nou ka pran egzanp zafè elèv nan Sèkalasous la ki te loreya, men ki pa te jwenn rekonpans tankou [bourse d'étude] nan men Ministè a.

[De façon générale], pa rapò avèk rekonpans yo, faktè yo ta sipoze [des facteurs pour stimuler l'excellence], stimuler bagay ki pozitif, lè pa gen ankourajman bagay yo vin fatal pou sosyete a, pou aprantisaj la. Sa vin eklate lekòl la. **[Depatman Sant].**

Patisipan #5- Rekonpans se yon bagay ki esepasyonèl nan sistèm nan, nou pa gen yon kilti ki enstale nan sans sa. Sa se yon kilti poun devlope, nou pako la ditou. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #5- Nou ka toujou ankouraje meyè elèv yo men tou fè yon plan pou ankouraje timoun ki paka atenn meyè plas yo pou yo konprann ke timoun ki okipe meyè plas yo se yon efò yo fè e ke yo menm yo ka atenn meyè plas yo tou. Timoun ki pa eksele nan matematik lan, li kapab eksele nan travay manyèl. Se dimansyon pliridimansyonèl sa nou vle entegre nan sistèm nan. Fòk yo bay anseyan yo fomasyon pou yo ka depiste talan ki genyen kay timoun yo. Nou kapab pa jwenn li nan matematik, nan fransè epi nou jwenn li nan de lòt bagay. M panse seta dwe joge tout timoun swivan kapasitel. **[Depatman Sidès].**

Patisipan #6- Rekonpans lan gen yon efè li ka fè, fòk nou ankouraje sa. **[Depatman Lwès].**

Patisipan#6 : Pou rekonpans la, lekòl la te rete plis sou sanksyon yo. Pou rekonpans la jwe, pou li fè sanksyon an mwens. Rekonpans yo pa dwe endividyèl, nou sipoze aji sou viv ansanm [esprit d'équipe]. Lekòl fondamental manke sikopedagòg ki pou ankouraje travay ansanm. Ou pral wè, se jis lè ou nan invèsite, ou pral mete w travay an gwoup. Men gen kèk pwofesè ki pral konprann travay de [vivre ensemble] ki pral komanse fè ti eksperyans sa. Se pou nou ta ankouraje yo. Rekonpans la dwe sitou yon rekonpans kolektif, menm lè, pri a dwe kolektif gen yon satisfaksyon pèsonèl tou, ou dwe pèmèt timoun nan li jwenn yon rekonpans nan sa. Nan aprantisaj la, lekòl gen yon lòt [savoir de vivre ensemble]. **[Depatman Lwès].**

Kesyon #5

Kijan rekonpans lan kapab enfluyanse pozitifman randman eskolè a?

Patisipan #1- Rekonpans lan pa fòseman prezantee sou fòm prezan, se kapab « *de similus* » ki kapab ankouraje patisipasyon elèv la nan klas la. Sa ap vin fè elèv la plis alèz nan klas la. Nenpòt fòm rekonpans lan kapab pran, li rann timoun nan vin pi konfyan nan klas la, sakap ogmante kapasite timoun nan. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #1- Fason nou evalye timoun yo, fason nou bay timoun yo nòt konn enfluyans sa timoun nan konn gen kòm kapasite, sa konn aji sou randman timoun yo. Timoun yo konn di ahhhhhh ! mwen pap fè tèl bagay paske se 0 pwofesè pral banm. **[Depatman Sidès].**

Patisipan #2- depi rekonpans lan pa chita sou yon baz de jistis, lap « *mal vue* ». **[DepatmanLwès].**

Patisipan #2- Mesye pedadòg yo te vini ak kesyon rekonpans lan. Li chita sou yon baz konpetisyon. Sevre rekonpans lan pata dwe fèt nan yon lespri konpetisyon men lòm nan menm li toujou renmen viv nan yon lespri konpetisyon, yon sòt de “*tchallenge*”. Sa se yon ranfòsatè pozitif kontrèman ak pinisyon an ki se yon ranfòsatè negatif. **[Depatman Sidès].**

Patisipan #3- Se nan nivo sa wi enjistis poze nan gwo lekòl nou yo. Gen rediksyon nan elèv yo. Lekòl yo gen 4 klas twazyèm pa egzanp epi li pral fini ak yon klas filo, kèlkeswa efò elèv yo ta fè donk, se yon lekòl enjis, san ekite. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #5- Gen yon bagay ki enpotan se kesyon « *égalité des chances scolaires* » kote profesè a kapab fabrike ekselans konsa li kapab fabrike echèk eskolè an. **[Depatman Sidès].**

Patisipan#5 : M ta vle Ministè a ak nou menm tou ki angaje nan edikasyon pou nou ale[au-delà] rezilta bakaloreya yo, egzamen ofisyèl pou nou kapab repere bon elèv, pou nou akonpaye, pa sèlman nan nivo finansye, men yon lòt akonpayman pou li sa reyalize rèv li nan peyi a men mete l [au service] peyi a tou. **[Depatman Sant].**

Kesyon#6

Nou chak ki te pwofesè pa rapò ak yon nivo oubyen yon lòt, kounya nou vin kad nan ministè a, ki matyè ki bay elèv yo plis pwoblèm, ki ka vin yon blokaj nan reyisit yo? Ki disiplin?

Patisipan #1-Ane pase, se Sèlman depatman nip ki te gen 54,88% reyisit pou matematik apres a, tout lòt depatman yo te anba 50% e pi fèb rezilta nan matematik sete depatman sant ak nò, se sant kite denye ak 5,07%. Nodès te gen 94,36% pou espanyòl, Grandans te gen 98,59% tou pou espanyòl, li te gen 91, 75% pou biologie aloske kantite reyisit global lan te 40-42%. Te gen 5 depatman sou 10 ki pat fè mwayèn pou fizik, tout depatman te fè mwayèn pou espanyòl. Filozofi sete katastwòf nèt, te gen Selman 3 depatman kite fè mwayèn pou filozofi, depatman nodwès te fè 63, 50% nan filozofi, sidès 72,73% nan filozofi, lwès 87,50% pou filozofi, atibonit te fè pi ba to a, li te fè 9,79%. Tout done sa yo disponib nan BUNEX. Sa fè nou konprann ke nou paka rejte yon timouun ki eksele nan yon matyè men ki pa kale nan tout lòt matyè yo. Sa merite yon etid. **[Depatman Lwès].**

Patisipan#1 : Pou matematik la, gen anpil elèv ki toujou gen difikilte avèk matematik la. « Bon ! nou pa renmen matematik la, gen tout yon prejije ki develope sou zafè matematik la, yo toujou wè li kòm matyè gason epi gen anseyan ki konn mistifye timoun yo tou. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #1- mwen twouve genyen anpil feblès nan ansèyman tout disiplin yo men si nou pran kominikasyon fransèz, kominikasyon kreyòl, syans eksperimental yo bay anpil pwoblèm. Gen de branch nan matematik lan tou ki bay pwoblèm paske ansèyman matematik lan twò teyorik. Ni syans eksperimental la tou. **[Depatman Sidès].**

Patisipan#1 : Mwen panse nan matematik la se yon pwoblèm ansèyman [méthode d'enseignement]. [Généralement], aprantisaj la santr sou pwofesè a.[**Depatman Sant**].

Patisipan #2- Pousantaj reyisit nan Fizik la pi wo nan tout depatman yo.[**Depatman Lwès**].

Patisipan #2- Nan nivo segondè pifò matyè yo poze pwoblèm men se sitou chimi, matematik ak filozofi paske pi gwo echèk nou konstate nan rezilta egzamen ofisyèl yo se nan matyè sa yo.[**Depatman Sidès**].

Patisipan#2 : Syans eksperymanal la se nan liv kou a fèt, se kòmsi li transfòme lekti ak eksplikasyon. Epi fini ! Men zafè fè timoun nan eksperyman sa ki devan yo, nan anvivonman yo. Pa gen bagay konsa! Kounya gen plizyè kòz ki fè sa: gen pwofesè ki konpetan men ki enkonzyan, genyen ki ensousyan, genyen menm ki enkonpetan, ki pa ka fè l. Se pwoblèm [méthode d'enseignement].[**Depatman Sant**].

Patisipan #3- Tout depatman yo nèt fè mwayèn nan espanyol ak biyoloji. pou anglè, sèl depatman sant ki fè 88,75%. Filozofi, 3 sèl depatman ki fè mwayèn. Chimi sèl yon depatman kipa fè mwayèn ladanl. [**Depatman Lwès**].

Patisipan#3 : M prale nan men sans avèk lòt zanmi a, fòk nou klè, nou an prezans 2 lang (kreyòl ak franse). Lè nou di lekti se nan ki lang nou konstate l ? Pwoblèm nan poze nan tou 2 lang yo. Depi nou gen pwoblèm lang la nou pap ka abòde lòt matyè yo. Epi pwoblèm sila travèse tout nivo menm nan inivèsite. Tout pwoblèm sa yo lye avèk yon pwoblèm lekti... [**Depatman Lwès**].

Patisipan #3- Filozofi an se pou klas filo men lè nou desann pi ba se literati san zoubliye anglè ak espanyòl.[**Depatman Sidès**].

Patisipan#3: Gen youn nan nou la ki sot souliye yo, nou gen matematik se li ki pi mal nan tout matyè yo menm si elèv la reyisi men matematik la, $\frac{3}{4}$ elèv echwe ladan l. Ou mèt pran yon lekòl kòm echantiyon, w ap rive konprann sa. Apre nan nivo fondamantal la, syans eksperymanal la se pwoblèm.[**Depatman Sant**].

Patisipan #4- Klas 7èm, 8èm ak 9èm gen plis pwoblèm nan franse.[**Depatman Lwès**].

Patisipan #4- Pwoblèm nan sitou pou mwen se pwoblèm franse. Map mande èske se fason yo anseyel nan klas fondamantal yo. Lè nou rive nan klas segondè yo, li difisil pou timoun ki pat janm konprann franse nan klas pi ba yo. Sa vin fè li mal pou metrize tout lòt matyè yo pou kont li paske lèl li, li paka konprann. Aloske, yon lòt timoun ki metrize franse an, li pi fasil poul eksele. Lang franse a trè enpòtan nan randman elèv yo.[**Depatman Sidès**].

Patisipan #5- Toutan nap desann pi ba, pwoblèm yo plis reprezante nan lang yo, menm nan kreyol.[**Depatman Lwès**].

Patisipan#5: Timoun yo gen pwoblèm nan lekti a, ki se premye eleman nan moman yo, depi gen difikilte nan aprantisaj lekti a.Si anyen pa fèt, li ap bloke w nan tout lòt matyè ki genyen. Kidonk li ap bloke w nan [la construction du savoir et de l'apprentissage].[**Depatman Lwès**].

Patisipan #5- Alò, ou santi nan sistèm nan pa gen yon politik lengwistik vre. Ki pozisyonman yo bay lang franse an. Depandan de fanmi timoun nan leve an, franse an kapab konsidere kòm lang matènèl timoun nan. Nan ka sa, pwoblèm nan vin pa poze vre. Men nan ka yon timoun ki soti an pwovens, ki pa familiarize ditou ak franse an, pwoblèm nan vrèman poze. **[Depatman Sidès].**

Patisipan#5: Ban mwen fè yon ajou, nan syans eksperyantal la, gen 2, 3 oubyen 4 kesyon ki toujou mande timoun nan pou li fèapèl ak yon [capacité de réflexion et d'élaboration]. Kidonk se yon lòt pwoblèm pou 6eAF ak 9eAF. Egzanp sou mande timoun nan bay 2 konsekans debwazman ka genyen. W ap wè yo pa ka reponn li paske sa mande refleksyon. Gen pwofesè ki pa fè jan de kesyon sa yo, yo pa ka eksplike yo tou, oubyen si yo rive eksplike yo, w ap twouve pwoblèm langaj. Sa se ka pou 9eAF.

Nan nivo filo, menm pwoblèm nan poze nan biyoloji, sa parèt difisil pou timoun yo. Yo pa rive metrize tèm yo.

Pou mwen pwoblèm matematik la, se yon pwoblèm ansèyman. Se pou sa nou bezwen mwayen pou nou akonpaye elèv yo ak pwofesè yo tou... **[Depatman Sant].**

Patisipan #6- Syans eksperyantal, se katastwòf. **[Depatman Lwès].**

Patisipan#6: [Bonne base], nou te genyen an, gen yon ansanm pwojè ki detwi sa lakay nou tou. Pi gwo kote yo wè pwoblèm nan, se nan nivo matematik, wi! Pwoblèm nan se nan nivo lekti, wi! Pwoblèm nan se syans. Epi enfrastrikti yo pral akonpaye bagay pou fè nan lekòl la, ki rete tèlman konplèks nan nivo santral. Kote sal klas la se milye aprantisaj. Ebyen! Pa gen anyen! Se tout yon revolisyon ki pou fèt. Se vre fòk gen tout bèl ide yo, vrèman fòk gen atelye, fòk gen validasyon kounya fòk gen yon gwoup moun ki di « an nou ale... sur le terrain », an nou ale nan inite kote ki rele klas la. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #7- Nouta dwe tann yon 2-3 ane poun swiv tandans lan avan nou ta antame yon etid sou sa. **[Depatman Lwès].**

Kesyon#7

Gen 4 kesyon, youn sou [environnement physique] lekòl la, youn sou [environnement pédagogique] lekòl la, [environnement familial] epi lòt la, sou elèv la. Nou ta eseye jwenn kèk faktè ki ka favorize randman nan sistèm edikatif nou.

Anviwònman fizik ?

Patisipan #1-Nou ta sipoze gen 40 elèv pa klas malgre gen klas ki gen plis ke fwa 40 elèv, gen de nòm tou tankou espas pou jwèt pou preskolè, lekòl fondamantal elatriye. Fok gen yon espas nòmal ki defini. Fòklekòl la byen plase tou. **[Depatman Lwès].**

Renand : la discipline à l'école, la perception de l'école. **[Depatman Lwès].**

Patisipan#1: Jan kesyon an poze a, li gen 4 gwo endikatè, epi yo sistemik. [Sur le plan infrastructure, la structure définit la culture]. Lorsqu'on va parler d'infrastructure scolaire, cette infrastructure va exiger un certain modèle d'apprentissage]. Edikasyon 21^e syèk la diferan [et les matières changent, les relations des élèves avec les enseignants changent aussi]. Tout done yo chanje. Nan aspè pedagogik la, m poze yon pwoblematik de modèl aprantisaj. Nan majorite ka kote sal klas yo anpil, gen aktivite ou pa ka fè. Kote gen anpil ban nan sal yo, mobilite a redwi sa pèmèt gen kèk echanj ki pa ka fèt avek pwofesè a. Nan ka sa ou pral gen 2 modèl ansèyman vizyèl ak oditif. N ap gade ! n ap tande ! Pwosesis aprantisaj la ta dwe estriktire, elabore epi dokimante. San li pa anpeche li genyen dinamik ke li bezwen an, [sauf] ke gen youn [standard] Kidonk [standartisation des mécanismes de mise en place] yo pa janm fèt. Se de bagay [ad hoc] ki fèt yon lè konsa. Kounya, an nou avanse sou pwoblematik fanmi, gen timoun, lè yo soti lekòl, aprantisaj la kontinye nan yon fason ou nan yon lòt men gen lòt ki pa jwenn sa. Ankò, [il y a des coûts] tout moun pa gen menm mwayen. Aprè sa, se elèv, yon elèv ka deside sa li vle ye depi li piti egzanp, [les surdoués parce que leur préoccupation est simple et ils sont préoccupés par une seule chose].**[Depatman Lwès].**

Patisipan #1- Mwen pran dabò enfliyans nan yon sansnegatif, Si lekòl la sitiye nan yon milye ki twò pre lari, kote ki gen yon sikilasyon "*dense*", li ka pètibe nivo konsantrasyon timoun yo. Answit, lekòl la ka sitiye nan yon zòn kote ki pa pre lari men ki gen yon lòt aktivite ki ka pètibe konsantrasyon timoun yo. Ou gendwa gen batiman epi tèt la tèlman ba, depil fè 9vè, ou paka sipote, gen yon chalè kap degje. saka anpeche timoun nan konsantre yo.

Environnement nan yon sans pozitif, si lekòl la siteye nan yon milye ki "*un peu isolé*" ki pa gen bri, ki gen bèl teren, gen flè otou de li, bèl gazon, gen bèl sal, elèv yo byen chita etc sa yo se bagay ki ka enfliyans pozitivman randman timoun yo.**[Depatman Sidès].**

Patisipan#1: Gen lekòl ki vrèman nan [mauvais état], gen sal klas ki pa apropiye pou timoun nan aprann.Nan lise gen sal klass ki konn gen 110 timoun alòske Ministè a di se 60 timoun ki pou genyen. Gen sal klas ki gen fatra, pa gen fenèt pou van pase. Sa yo fè timoun nan pap ka aprann nan anviwònman sa. M panse espas kote timoun nan chita konte anpil, fòk li wè ak chita byen epi fòk li ka satisfè bezwen li yo, fòk twalèt yo [en bon état]. Kidonk anviwònman konte anpil.**[Depatman Sant].**

Patisipan #2- Fòk gen disiplin andan lekòl la. Genyen yon bagay ki enpotan, se pèsepsyon ke moun yo genyen de lekòl la. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #2- kote lekòl yo plase n tou pa egzanp Lekòl nasyonal de savanne dubois, se yon lekòl ki plase nan mitan yon mache, le vandredi paka gen mache, lekòl la pa antoure, moun ap antre soti nan lekòl la, machann yo vle enstale machandiz yo sou galeri lekòl la. Donk, timoun yo pètibe, yo paka travay. Lè rivyè a an kri, labou anvayi lakou lekòl la. Lè gen siklon menm, li konn kraze yon pati man lekòl la.**[Depatman Sidès].**

Patisipan#2: Anviwònman fizik la, se pa li k ap fè twop pwoblèm, nòmalman se pa yon bèl kay k ap fè lekòl la. Lekòl la gen dwa anba yon pye bwa, [il suffit que] timoun yo nan yon anbyans. Men gen kèk lekòl, se yon [maison

d'habitation] ke yo transfòme [en salle de classe] epi jwenn anpil timoun ki mal chita, Pye yo pandye, ban ki pou 4 timoun, ou jwenn 6 ak 8 ladann, timoun vin pa ka ekri. Nan moman chalè menm, timoun yo pa viv menm, yo ap swe, yo mal respire. Menm tablo pa pentire, li pa gen sipò pou li kanpe. **[Depatman Sant]**.

Patisipan #3- Gen de lekòl nan kapital la, se nan yo bandi ak zam abite, vin kache donk nan lekòl sa yo, nou paka pale de aprantisaj. Anvironman konn pa pèmèt lekòl fèt. Bandi konn soti deyò vin fimen andan sal de klas yo. Pa egzanp lekòl nasyonal tètilyen Gibo an fas Katedral, depi 2004 sitiasyon sa prezan men, yo pa janm delokalize lekòl sa. **[Depatman Lwès]**.

Patisipan#3 : Anviwònman fizik yon lekòl, favorize aprantisaj, [il n'y a pas de doute]. Men li pa yon faktè ki detèminan avèk 100%. Sa ta vle di gen lekòl ki mal [fagoter] men si li gen yon bon anseyan ki akonpaye timoun yo, ap kapab gen reyisit. Epi ou kapab jere anviwònman tou. Gen lekòl ki gen bèl batiman men ki pa bay rezilta, egzanp EFACAP. M panse anviwònman eskolè a enpòtan men li pa detèminan avèk 100% nan reyisit la. [Environment d'apprentissage] la, plis detèminan, M wè l sou 2 dimansyon : [dimension administrative de la classe et dimension pédagogique de la classe]. [Supposons] ke yon anseyan pa prepare kou li, e li pa vin [à l'heure], epi li pa yon [veritable médiateur naturel entre savoir et apprenants]. Sa ap jwe anpil sou reyisit timoun nan. Si mwen t ap fè yon klasman, m t ap mete anvan [environnement d'apprentissage] la. **[Depatman Lwès]**.

Patisipan #3- Kondisyon sanite anviwònman lekòl la ka gen yon enpak vremenegatif sou randman timoun nan. **[Depatman Sidès]**.

Patisipan #4- Gen lekòl kite koumanse anba yon pye bwa men ki vin gwo lekòl. Kounya se direktè a ki konn sa lap fè. Ou ka gen yon bèl kay men si ou pa gen direktè ladanl, si ou pa gen bon anseyan ladanl, se lave men siye atè toutfw, nou rekonèt ke enfrastrikti an ladanl tou men sepa li ki pi enpòtan. **[Depatman Lwès]**.

Patisipan #4- A kote de sa ki pètibe randman eskolè timoun nan, gen kek faktè tou ki ankouraje timoun nan. Lèl wè yon bèl lekòl, sa ki gen a wè ak pwoprete lekòl la, lèl wè yon bèl verdure etc. Sa yo ankouraje timoun nan. **[Depatman Sidès]**.

Patisipan#5 : Gen yon elèv yo te pran fèy anglè nan men li, pandan li nan bakaloreya se paske li te fè nwa epi lapli ta pral tonbe. Lè Lekòl yo pa dispoze de dlo potab, yo pa gen twalèt, tout sa yo afekte li. **[Depatman Sant]**.

Patisipan#6 : M panse gen twòp lese ale nan leta, kote li ta dwe ap konstri yon bon anviwònman. Yon lekòl sipoze gen anviwònman sila, pou pèmèt timoun nan santi, li nan yon [bain d'apprentissage]. Mem nan nivo leta, ou jwenn [des lycées sauvages] oubyen [des 3^e cycles sauvages] ke yon ansanm depite ak senatè lwe yon ti chanm kay. Lè, m ap gade liv Delima, tout sa ki gen rapò avèk edikasyon gen yon lwa ! lwa ! M panse anviwònman elèv la ladann nan, li pèmèt ke li santi l, nan yon milye aprantisaj. Sa nou ta vle, se yon aprantisaj divès. Kesyon timoun nan ki anvi konnen lasyans, ta dwe gen yon ti anbriyon laboratwa menm si se [en devenir]. Ou wè kesyon bibliyotèk la, sa nou rele bibliyotèk, nou ta dwe kòmanse nan [bibliothèque salle de classe], pou nou ta vini nan [bibliothèque de l'école] epi ou kòmanse [bibliothèque raison d'école] Se demach konsa pou moun yo kòmanse. M t ap di se [des

bibliothèques publics à gestion communautaire]. Fòk nou gen paran ki eveye, ki pou pa pè lekòl ankò ; jodi a li nòmral pou paran [au cœur de la gouvernance], li sanse gen yon ansanm komisyon ki [autour] de li menm, si li pa nan laboratwa men li nan jesyon anviwònman laboratwa, bibliyotèk la, kantin eskolè a. Lekòl la ap pi vivan epi l ap vini pi byen òganize. Lekòl la ap retounen [au village] paske fòk lekòl la fin òganize pou li ale òganize vilaj la. Epi gen kesyon pyebwa, espas vèt, lekòl la ta dwe transfòme tou... Lè gen yon lekòl, kominote a dwe patisipe pou chanjman lekòl la, pou evolisyon lekòl la. **[Depatman Lwès].**

Anviwonman Pedagojik ?

Patisipan #1- fondamantalman, direktè lekòl la se yon gwo moso nan reyisit timoun nan. Si nou pran 5 lekol ki gen meye randman, sepa lekòl ki konn resevwa vizit ministè a, se lekol ki gen pi bon **enfrastrikti**, sepa lekòl ki gen pi bon pwofesè. Se de lekòl ki gen yon **direktè responsab**, ki konn djòb li e sitou ki prezan nan lekòl li, li se vrèman yon modèl pou timoun yo, li enstalel kòm otorite, li se yon bon lidè. **[Depatman Lwès].**

Wilnor : rôle du directeur de l'école ... les bons résultats ne viennent pas obligatoirement de l'école qui a reçu la visite des inspecteurs ou qui a bénéficié d'autres choses... mais surtout celui qui a un directeur qui a un leadership solide... **[Depatman Lwès].**

Patisipan #1- Wòl materyèl la se fasilite konpreyansyon an sitou lè nou pran yon timoun ki nan premye ak dezyèm sik. Pou timoun sa yo, fòk ansèyman fèt de fason pratik. Materyèl la se eleman kap pèmèt ansèyman fèt de fason pratik e kap fasilite konpreyansyon bo kote elèv lan. Yon fwa nou gen materyèl, asireman, li pral gen enfluyans sou metòd la tou. Metòd la pral yon metòd ki plis dinamik, aktif, patisipatif. Si metòd la se yon metòd evalyatif, majistral, yon metòd ki anseye mo, wap wè timoun sa yo pap ka pwofite. Se 2 faktè sa yo, metòd la ak materyèl la ki kapab fasilite randman nan lekòl yo. **[Depatman Sidès].**

Patisipan #2- A kote sa direktè an sot di la, gen kèk lekòl ki konn achte kèk materyèl pou lwe timoun yo men, avèk nouvo segondè renouvle an, ministèan ap gade koumanl te ka mete kèk materyèl a dispozisyon elèv yo paske pwogram sa li plis pratik ke tradisyonèl. Gen de fòmasyon tou ki prevwa pou nouvo pwofesè sa yo menmsi yo te fèlekòl nòmral paske sa se yon lòt pwogram. **[Depatman Sidès].**

Patisipan #3- Kapasite pèsonèl administrasyon lekòl la, òganizasyon skolè, kalite ansèyman, apwòch pedagojik ou itilize nan lekol la, soutyen aprantisaj, rapò lekòl la ak elèv ki an difikilte. **[Depatman Lwès].**

Patisipan#3 : [formation des enseignants], motivasyon bò kote elèv la, [leadership] direktè a. **[Depatman Lwès].**

Patisipan #3- Eklèsisman m takapab pote, se vre direktè yo oubyen ministè an kapab mete de materyèl a dispozisyon timoun yo, men èske nan gwo lise yo, gwo kolej yo gen yon anviwònman pedagojik ki taka fasilite pwosesis anseyman aprantisaj ot ke liv elèv la. Lè sa nou te ka gen odinatè, laboratwa, « *fiche pour le corp humain* » kite ka fasilite aprantisaj la. **[Depatman Sidès].**

Patipan#3 : Si nou pran pwoblèm [qualification des enseignants], si yon pwofesè pa kalifye kòman li ka pèmèt yon timoun fè yon bon aprantisaj, kòman ou pral espere ak yon reyisit eskolè sa ? Epi nou ka di tou [absence de manuels

scolaires] nan lekòl yo. Pa gen [matériels didactiques] ki disponib nan lekòl Leta ak nan kèk lekòl prive. **[Depatman Sant]**.

Patisipan #4- « *Evaluation de l'apprentissage, la qualité des instruments de mesures, cohérence entre les normes d'apprentissages et les enseignants* ». Pafwa nou evalye timoun yo mal, nap mande timoun yo bagay nou pat mande yo. **[Depatman Lwès]**.

Patisipan #4- Gen lekòl ki koumanse entegre sa nou rele tablo numerik lan, sa pèmèt lè yap fè kou anglè, fransè pa egzanp, timoun nan wè imaj lan, pafwa yo jwe avèk imaj yo. M panse leta ta dwe entegre nan plis lekòl sa nou rele tablo numerik la. Pou matyè tankou geografi, gen lekòl ki itilize kat geografi, glob terès etc. pou timoun yo ka idantifye diferan pati yo. **[Depatman Sidès]**.

Patisipan#4 : Kesyon [curriculum] nan tou, jeneralizasyon segondè a, gen lekòl ki antre trè ta nan pwogram [nouveau secondaire] la. **[Depatman Sant]**.

Patisipan #5- Konfizyon ansenyan yo konn fè ant evalyasyon somativ ak evalyasyon fòmativ, si aktè nan ansèyman pa metrize paramèt sa yo, nou pap ka jwenn pèfòmans nan sal de klas yo. **[Depatman Lwès]**.

Anviwonman Familyal ?

Patisipan #1- Anviwonman familial la jwe yon gwo wòl paske timoun nan se pwodwi anviwonman. Relasyon manman-papa, frè-sè, vwazen-vwazin, manman-vwazin, papa-pitit elatriye kontribye anpil nan reyisit timoun nan. Estrikti dakèy timoun nan lakay lan trè detèminn nan randman timoun nan. **[Depatman Lwès]**.

Patisipan #1- « *la formation des parents et le niveau économique des parents*» (paran konn paka peye lekòl la, li konn paka bay timoun nan manje, timoun nan konn rete twò lwen lekòl la, paran konn paka jwenn mwayen transpò pou ale lekòl, lèl rive li tou fatige, li gen domi etc). **[Depatman Sidès]**.

Patisipan#1: Gen timoun ki an [domesticité]. Lè yo vin lekòl, yo ap domi, yo pa ka aprann. **[Depatman Sant]**.

Patisipan #2- Motivasyon familyal la konn aji sou randman eskolè an. Lontan, sosyete a te gen yon ekip valè li te konn bay lekòl la, (pouw patisipe nan teyat, fòw ale lekòl ; pouw manje yon bèl plat manje, fòw ppase lekòl elatriye) malerezman kounya nou pedi ansanm de vale sa yo. Fòk sosyete a ta retounen ak ansanm de valè sa yo pou lekòl la ta pran yon lòt direksyon. **[Depatman Lwès]**.

Patisipan #2- Enplikasyon paran nan lekòl la. **[Depatman Sidès]**.

Patisipan#2 : Anpil timoun yo soti nan [famille monoparentale], gen sa ki gen paran men yo pa disponib. Kidonk se timoun k ap jere timoun, pa gen ankadreman. **[Depatman Sant]**.

Patisipan #3- Paran, se yon faktè ekstè a lekòl la. Faktè ki soti de fanmiy lan, nou ka divize an 3 kategori : faktè ekonomik (revni paran yo, anplwa paran yo, abitasyon paran yo elatriye), faktè kapasite paran yo (kijan paran sa yo valorize lekòl, èske se de paran ki prezan nan kay lan, disponibilite paran sa yo, « *Les problématiques*

incapacitantes » (de paran ki gen pwoblèm sante, pwoblèm dwòg, pwoblèm ak lajistis) epi faktè sosyo (eskolarizasyon paran yo, koulè timon nan, lang yo pale lakay lan, konpozisyon fanmiy lan elatriye). Faktè sa yo etonanman enfluyansè randman eskolè timoun nan. **[Depatman Lwès]**.

Patisipan #3- Kesyon ekonomik lan ak fomasyon paran yo se mèt kesyon an. Gen yon bagay m konstate, gen de paran ki gen nivo inivèsité, lè sa, yo gen 2 posibilite. Non Sèlman yo jwenn kòb pou ede timoun yo men yo ka konpanye timoun nan nan etid li etc. Pafwa lè paran enplikel e li gen plis fomasyon, li nkò pi bon paske gen lekòl, siw panse se nan lekòl la timoun nan pral metrize leson yo, se lave men, siye atè. **[Depatman Sidès]**.

Patisipan#3: Se timoun k ap leve timoun. **[Depatman Sant]**.

Patisipan #4- Nivo de fomasyon paran yo detèminan nan randman timoun yo epi, pèsèpsyon paran yo gen sou kesyon lekòl lan tou. Li tap enpotan pou tefè yon etid pou wè timoun ki kite lekòl ayisyen yo, kisa ki fè yo kite egzateman. **[Depatman Lwès]**.

Patisipan #4- Gen paran ki bay timoun nan leson malgre timoun nan ap byen pwogrese e menm “*parmis les premiers*”. **[Depatman Sidès]**.

Patisipan #5- chak paran wè bagay la de fason diferan men lesansyèl se wè timoun nan remèt de bon rezilta. **[Depatman Sidès]**.

Patisipan#5 : Kondisyon sosyoekonomik la afekte randman eskolè a. Se eksperyans pa mwen. Plis paran kapab, se plis ou jwenn randman. M fè l sou yon ansanm lekòl men sa pa ekate posibilite pou genyen [des génies] pami timoun sa yo. Paran ki gen mwayen konn mete pwogram lekòl la sou òdinatè pou yo. Epi gen anpil ka, kote pwoblèm paran yo afekte timoun. Lekòl te ka deside mete sou pye yon pwogram [de prise en charge] pou paran yo. Gen paran lekòl ta dwe fè alfabetizasyon pou yo. Ou santi lyen ant paran ak lekòl ta dwe ranfòse si nou vle amelyore randman eskolè a. **[Depatman Sant]**.

Patisipan #6- A travè yon program USAID te gen (*projet bilatéral de l'éducation*), yo te fè yon komite paran nan lekòl yo de sòt ke paran kapab vrèman enplike yo nan lekòl timoun yo, yo fè fomasyon pou paran sa yo. konsa nou asire nou de enplikasyon paran yo. **[Depatman Sidès]**.

Anviwonman elèv la ?

Patisipan #1- Fòk timoun nan pa yon espektatè de fomasyonl, fòk timoun nan konprann kel se yon aktè. Fòk li antre nan yon lojik de « *co-construction* ». Fòk pwofesè a klè tou ke sepa li kap pote timoun nan sou do, fòk timoun nan klè ke se kenbe yap kenbe menl pou yo fèl ale pou kont li. Natirèlman, ou ka motive epi kondisyon yo pa reyini vre (ou ka gen pwoblèm santé pa egzanzp, manje, pwòpte). Fòk timoun nan klè ke motivasyon pèsonèl la se yon bagay ki detèminan nan reyisit eskolè li. **[Depatman Lwès]**.

Patisipan #1- Motivasyon, faktè konyitif (koefisyan entelekyèl li), sante. Men faktè famiyal la bokou pi enpotan paske si manman ak papa pa ini yo, sa kapab diminye pèfomans timoun nan. **[Depatman Sidès]**.

Patisipan#1 : [Satisfaction des besoins de base] lakay elèv la. Plis bezwen sa yo satisfè se plis elèv la ap aprann pou li bay randaman. [Alimentation, Santé]. **[Depatman Sant]**.

Patisipan #2- Pafwa tou se milye kote timoun nan ye an avèk paran li yo ki konn kominike timoun nan tout angouman sa yo pou li aprann. **[Depatman Lwès].**

Patisipan#2 : La, nou ka mete rekonpans la tou. **[Depatman Sant].**

Patisipan #3- Faktè pèsonèl ke elèv la paka kontwole (sèks li, lang matènèl li, pozisyonl nan fanmiy lan, èske timoun sa pa gen yon twoub aprantisaj, anseyan ki devanw lan, kontrent transpò elatriye) « *et les facteurs sociaux plus ou moins contrôlé par l'élève* ». **[Depatman Lwès].**

Patisipan #3- Distans lekòl la pa rapò ak lakay timoun nan. **[Depatman Sidès].**

Patisipan #4- Volonte, sa ki pral lye ak motivasyon. Faktè ereditè, gen anpil fanmiy kote ou wè majorite moun nan fanmiy lan progrese entèlekyèlman. Li syantifik paske ereditè an syantifik. **[Depatman Sidès].**

Patisipan#4 : Motivasyon elèv la. **[Depatman Sant].**

Patisipan #5- Gen sa yo rele yon eritaj kiltirèl kote timoun nan vin jwenn paran gen odinatè, elatriye, lap transmèt yo a timoun yo, saka enflyanse randman timoun yo. **[Depatman Sidès].**

Patisipan#5 : Menm si [besoins de base] satisfè men si elèv la pa gen enterè. Mwen kwè se yon lòt bagay. Fòk nou ede timoun yo gen konfyans nan yo menm depi nan [prescolaire] pou yo konprann kisa yo vin chache lekòl. Timoun nan ka gen tout bezwen sa yo men si li pa jwenn moun k ap ede li, k ap [susciter] enterè sa nan li, k ap fè l konfyans, li pap ka fè anyen. Vizyon lekòl la ta dwe pataje avèk tout elèv yo ki se aktè prensipal la. **[Depatman Sant].**

Patisipan #6- Gen timoun ki pran inèd tan edmi pou yo rive lekòl lan. Gen yon tradisyon, moun nou yo abitye pran anpil tan mache pou rive lekòl, se sak fèm pran distans ak kesyon tan. **[Depatman Sidès].**

Kesyon#8

Daprè nou menm, ki pi prensipal pwoblèm nou rankontre nan efò nap fè pou anseye timoun nou yo nan peyiDayiti? ki pi gwo pwoblèm ki genyen ? Poukisa?

Patisipan #1- Lang lan se yon gwo pwoblèm epi metòd yo tou.

Lang lan limenm kòm nou sot dil deja, gen anpil timoun ki paka pale fransè epi tout matyè yo anseye an fransè. Menm preskri ke ministè a bay pou ansèyman fèt nan lang matènèl timoun nan, sa pa respekte. Nou kontinye ap fè timoun nan aprann yon seri de konesans nan yon lang ki pa lang li, sa konn konstitye yo sòt de blokaj pou timoun nan.

Epi, pou sa ki konsène metòd yo, lekòl yo twò tyorik ke Pratik. Elèv la twouvel nan yon sitiyasyon kote se resevwa timoun nan toujou ap resevwa nan men pwofesè a. mwen toujou ap mande poukisa fransè yo pa janm vini ak yon metòd pou pèmèt yo aprann fransè an pi fasil menmjan ameriken yo fèl. Se yon pwoblèm de metòd ki poze ak aprantisaj fransè an e ak apransisaj lòt matyè yo. **[Depatman Sidès].**

Patisipan#1: Pou mwen gen yon pwoblèm ki pi grav, se pwoblèm [journée de couleurs], pwoblèm plezi a nan lekòl. Kote yo konn pran menm kèk semèn, lè fèt lekòl la pral rive, sa yo rele [semaine prélude], kote yo ap pase mizik

(Izolan, Tonymix), timoun ap danse, yo ap pran plezi. Ou jwenn sa nan lekòl tankou (St-Martin, St-André, Dumarsais Estimé). **[Depatman Sant]**.

Patisipan #2- Pou nou menm ki nan lekòl segondè yo, yonn nan andikap nou genyen se yon pwoblèm materyèl. Gen lekòl swa se liv timoun yo manke, swa lòt materyèl pou timoun yo kapab itilize. « *Manque de matérielles didactiques* ». Pafwa se nòt pwofesè a oblije ap ekri pou elèv la. **[Depatman Sidès]**.

Patisipan#2 : Kòm nou pap fòme timoun kòm responsab nan tèt nou, pou bezwen peyi nou. Moun gen mwayen ap fòme timoun yo pou lòt peyi. Tout tan nou pa rive gen yon sistèm inifòm pou lekòl yo fonksyone, pale !pale !, nou pap rive. Fok Minisè a responsab pou li rive inifòmize tout bagay pou nou ka konnen kote nou prale. **[Depatman Sant]**.

Patisipan#3: Nòmalmman ki pwogram nou genyen? Ki sistèm edikatif? Ki politik nou gen? Ki nominasyon yo ap fè? Nou gen yon pwogram, si li la depi 1980, mwen vle di, li gen 36 lane. Alòske yo ta sipoze fè yon pasemen nan pwogram sa chak 5 lane, li toujou rete menm. Dabò liv k ap fèt yo, pa mache avèk pwogram nan, yo ka respekte 25% nan pwogram nan. Soti nan yon lekòl ale nan yon lòt se pa menm liv yo k ap itilize. Gen yon sèl pwogram men gen tout kalite [Manuels scolaires]. Moun yo nome se moun ki gen relasyon politik avek depite epi senatè. Answit, gen twop jou konje nan lekòl yo. Ankò, nou gen lekòl ki ouvri lè yo vle menm si gen yon dat pou tout lekòl ouvri. Anfen elèv pa janm rive fè [nombre de jous de classe] yo te prevwa. **[Depatman Sant]**.

Patisipan#4 : Lekòl gen 2 kategori [personnels éducatifs]: [Des personnels mercenaires], gen moun ki pa jwenn anyen pou yo fè, yo oblije fè lekòl et [des personnels en en transit], gen moun ki nan edikasyon, li ap chache kilè, l ap jwenn yon lòt bagay. **[Depatman Sant]**.

Patisipan#5 : Pauvreté. **[Depatman Lwès]**.

Patisipan#5 : Lè m ap gade, m poze tèt mwen kesyon. Ki avni peyi sa avek mòd lekòl nou gen jodi a ? Ti gwoup lekòl ki dispoze de pwofesè kalifye yo, li vrèman minim. Menm sa ki gen pwofesè kalifye yo, m ap mande eske yo [complètement motivé], yo pa santre ansèyman sou elèv yo, sou aprantisaj la. Lè n ap gade lekòl, nou sipèvize pou BDE, gen pwofesè ki pa ka pran fòmasyon epi se yo menm nou ka fè apèl ak yo paske reyalyite lekòl sa yo, nou pa ka mande pou yon nòmalyen vini epi lekòl sa yo pap ka peye. **[Depatman Sant]**.

Patisipan#6 : Menm jan lekòl la, kominote a antre pou li chanje l, lekòl la ta sipoze ede kominote a chanje, nan sa ki wè avèk [pauvreté, environnement]. **[Depatman Lwès]**.

ANNEXE 7.5 : Retranscription de Focus Groupe avec les parents par département

Kesyon#1

Eske pitit ou reyisi lekòl, eske yo pase chak ane? Dapre'w kisa ki eksplike sa?

Gwoup Paran elèv nan Lise PENCHINA/DEPATMAN SIDÈS

M Gedeon : Alò, mwen menm map di timoun yo reyisi lekòl, se pa rapò avèk gason yo travay. Pa egzanp lekòl la tou timoun nan tou poul reyisi fòk lekòl la byen travay, fòk gen dè pwofesè non selman ki konpetan, men disponib, sa vle di ke pwofesè yo dwe travay chak jou ki gen lekòl. Si pwofesè a ap bay ratman, sa ka rive timoun nan te ka bay plis randman nan egzamaen'l ta pral sibi. Men kan pwofesè a ap bay ratman, timoun nan gen dwa vinn lekòl pa gen pwofesè poul travay donk s'on andikap kanmenm. Lòt bagay m'ka di se yon konstataasyon mwen fè mwen menm, le pli souvan, mwayen ekonomik yo konn pa'l, sa vle di ke timoun lan gen dwa al lekòl epi lespri'l trè lwen, imajine yon timoun ki al lekòl, li gen dwa sot lakay li, li pa menm manje menm, timoun ki grangou a pa menm ka aprann. Paran gen dwa nan lenposibilite pou'l ba'l menm yon 10 goud pou'l met nan pòch li. Timoun nan gen dwa la pwofesè a ap travay lespri'l tre lwen, sa kapab koze yon echèk pou li, une fois ke gen plis mwayen a pwen de vi ekonomik l'ap pi fasil pou timoun lan reyisi.

Mme Denise : Kisa map di, si timoun nan fè tout ane ap pase se paske timoun nan te sou sa limenm, pa fòseman si pwofesè a bay yon ratman yon fwa pou timoun nan tou lese grennen poul pa kontinye chache deyo kisa'k genyen le pwofesè a vini pou ka chèche randman moun lakay li bezwen an.

Santory : Si timoun lan toujou kontinye pase chak ane lekòl, timoun lan li, menm ke pwofesè a ta bay ratman, men paran li menm tou gen yon travay kolosal poul fè timoun lan fè, fòk li toujou egzije'l pou'l pale ak timoun lan, pou'l di'l men kisa'l bezwen, men kisa'l ta renmen'l ye nan lavi'l, sa'l ta dwe fè se etidye pou li etidye puiske lavi a se yon echèl li ye, si'w bezwen reyisi fòk ou fè efò, fòk ou kòmanse pale ak timoun lan si'w ta renmen li vini yon enjenyè demen si dye vle oubyen yon agwonòm. Men si tavy sa paran pa fè'l, lakay timoun lan, siman se timoun lan gen dwa yon lekòl lap bay blag, anyen pa enterese'l fòk timoun lan konn sa'l vle, fòk gen yon edikasyon ki fèt ka timoun lan.

M Gerson: Avan tou pou yon timoun rive reyisi nan lavi li fòk li ankadre, fòk paran oubyen pesonn responsab la ankadre li, ankadre li sou plan bezwen, bezwen primè. Fòk timoun lan jwenn li, si li pa jwenn li, li ka yon andikap pou li pou li reyisi, answit fòk timoun lan gen volonte, yon volonte ki pesonel, le mwen di ou volonte pesonèl la fòk timoun lan konn sa li vle, ki objektif li, epi fòk li gen yon gid, ki pou ap pale ak li, ki pou ap menmen li ale, ki pou ape de li. Se tou.

M Aubin: Pou'm rejwenn sa lòt kamarad yo sot di la, mwen ka di yon timoun ki lekòl, an premye lye, fòk paran gen sans de responsabilite, sa vle di, ou gen timoun lan ou konnen li ale lekòl, ou voye'l lekòl, pandan timoun nan li menm li gen dwa ap kalbende nan la ri a, kalbende a vle di : li ap amize'l ak lot zanmi nan la ri, klas ap travay li pa la. Ou menm gen yon kontwòl antanke paran, antanke fanmi ou dwe mete sou timoun lan konn lè lakay ou, konn lè li sòti, si ou se yon paran responsab fòk ou ta swiv pou ou we si li rive lekòl la. Avèk sa, ou ede li, ou ede lekòl la avèk timoun lan, epi lè ou gen timoun, ou pa lage'l li menm sèl, ou di li gen liv, li gen kaye, li gen plim pou li travay ou fè timoun lan lè li lakay ou, ou gen de kesyon pou ou ap poze'l. M'pa konn ki nivo yon paran te gen dwa ye, men si ou gen timoun lan de setyèm ane mwen mèt di a la filo, ou gen dwa pat fè filozofi'w, men ou fè retorik ou, ou fè twazyèm sekondè diran lap brile etap sa yo, ou gen yon pakèt ide wap bay timoun lan ki pèmèt li menm li avanse e lè li devan pot ou eseye ou menm kreye anbyans, ti zanmi pou li, pou'l pa rete san li pa etidye, ou menm ou mande'l èske'w pa gen zanmi pou ou repase ? Ou achte tablo ba li, ou gen yon seri de bagay se pa pantan li pantan sou yo, li gentan wè yo déjà. Ou genyen lekòl la, te sipoze gen yon reyinyon ak paran yo chak mwa, ki pou ta pèmèt ou kontwole travay elèv ou genyen kap mache lekòl la, paske gen dwa gen yon pwoblèm kote lekòl la oubyen kote elèv la, ou pa konnen'l se nan reyinyon an tout bagay ki te genyen ou pat konnen yo ou pral vinn aprann yo.

M Larose : pou yon elèv rive reyisi, fòk paran pran responsabilite li, fòk paran bay elèv la yon bon ankadreman, dezyèm bagay la pou yon elèv reyisi lekòl tou fòk lekòl la travay regilyèman, si gen ratman kou, elèv la gen dwa pa ka reyisi, se vre elèv la kapab al chèche kou deyò, men lekòl la ta dwe bay kou nomalaman. Twazyèm bagay la, gen kèk ti pwoblèm a nivo elèv la, pa egzanmp si elèv la sòti lakay li, li vid gen bagay li ka pa rive anmagazine.

M Garry : Nou menm antanke paran, pou timoun lan reyisi nou ba li tout sa li bezwen, pou noue de li, paske se nou menm lakay nou ki drene timoun sa pou li kapab mache vè lavan. Nou achte tout materyèl bay timoun sa pou li kapab aprann donk nou toujou al verifye, gade èske timoun sa etidye vrèman, nou fè li resite lakay pan ou tou, paske antanke paran nou gen yon gwo responsabilite anvè timoun sa. Pafwa nou menm achte tablo mete nan kay la, pou timoun sa, pwogram lan défwa pwofesè a konn pa rive abouti avèl, domk nou kwè ke si paran pran responsabilite li, li fè pwogram pou timoun lan, sa vle di li gen lè pou li jwe, lè pou li kenbe lekòl la, mwen rete kwè ke si nou menm paran nou pran responsabilite nou de konsè ak direksyon an, mwen rete kwè ke tout bagay ap posib, nou kwè ap gen yon bon reyisit kanmèm.

M^{me} Edelyne : Gras a Dye timoun yo toujou riteyisi chak ane, nou pran responsabilite nou, mwen menm pa chita, men nou toujou pran responsabilite nou lè nou vini nou toujou ap rele aprè yo pou nou konnen si yo etidye, paske nou toujou ansanm ak yo, menm si lajounen nou pa la. Men lè timoun lan vini nou pa egzije'l pou noua p ba li yon seri de travay pou fè, pou li pa gen tan, paske fòk ou ba li tan pou li etidye tou, pou li kapab reyisi tou.

M^{me} Désir : Mwen menm, mwen te gen de (2) timoun ki lekòl, se Pinchinat ki se youn nan lekòl mwen toujou renmen depi lontan, men akoz pitit mwen te vin nap pran echèk nan lise, mwen te plis mete'l nan kolèj, paske moun yo te

vinn pran lise a pou yon biznis, chak sa ki genyen se elèv yo ki peye konsekans lan, si timoun nan pa sou sa li paka lekòl nan lise a, si manifestasyon ap fèt chak jou elèv nan lari, bagay sa li menm pou'n chache trete, timoun lan yo sove la, fè manifestasyon, se bagay politik ap pran timoun lan mete li nan lari, depi gen yon bagay Pinchinat deyò se kou kap pèdi, epi depi timoun lan pèdi kou a li pap refèt ankò, li pèdil nèt, ki koz timoun lan lè li pèdi kou a li pap jwenn li ankò, l'ap chèche lòt pou pran ti nèt, fòk ou jwenn yon pwofesè anndan lise a ki pou ede'w, fòk militan y opa pran lise a sèvi biznis se sa ki kraze plis elèv yo.

M^{me} Marie Carme : Timoun mwen yo toujou reyisi, paske mwen gen de (2) timoun ki nan lise dè jèn fi, yo reyisi ak bèl mwayèn paske mwen ede yo, paske mwen pa soti se lakay mwen mwen gen biznis epi mwen toujou la, mwen fè sa pou medam yo ta fè, konsa yo toujou reyisi, mwen genyen yon pitit ki isit la, li ede medam yo nan zafè matematik, se domèn pa li, alò mwen pa konnen pou lòt moun, men mwen menm pitit pa'm yo reyisi.

Mr Oneil : Mwen menm, timoun mwen yo reyisi, mentenan sa ke mwen ap di, mwen prezante yon felisasyon, malgre lè fèb mwayen leta ayisyen pa vrèman lage edikasyon an Ayiti. Nou konprann ke genyen anpil defwa timoun yo konn pran echèk nan bakaloreya se paske gen kèk vid kip a konble, trè souvan timoun yo nan la ri, yo konn fè nenmpòt de (2) semèn nan fè manifestasyon poutèt kisa ? Yo pa gen pwofesè, donk lè konsa menm lè timoun lan degaje li, li reyisi sa kapab kreye yon vid, nan lavi li, nan etid li, mwen ta swete ke leta kontinye akonpanye noue pu nou menm paran, nap fè tout sa ki depann de nou pou nou jere timoun yo, paske twa (3) antite ki fè lekòl, si paran y opa demisyone, timoun yo pap etidye epi si yo pa jwenn kou lekòl pagen anyen ap mache byen alò mwen ta swete leta pran responsabite'l, kontinye akonpanye nou, bay pwofesè, pou ke timoun yo jwenn kou regilyèman, pou ke sa pa pote echèk pou yo nan bakaloreya.

Mme Antonia :Mwen menm timoun mwen yo toujou reyisi, antouka mwen gen de (2) kipase la, mwen di Bon Dye mèsè, mwen pa di se mwen menm kif è yo pase paske mwen menm mwen pat gen memwa, mwen pat gen chans pou mwen te ale lekòl, pou'm te ede yo, men Bon Dye li menm li te pase ak David la, li pase ak de (2) pitit mwen yo. O non de Jezi yo reyisi.

Gwoup Paran elèv nan Institution mixte Frère Francito/ Depatman Lwès. (9)

Boulay: Premye a li pase chak ane, 2em nan, li pase, li pase nomalman, 3eme nan menm jan

Julo: bon, depi elev la jwenn bon travay, bon pwofese, m sanse ke lap pote not en...

Joseph: wi, timoun mwen an pase chak ane, paske nou konsantrel' plis sou zafe edikasyon an

Bernadette: wi, timoun mwen an pase chak ane paske li toujou ap etidye, li toujou ap travay davantaj.

Kaloudy: ya, donk, timoun mwen an li pase chak ane, donk, men genyen kek ti regresyon pafwa pa egzant nan chak ane skole yo, defwa li regrese, defwa li pwogrese, m panse ke ofi e a mezi lap pwogrese plis davantaj pou lot klas yo.

Emile: (Deplase).....

Erica: wi, timoun mwen an toujou pase chak ane paske l' konsantrel' sou edikasyon.

Rose-jardine: wi, timoun mwen pase chak ane, paske'm kwe lekol la bon.

Vitaline: timoun mwen pase chak ane paske lekol la byen travay

Evinson: se paske mwen we o nivo de travay ke li pote banm nan m we ke li, lekol lan li an mezi fe timoun nan ka pase chak ane.

Gwoup Paran elèv nan Institution mixte Frère Louisdor CINEAS/Depatman Lwès. (10)

Zilina: Wi, pitit mwen yo reyisi chak ane dapre bon edikasyon yo jwen nan lekol la, bon jan travay, bon jan pwofese ki travay avek yo, epi yo mete bon jan entelijans tou, ki fe yo reyisi.

Fanelia: Pitit mwen reyisi chak ane, li gen bon jan ledikasyon lakay li apres a m achte materyel yo pou li epi li jwenn pwofese kap travay avek li.

Olius: Wi, li toujou reyisi, e avek metod de travay pwofese yo an plis materyel elev la, li gen tout materyel li, se sak fe li reyisi.

Cenac: Wi, alo timoun mwen yo toujou reyisi, nan ki metod nou we, gen anpil metod ki itilize nan lekol Freres Louisdor Cineas paske pwofese yo travay ase byen e de mem materyel didaktik yo bay yo nomalman, nou jwenn tout dokiman, yo posede yo, sa rann ke yo bay rezilta nomalman.

Juillet: Wi, timoun yo toujou reyisi pou chak kontwol nan lekol yo, dapre edikasyon yo resevwa yo, yo toujou gen materyel epi sa lekol la bay yo a, yo bay rannman ansanm avek li nan lekol la.

Nicole: wi, mwen gen 2 timoun nan lekol Frere Louisdor Cineas, timoun mwen yo toujou reyisi, lekol la gen bon pwofese yo pran pasyans avek yo, epi tou mwen toujou ede yo nan mezon lakay mwen, yo toujou banm bon rezilta.

Bertha: Wi, m gen 4 timoun lekol la, yo toujou reyisi, pwofese a toujou byen travay ave yo, m toujou fe yo etidye tou, chak peryod yo toujou reyisi, m gen pitit.

Florvin: reyisit timoun yo nan lekol la se paske avek materyel ke yo bezwen toujou disponib avek pwofese yo ki disponib a yo menm a le toujou travay. Sa pemet yo reyisi fasilman lekol la louisdor.

Ronald: Bon yo reyisi chak ane se paske lekol pran, non selman nou menm paran nou pran responsabilite nou epi lekol la tou fe devwal, paske san paran lekol la paka fe sal vle dwe fe a epi san lekol la tou, timoun yo san lekol la de konse avek paran yo ou paka reyisi.

Emanuel: Bon, mwen menm mwen se paran 2 lekol la, gen youn kap viv prem' li toujou reyisi, m panse reyisit li a, li eksplike pa le fet ke li jwenn yon siveyans kontini lakay la, men lot la ki yon ti jan ap mache bwate, ki pap viv prem, m panse se paskel pa jwenn siveyans sa a. donk, reyisit la li eksplike pa le fet ke timoun nan, non Selman lekol la fe travay li, epi paran lakay pal tou, li fe travay pal la, e si paran pa fel reyisit la, li gen chans poul pa al jwenn li,

Gwoup Paran elèv nan Lise Jeremi Eliazer de Casal/Depatman Grandans. (11)

Simon: wi pitit mwen pase lekol, li travay, li reyisi, paske lekol la pote yon bon fri pou li ki fe li reyisi lekol li jwenn pwofese li travay, lekol la tou, li toujou rantre a le, li toujou fonksyone byen.

Pierrilus: Wi, lekol la, staf anseyan yo, paran elev, nou fome yon patenarya ki pemet timoun mwen toujou reyisi lekol.

Similus: wi, timoun mwen toujou reyisi lekol lan, an premye lye genyen travay pwofese yo ki se yo yon travay efikas, epi genyen responsabilite paran an, paske genyen paran ki se youn nan woch dife yo ki motive timoun nan. Sitou pa bo lakay mwen, toujou motive timoun yo paske yo paka pa travay vre. Le nap konstate pou anpil lot gen lese grennen ki pa bay rezilta, donk, se sa, se motivasyon epi travay lekol lan ki efikas ki rann timoun yo toujou reyisi

Marcelus: Wi, sa fem reyel plezi pou Lycee Jeremie Eliazer nan Cazal, paske sa fem 3 elev m genyen ki pase nan lekol la, toujou reyisi, m genyen denye sa ki la, li reyisi konyea l' pral fe 9em ane, sa fem plezi e m,' di responsab lekol la mesi ak tout travay kap travay nan lekol yo, yo fe bon travay m satisfè de li.

Robert: wi mwen menm mwen gen yon pitit lekol la, ane sa li pa pase, men fom diw sak fe li pa pase, li pap viv menm kote ave mwen, se mwen menm ki ta pou ede li, bo kote manmanl lap viv, manmanl a enterese avek li, men fom diw nan, se yon elev ki telman entelijan, menm pwofese ki fe 6em ane a ap mande ki jan misye fe pa reyisi nan moman sa yo, men nou di se pa pwofese, se pa koz de pwofese, men se koz li ap viv la ki fe sa

Theodor: mesi, reyisit yon elev nan lekol la, sa soti bo kote staf lekol la, e bo kote paran e si direkte, pwofese la bay elev la bay elev la yon devwa li rive lakay li, li pa jwenn yon paran ki pou reponn a lapel, travay lekol la anven, men se bo kote paran e bo kote lekol la pou kapab jwenn reyisit yon bon travay, nan men elev la.

Joseph: wi, pitit mwen toujou reyisi chak ane byen ke se pa san pou san men finalman pitit mwen yo reyisi

Genise: wi, mwen vreman santim satisfè de lekol la, mwen gen 2 timoun lekol la yo toujou reyisi, e tou nan mwen menm gen anpil kolaborasyon antre pwofese direkte e paran, lekol la bay bon rannman, moun vreman satisfè

Arnold: mwen menm m satisfè avek lekol la paske m gen youn lekol la chak ane l' pase men li pa gen pwoblem pou pwofese men depi pwofese, pwofese pa janm pa vin a le, depi pwofese vni a le, vin travay avek yo, monche se nomal, li bon pou yo.

Jonas: mwen gen yon elev lekol la, erezman li toujou reyisi e m toujou kenbel an alenn, setadi mwen jwe responsabilitem antan ke paran, toujou pote kiryozi sou devwal' ou konprann, m pran sa an chaj nomalman, l toujou reyisi

Andreecene: mwen menm mwen gen 2 elev, 3 elev kite lekol la la, mwen gen yonn ki fini, mwen gen 2 la, men se menm jan toujou, siw ta we lekol la, siw ta we anpil timoun pa pase, se pa fot pwofese yo, gen dwa sa soti nan elev

yo, men fok se paran ki pou rele apre yo, nou toujou konnen pwofese yo, ba yo bon doz, men se elev la ki gen dwa pa pran men pam yo toujou byen mache.

Desilien: reysit yon elev li depan de direksyon, de pwofese e paran si paran pa pran sa a la chaj elev la menm le li ta pran not li gen leson li pap janm ka reyisi limenm, mwen menm m toujou ap ede timoun yo pou yo travay, le yo vin avèm kot devwa ak kot leson yo tou pou yo kapab edike yo, po yo kapab reyisi.

[Gwou paran elèv nan Beladè/Depatman Sant]. (6)

Frederic: M di wi ti moun nou yo pase chak ane. Alò map pale la, m pa ka di tout pitit mwen yo pase, men map pale kom moun ki fè pati komite lekòl la. Mwen gen 2 ti moun lekòl la. Yo toujou pase se paske mwen menm tou mwen jwe wòl pam antan ke paran. Paske ti moun ak pwofesè a sèlman pa sifi. Pliske elèv la pase plis tan avèm, mwen fè travay pam pou ti moun yo reyisi.

Meriel: Mwen te gen timoun lekòl la, kounye a, mwen pa gen ti moun lekòl la. Men ti moun mwen te toujou pase. Men pwoblèm ki genyen, ti moun yo konn manke pa pase paske ministè a pa nome tout pwofesè ke l ta dwe nome. Sa m konsyan de sa . Lè pwofesè a gen pwoblèm li se pou m wè se pwoblèm pwofesè. Mwen rann kont ministè a pa toujou nome kantite pwofesè. Ane sa a, se ti kèt paran an ki pèmèt yo peye pwofesè sa yo. Kòmanw konprann nan mwa jen an, yo pa ka peye pwofesè yo ? Sa ka enfliyanse sou pwofesè a, li ka fè l neglije jiskaske gen ti moun ki pa pase. Lontan leta te konn mete ti aktivite pou paran yo fè ti kòb, men pa gen sa ankò. Leta pa ankadre paran yo, Nan sans sa a, yo oblije adone yo nan aktivite komèsyal sou fontyè ayisyano dominikèn. Sa lakoz paran yo pa gen tan pou ankadre pyès ti moun epi sa konn lakoz echèk. M ta swete leta nome pwofesè epi sonje paran nan bay yo ankadreman.

Marie-Ange : Mwen antan ke paran, mwen 2 timoun. Mwen gen yonn ki pase ak yon lòt kap fè reto ki pa pase. M pa di elèv la pa responsab, men malgre se yon ti nyès mwen, ti moun nan pa sèl responsab, men lekòl la responsab tou. Paske yon ti moun ki fè bèl mwayèn 1^e ak 2^e trimès, mwen vin reyalize se twop timoun ki genyen nan reto yo, yo pap fè 2 filò, sa lakoz gen timoun ki pa pase ki ka travay. Nou ka wè nan ki difiklte paran yo ye lè yo pa ka peye kolèj pou ti moun yo,

gade ki jan ti moun nan oblije pèdi yon ane paske li oblije double reto a. Paske li pap jwenn fich si li ale fè filò a lòt kote. Sa lakòz yon reta nan avansman timoun nan.

Laguerre : M pa gen pitit espesyal men m gen ti fanmiy. Gen ki pase, gen ki pa pase. Rezon sak pase yo, pafwa ou menm antan ke paran ou estime timoun nan dwe etidye, ou fè yo pran liv yo. Men gen kèk enkonvenyan poun poze tankou jan mèt Meriel sot di l, edikasyon nasyonal pa nome tout pwofesè yo vre. Gen klas ki gen pwofesè pou tèl ou tèl matyè. Pliske mwayen ekonomik paran yo fèb, yo paka peye bay timoun yo leson sa fè gen echèk.

Beatrice: M gen 3 timoun lekòl la. M di Bondye mèsi tout 3 yo reyisi. Men sim te fè manfouben, tout te ka pat reyisi. Paran gen responsabilite pa l, pwofesè a gen responsabilite pa l.

Hilaire : M pa gen ti moun lekòl la men m gen ti fanmi m lekòl la. Anpil reyisi anpil pa reyisi. Ministè edikasyon nasyonal pou bokou nan echèk yo. Paske lè w voye yon pwofesè vin travay ak elèv, epi li pa touche, nou gentan wè pwofesè a ap dekouraje. Konsa tou elèv la ap dekouraje. E se sa ki lakoz elèv yo pa reyisi.

[Gwoup paran elèv nan Collège Le Primat de l'Esprit/Depatman Nodwes]. (8)

R-Patisipan 1(Stervencia): Wi yo reyisi lekòl. Yo reyisi lekòl chak ane. Sa ki eksplike ke yo pase, se alèd de not yo fè, matyè yo yo konpoze, fèy yo ba yo. Aprè sa yo pran kanè, ou wè yo pase.

R-Patisipan 2(Sherlie): Yo reyisi lekòl yo pandan 9 mwa yo te lekòl, yo t ap etidye. Epi depi timoun nan gen tout liv li tou, li fokis sou sa l ap fè a epi yo vin pran kanè, kote nòt yo pote ban nou an, alèd de sa timoun yo reyisi paske yo fè mwayèn. Mesi.

R-Patisipan 3(Benjamin): Wi yo reyisi se dapre ke nòt yo fè lekòl la epitou siveyans ke nou fè sou elèv yo pou yo kapab travay byen paske san siveyans timoun yo pap kapab travay pou yo reyisi. Se sa ki fè yo reyisi.

R-Patisipan 4(Edwige): Se pa tout ki pase chak ane.Sa pral depann de kapasite elèv la. Gen nan yo ki plis entelijans ke lòt, gen nan yo se plis sou plezi yo kanpe. Epi sa pral depann de kapasite pwofesè a tou paske gen pwofesè tou ki pa gen menm kapasite ak yon lòt. Donk sa ki plis entelijan pafwa, ni l etidye, ni l pa etidye l ap pase. Men genyen tou malgre pwofesè a eksplike men li plis kanpe sou blag. Pafwa ou gen dwa di se pwofesè a ki pa bon poutan se elèv la ki neglijan avek tèt li. Donk sa konn rive kote ke yo pa pase, konsa tou genyen ki fè plis efò ke lòt e ki arive pase. Pwoblèm nan se nan tout konpatiman lekòl la li ye, ni nan paran ki neglijan, ni nan pwofesè ki neglijan, ni nan elèv la ki neglijan ak tèt li tou. Se sa m ta kapab di.

R-Patisipan 5(David): Wi yo reyisi chak ane paske n kenbe yo di, lè fini disiplin nan kenbe yo di tou avek pwofesè yo ki fè yo reyisi chak ane.

R-Patisipan 6(Wisly): Wi. Reyisi yon elèv pou yon ane lekòl gen 2 aspè ladan l; premyèman angiz de ki lekòl timoun ou an ye, dezyèmman tou ki jan de kalite paran timoun nan genyen lakay li ki ankadre l. Anpil fwa timoun nan andwa konn gen yon talan ki devlope lakay li epi l gen yon paran ki neglijan epi timoun nan devye lekòl. Men si l gen yon paran ki pran responsablite l epi lekòl la se yon lekòl ki konfotab, mwen panse timoun nan ap reyisi.

R-Patisipan 7(Cilia): Bon, pou pa m yo, yo toujou fè mwayèn pa la gras a Dye. Men Bondye toujou ansanm avèk yo. Gen nan yo tou ki pa konn fè mwayen. Gen nan yo ki konn gen pwoblèm estoma men pa la gras a Dye, yo toujou fè mwayèn. Mèsi.

R-Patisipan 8(Rolph): Se yon plezi pou m la jodi a Josué. Fom di w byen, antanke ansyen prezidan kolèj la, nan 3 elèv mwen genyen isi a, gen youn ki te double yon fwa men koz la se pa koz timoun nan, se pa koz pwofesyon an men se koz neglijan li paske se pa yon timoun ki sòt. Men sèlman sa m vle nou konnen, dèfw lekòl la mèt yon gwo kolèj, li fè sa l kapab pou timoun nan reyisi men elèv la fè neglijan pa l. E si w wè yon timoun pa pase nan kolèj Primat de l'Esprit se neglijan elèv la paske pwofesè yo fè tout sa yo ka fè, elèv la fè tout sa l ka fè pou l reyisi paske m te pase la tou, sa fè m ka di sa jodi a. Si jodi a m gen 3 elèv la se paske m konnen kote m te ye anatanke ansyen prezidan, m konn kisa ki Primat a. Se pa yon plezi l ye, depi w lekòl fòk ou sakrifye w. Menm jan mèt Edwige t ap di l la, fò w etidye di, fò w travay pou w pase. Mèsi pou entèvyou sa a.

Kesyon#2

Eske ou gen timoun ki deja desann nan egzamen ofisyèl? Si se wi, eske yo te pase oubyen rekale?

[Gwoup Paran elèv nan Lise Penchina/Depatmn Sidès]. (12).

M^{me} Edelyne : Wi mwen gentimoun ki ale nan egzamen ofisyèl déjà, epi gras a Dye yo reyisi. Nou toujou atantif avèk yo pou lekòl la, se se selon mwen menm ki fè yo reyisi.

Mr Gary : Wi nou kapab di nou genyen déjà, menm lè gen feblès nqn lekòl yo ; nou te kanmèm mete yo nan lesou, pou yo te kapab aprann nan lesou yo pa rapò a lesou an yo te rive reyisi.

Mr Larose : Mwen pa't genyen nan ane pase, men pou ane sa, mwen gen twa (3) ki desann.

M Aubin : Mwen gen yon elèv ane sa ki konpoze nan filò, men nou poko gen rezilta la.

M Gerson : Mwen gen yon elèv ki patisipe nan egzamen ane sa, li Pinchinat, nou poko gen rezilta

M Santory : Mwen gen twa (3) elèv, de (2) desann ane pase, youn ale ane sa mwen poko gen rezilta.

Mme Denise : Mwen gen youn li poko reyisi

M Gedeon : Mwen gen twa (3) elèv sizyèm, twa (3) elèv nevyèm, de (2) filò ane sa yo poko jwenn rezilta.

Mme Antonia : Mwen menm. Mwen gen yon elèv ki te ale nan filò ane sa . mw poko jwenn rezilta.

M Onel : Mwen gen youn ki konpoze, nan nevyèm, youn konpoze nan filò, mwen poko gen rezilta, men timoun yo dim yo byen konpoze.

Mme Marie-Carme : Se an twazyèm mwen te gen yon elèv, li pase pou segonn.

Mme Desir : Mwen gen youn ki fini depi de (2) zan, mwen gen youn ki an filò la li poko pran rezilta.

Gwoup Paran elèv nan Institution mixte Frère Francito/Depatman Lwès.

Boulay: non, timoun yo, yo te pase nomalman nan lekòl ofisyèl.

Julo: wi, yo byen travay, epi yo toujou fe bon not, epi yo pase nomalman.

Joseph: wi, li desann setifika deja, li reyisi gras a dye

Bernadette: pam' nan al konpoze nan egzamen filò men yo poko bay rezilta.

Kaloudy: Ya, pam' nan, dizon, li an mwayen 2, li poko traverse lot, jisteman ou konnen yo te chanje, yo te falsifye ore skole a ki fe li poko desann setifika. Ok

Emile: (Deplase)...

Erica: wi Pam nan te al nan egzamen 9em ane a yo poko bay rezilta.

Rose-Jardine: wi, yo toujou pase nan egzamen leta.

Vitaline: Pam' nan pral nan egzamen filò, lot ane kap vini

Evinson: M gen tou le 2 ki al nan egzamen ane sa nan filò yo poko bay rezilta, map tann, men kwe ke yap reyisi.

Gwoup paran elèv ki nan Institution mixte Frère Louidor CINEAS/Depatman Lwès.

Zilina: Wi men gen timoun ki pase egzamen ofisyel nan lekòl la deja, depi 9em jiska filo.

Fanelia: Non, m poko gen timoun ki pase egzamen ofisyel isi a deja.

Olius: Non, m poko gen timoun ki t'al nan egzamen ofisyel kekol la.

Cenac: wi, mwen gen timoun ki reyisi nan egzamen leta deja.

Juillet: wi, mwen gen timoun ki reyisi nan egzamen ofisyel isit la deja, se bon randman l toujou bay.

Nicole: Mwen gen timoun ki tal nan egzamen ki reyisi men se pa la l' te lekòl.

Bertha: Wi mwen genyen se la' lekòl, li reyisi nan egzamen ofisyel deja, li reyisi.

Florvin: tout reyisit timoun mwen yo isi an se 7em a filo, tout reyisi;

Ronald: Wi mwen te gen yon elev ki tal nan filo ane a, nap atann rezilta pozitif.

Emmanuel: wi mwen genyen ki pase nan egzamen ofisyel deja isi a e rezilta l te pozitif.

Gwoup paran elèv nan Lise Jeremi Eliazer Casal/Depatman Grandans.

Simon: Bon, pou mwen menm m te gen yon ki ale an 9em gras a dye li te reyisi an 9em men ane sa mwen gen yonn ki desann an filo, m poko jwenn rezilta pou li, men m konnen o non de jezi lap pase kanmenm

Pierrilus: wi mwen te gen yonn kite ale ane pase an reto li te reyisi e ane sa se menm bagay pou Dyera tou, nou gen youn ki ale nan filo nou poko gen rezilta m espere lap pase paske yo jwenn bon doz.

Similus: pou mwen menm m genyen ki patisipe nan egzamen ofisyel o nivo de 9em ane lane denye, alo sa fe 2 an, pou ane sa map tann kom 6em ane a elimine menm mta dwe gen ane sa a.dako, men pou lakay mwen pa ka pa, yo paka pa reyisi, nap kontinye travay, nap motive epi chak moun pran responsabilite yo pou sikse.

Marcelus: Ok, pou mwen menm m te gen ansyen elev mwen kit e nan lekòl la la depi nan 3e segonde jiska filo, li pa gen janm double, li reyisi, men pou konyea a la, se yon sel elev m gen la konyea la, m kwe se ato l' pral atake 9em ane segonde, m konnen o non de jezi le jou a rive lap bon kanmenm.

Robert: wi apre 3 an mwen gen youn ki te ale an egzamen 9e bondye fe li te reyisi, e aktyelman la li an reto.

Theodor: Wi, se byen, paske mwen gen yon elev nan lekòl la la, depi na 3e li fe seond, aktyeklman la, li pase la m kwe se bokou, paske la m kwe bondye konn ale ve lavan avek lekòl la.

Joseph: Wi mwen te gen yon elev ki ale nan 9e Bondye fel reyisi kanmenm, jeptan, konyea lap fe 3e, li reyisi, ave jezi

Genise: wi mwen gen youn nan elev mwen yo kite antre nan 3e men li toujou reyisi gras a dye, e konyea li ap atake pou filo

Arnold: M santi ane sa se yon ane ki bon pou mwen paske m genyen yonn ki ka tap fe 3e li reyisi, m byen kontan

Jonas: Bon, mwen menm, pam nan poko al nan, al sibi egzamen ofisyèl, li fo pwobab ane sa paskel pral nan 9 e, pou lal' l' patisipe nan egzamen ofisyèl, donk, deja mwen dispoze poum toujou pote kiryozi sou li poum travay avel

Andreccene: wi, mwen tre kontan, ane sa mwen te gen youn, gras a dye li te pase, li pral nan reto la.

Desilien: pou ane sa m gen youn ki al nan egzamen 9e, men li poko jwenn rezilta.

Gwoup Paran elèv nan Beladè/Depatman Sant.

Meriel: Wi mwen gen timoun ki desann nan egzamen ofisyèl. Wi li te pase

Frederic: Wi li monte.

Marie-ange : Wi yo pase

Laguerre : Non yo pa pase.

Beatrice : Wi tout pase

Hilaire : Sak fèm pap di ni wi ni non se paske 6^e ak 9^e ane pa ofisyèl ankò. Minitè a elimine bagay sa a.

Gwoup paran elèv nan Collège Le Primat de l'Esprit/Depatman Nòdwès.

R-Patisipan 1(Stervencia): Wi nou gen timoun ki ale nan nevyèm deja, yo reyisi men yo nan twazyèm pou le moman. Men pou le moman genyen nan yo ki apèn ale nan filo men ki poko pran rezilta, men nou pa konnen ant ajoune men nou swete ke l ap reyisi kanmenm. Pou nevyèm nan, depi ane pase li pase nòmalmen.

R-Patisipan 2(Sherlie): Wi gen 2 timoun ki t al konpoze nevyèm depi ane pase. Gen youn ki te admiz, gen yon lòt ki te rekale. Pou ane a l al konpoze men m panse ke l ap reyisi kanmenm.

R-Patisipan 3(Benjamin): Wi mwen genyen ki reyisi nan egzamen ofisyèl deja men se menm jan ane a tou mwen genyen lòt ki nan egzamen ofisyèl men m si ke Bondye kapab fè li pase kanmenm pou li kapab ale nan inivèsite.

R-Patisipan 4(Edwige): Wi m genyen ki pase deja men pral genyen nan moman sa ankò men m pans eke yo ap pase, se moun ki entèlijan yo ye.

R-patisipan 5(David): Wi m genyen ki pase deja e ki al fè segondè 2 e m gen youn ki al nan egzamen, mwen konnen Bondye ap fè l reyisi.

R-Patisipan 6(Wisly): Mwen gen elèv ki deja pase nan egzamen ofisyèl, ane a mwen gen elèv nan egzamen ofisyèl. Aprè Bondye mwen konnen l ap reyisi paske elev la se pa yon elèv ki medyok. Lekol la ankò se yon bon lekòl.

R-Patisipan 7(Cilia): Bon, mwen menm, mwen gen youn ki sot konpoze la tou men m konnen nan non Jezi ki gen tout pouvwa, onon de Jezi tout bagay ap ale byen.

R-patisipan 8(Rolph): Ben, jan m te di l deja, se yon plezi m te la deja. Nan 3 elèv pa m yo, m gen 2 ki sot konpoze nan nevyèm, yo te pase bonè bonè. E m gen youn ki prale konpoze nan filo, l ap pase bonè bonè paske l travay, li konprann sa lekòl la fè. Primat de l'Esprit anle nèt, n ap pase bonè bonè.

Kesyon#3

Daprè w kisa ki eksplike randman eskolè nan lekòl sa a ? Epi pou timoun pa w yo, kisa ki bay randman eskolè?

Gwoup paran elèv nan Lise Penchina/Depatman Sidès

Mr Oneil : Pou timoun say o, kisa ki bay randman?

Nan lekòl sa timoun yo dwe sou sa, paske map de nous a, isi a la nan lekòl sa, se youn nan kote elèv yo pèdi kou kote pase tout lekòl, gen defwa timoun yo konn lage nan lari a tankou chen fou, yap chèche konpare, al chèche jwenn ak elèv Alcibiade, elèv Suisse pou yo kapab chèche kou yo rate yo, donk jis pou yo kapab pase, lè timoun yo reyisi pase isit la mwen kalifye yo kòm yon ewo, mwen mete chapo ba devan yo paske timoun yo manke anpil kou, nou kapab tande sa a la nan radio trè souvan.

Mme Antonya : Mwen menm se menm ka a, elèv Pinchinat yo travay anpil, yo ta renmen travay men anpil fwa yo pèdi travay yo a koz pagen pwofesè, men antouka lè elèv la sous a li toujou fè efò avèk efò a li reyisi kanmem.

Mr Gedeon : Sanble se menm bagay map di pou m rejwenn dam nan. Map di se paske timoun yo, menm lè lekòl la gen ratman menm jan mwen te dil talè a, menm lè gen ratman, men kanmèm gen sakrifis ke timoun lan fè, menm pwofesè bay ratman.

Timoun lan li menm, li fè sakrifis ,li ka reyisi.pandan ke lekòl la gen pwoblèm, men kanmèm timoun lank a reyisi.

Mme Denise: Mwen menm sa m'ap di, gen lekòl la tou ki pa gen pwoblèm ratman ditou, men elèv la pa reyisi. Se paske elèv la pa mete l sou sa. Lè pwofesè a ap travay, li pran plezil jwe sèlman, lè rezilta li pa bay yon bon rezilta.

M. Santory : menm ke administrasyon lekòl la toujou bay ti pwoblèm men elèv penchina yo, pou yo menm depi yo di, yo se elèv penchina y oye. Yo toujou gen yon fyète, yon ògèy, yon volonte lakay yo. Pou yo travay ,pou yo di se lise Penchina ,mw dwe travay pou m reyisi.

M.Gerson : Reyisit elèv la li chita sou volonte elèv la dabò. Si elèv la pa gen volonte anyen pap mache. Apre lè elèv la finn gen vonlonte pou'l travay. Fòk li jwenn paran ki pou akonpanye'l, pou paran an sèvi'l kòm yon gid,yon èd paran. Sitou pou lise Penchina, lè yon elèv anndan lise Penchina. Premyèman fòk li gen volonte a apre fòk li gen yon èd paran. Paske lekòl la li menm, li pa ofri elèv la tout kapasite, tout bezwen sa yo. Pou li menm te ka reyisi. Se elèv la dabò ki pou mete l sou sa.

M.Aubin : Mwen kapab di sa klè kòm mwen wè tout rale lòt moun yo fè a. gen yon pwoblèm ki genyen lise yo. Sak fè toujou gen ratman kou,ki kapab abouti ak echèk timoun yo. Se yon kesyon politik an ayiti. Yo fè'l tout kote, yo fèt pou y opa fè politik nan lekòl. Le pli souvan se pwofesè ki konn pa touche ki konn kreye pwoblèm yo. Pa vinn travay epi elèv yo pran lari a. an nou di leta pran respnsablite l tou pou kapab peye pwofesè yo a tan. Ki pou pèmèt yo entèrese vinn travay, li repoze sou echèk timoun lan. Paske lè li vini,li fè travay la alvavit. Si timoun nan fè de sèmèn li pa preske vinn lekòl. Lè l vini, vinn travay . elèv la konn pa rivebyen kon prann sa pwofesè a ap fè a . Sa konn pèmèt elèv la abouti a echèk. Se sak fè lakay mw ke se elèv lakay mw mwen travay avek yo, ke se elèv lakay mw,ke se timoun ki vinn nan repase ansanm avèk yo. Sot depi nan septyèm rive nan twazyèm segondè. Se sa kif è , mw kapab di pa gen elèv ki pran echek nan nivo sa yo. E jiskaprezan mw kapab di sa mw genyen ki al konpoze nan filo ane sa. Mw kwè lap reyisi kanmèm paske yo pa dòmi yo travay tout lannuit.

M Larose : Mwen panse ke elèv la ka reyisi selon detèminasyon ke li genyen, li detèmine, li konn sa'l bezwen. Dezyèmman se sa yo rele sakrifis la. Mwen genyen yo lakay mwen kè m fè m mal de lè. Y'ap fè de nuit deyò. Se vrèman tèrib sa yo kapab pèmèt elèv la paske l sakrifye'l pou li rive.

M Garry : Mwen kapab di elèv ki reyisi lise Pèchina a . se pas sèlman lekòl la ki reyisi. A 50% yo pran fòmasyon isi a, a 50% yo pran fòmasyon deyò. Sa vle di yo toujou fè gwoup de rapse yo. Pou ke yo kapab òganize yo, pou yo pase. Se konsa lise Pèchina prèske fonksyone.

Mme Eddelyne : Timoun ki reyisi lise Pèchina malgre yo konn pedi anpil kou. Men lè yo vini yo reyisi la se paske timoun lann li sou sa, anplis tou genyen anpil tou, ki gen paran ki akonpanye l, ede'l. pou l pa lèse sa ki pase yo pèdi lòt kou yo, li toujou sou lekòl, li toujou met ide l sou sa, e sa toujou pèmèt li toujou reyisi.

Mme Desir : Lè timoun lan lekòl lise an, lise an men sa li genyen. Elèv la vinn lekòl, li kòmanse trè byen. Men ankadreman timoun lan lè li lekòl paran an gen de bagay li pa dwe ba'l fè. Se pwofesè a ki reprezante paran w lekòl la. Lè w lakay ou paran w responsab ou. Men lè w lekòl se pwofesè a, se sou kont pwofesè a ou ye. Ou pa gen dwa fè yon bagay elèv la, li menm arive leve men l nan figi pwofesè a. se pwofesè a ki reprezante paran w. dezyèmman fok timoun lan lè yon pwofesè ap fè kou avè l ,fòk yo pase chnje pwofesè a , san y opa fè yon reyinyon ak elèv la. Pou yo di'l nap chnaje pwofesè a nap ba w yon lot. Se sèlman ou gade ou tandè yo chanje pwofesè a. lè sa timoun lan gentan finn abitye ak pwofesè a, ak kou a, gen tout bagay de pwofesè a. epi britsoukou yo voye yon lot pwofesè ba li. Epi manifestasyon pete epi sa w tandè a lòt pwofesè li te genyen an, li pedi l nèt bon koman timoun la nap fè reyisi. Fòk li sou sa, fòk direksyon lekòl la tou mete tout bagay an règ.

Mme Marie-carne : Mw di sak fè elèv yo degaje yo pou yo reyisi, fòk yo konn sa yo bezwen. Epi menm lè yo ta manke yon koulekòl la se pou yo chèche l ak zanmi yo. Se sa ki fè yo reyisi.

Gwoup paran elèv nan Institution Mixte Frère Francito/Depatman Lwès.

Boulay: kisa ki bay randman eskole, paske yo jwenn moun pwofesè kap byen travay ave yo.

Julo: wi, bon fok timoun nan gen bon memwa, bon sevo, pou'l kapab kapte sa pwofesè a ap aprann li.

Joseph: pou mwen menm, se paskel' pran depi a la baz ki fel ka reyisi nan tout sa lap fe.

Bernadette: pwofesè yo toujou byen travay ansanm ak elev yo, epi elev yo mete yo a pwen pou yo konprann pwofesè yo.

Kaloudy: ya, direkte a eseye konprann tout paran, loske pagen mwayen, dizon pou timoun nan pa pedi jou lekòl, li eseye aranje sa epi paran yo, mpap ka di, paran rekolabore ansanm avek yo pou'n bay bon rezilta san kontrent.

Emile: (deplase)

Erica: Wi, timoun nan toujou sou sa, depi pwofesè a ap travay li toujou metel' sou sa.

Rose-Jardine: wi, m byen kwe lekòl la bon, fe bon travay, elev yo toujou sou sa, yo swiv kou nomalman.

Vitaline: Wi paske lekòl la, li pran pwofesè kalifye pou elev lan ka reyisi.

Evinson: Randman li baze sou travay timoun nan pote bay mwen lakay la, sa vle di onivo de matye yo, m we kel' byen asimile yo, sa montrem' ke lekòl la rekrite de pwofese ki chevrone ki fe yon bon travay kem' ka we randman timoun mwen yo chak ane nan lekòl la.

Gwoup paran elèv nan Institution mixte Frère Louisdor CINEAS/Depatman Lwès.

Boulay: kisa ki bay randman eskole, paske yo jwenn moun pwofese kap byen travay ave yo.

Julo: wi, bon fok timoun nan gen bon memwa, bon sevo, pou'l kapab kapte sa pwofese a ap aprann li.

Joseph: pou mwen menm, se paskel' pran depi a la baz ki fel ka reyisi nan tout sa lap fe.

Bernadette: pwofese yo toujou byen travay ansanm ak elev yo, epi elev yo mete yo a pwen pou yo konprann pwofese yo.

Kaloudy: ya, direkte a eseye konprann tout paran, loske pagen mwayen, dizon pou timoun nan pa pedi jou lekòl, li eseye aranje sa epi paran yo, mpap ka di, paran rekolabore ansanm avek yo pou'n bay bon rezilta san kontrent.

Emile: (deplase)

Erica: Wi, timoun nan toujou sou sa, depi pwofese a ap travay li toujou metel' sou sa.

Rose-Jardine: wi, m byen kwe lekòl la bon, fe bon travay, elev yo toujou sou sa, yo swiv kou nomalman.

Vitaline: Wi paske lekòl la, li pran pwofese kalifye pou elev lan ka reyisi.

Evinson: Randman li baze sou travay timoun nan pote bay mwen lakay la, sa vle di onivo de matye yo, m we kel' byen asimile yo, sa montrem' ke lekòl la rekrite de pwofese ki chevrone ki fe yon bon travay kem' ka we randman timoun mwen yo chak ane nan lekòl la.

Gwoup paran elèv nan Lise Jeremi Eliazer Casal/Depatman Grandans.

Simon: Bon, sa ke mwen ka di de lekòl la paske lekòl la se, nou konnen gen 3 woch dife, nan 3 woch dife ki genyen an, gen pwofese, gen paran, gen lekòl la, si ke nan 3 sa la youn pa la konnen 2 a paka sevi, pou mwen menm lekòl La ap mache de bon pa de lavan.

Pierrilus: mwen menm pou bo kote pam mwen jwe wol mwen antanke paran, e m' pa vle repete sa lot moun repete, kom sot dil tale a, elev, paran, pwofese, nou fome yon patenarya, sa vle di youn toujou an kontak avek lot pou nou kapab rive jwenn kote febles la ye a, poun' ka remontel' m panse antanke paran, m pa neglije sou edikasyon pitit mwen poul kapab reyisi, poul kapab toujou reyisi.

Similus: Nomalman, randman eskole timoun nan li depan de plizye paramet, anviwonman familyal li, li dwe reponn paske timoun nan gen dwa kapab, li pwomet se vre men anviwonman lap evolye a pa pemet li mete konesans li an egzeg, sitou si paran lap viv swa nan monoparantal oubyen nan lakay la pa gen amoni ant moun yo, sa ka jwe sou li, nan 2em lye se lekòl la, paran jwe yo wol akselerate si chofe an se direksyon an, pwofese yo, yo vini, ebyen pou yo kondwi machin nan, men oumenm kom paran ki la pou mete gaz pou mete tout akseswa yo e fow jwe wol paw la pou pemet rannman li menm li rive jwenn li, se komnsa sa ye.

Marcelus: ok, pou mwen menm, m gentan chance ak lekol la paske tout timoun m voye nan lekol la yo pote bon fwi, e nap priye bondye pou lekol la mache ve lavan, pou leta pran responsabilite pou yo toujou byen peye pwofese, pwofese toujou vini a le nan lekol la, pou lekol la toujou byen mache pou timoun yo jwenn bon fwi o non de jezi.

Robert: Wi lekol la nou kapab di, nou te bezwen lekol sa lontan pou bo isi a paske lekol la le nou genyen!’, le nou pat ko genyen! se monte desann kabare, nou konn ap monte desann, aktyelman lekol la nou vin genyen li, li yon bon fave, se sak fe nou menm paran nou toujou ap ede timoun yo tou pou yo kenbe, pou yo etidye, jis pou yo kapab rive sa yo dwe rive a.

Theodor: Bon sak koz elev yo toujou reyisi nan lise a, paske gen yon vese nan labib, se nan matye 13, ki di gen yon seme kap seme, seme kap seme a genyen ki tonbe nan bon te, genyen ki tonbe pami le zepin genyen k’ tonbe nan woch, men m kontan pou semans kap seme nan lekol la, li tonbe nan bon te paske paran, nou reponn a lapel fok nou pote fwi

Joseph: sak fe timoun yo reyisi, se paske gen pwofese gen paran, gen elev, se yon desizyon nou pran pou timoun yo kapab avanse ve lavan nan menm desizyon sa se kom mesye sot di, pou leta pran reponsabilite menm jan pwofese ap ankouraje elev yo, elev yap ankouraje paran yo pou yo pran responsabilite yo, a ankouraje pwofese yo tou dekwa pou lekol la kab vanse ve lavan paske se ale lekol la ap vole pi wo.

Genise: pou mwen menm m santi avansman lekol la, li soti direktman kom plizye mesye yo di li soti nan paran epi pwofese epi direkte lekol la, men sel sa m ta renmen mande avek edikasyon nasyonal sitou menm jan nou menm paran nap rele deye timoun yo, pwofese ap rele deye yo, men fok edikasyon nasyo````nal ta, kom si fe yon pale anve kelke pwofese , tankou pou reta, tankou si yo bay timoun nan yon randevou, kom yo komanse, yo dwe kontinye asime responsabilite yo, le timoun nan konnen li vini la pou kou, li jwenn pwofese, sa vle di pou yo toujou kontinye konsa, e pou lekol la kapab ale ve lavan.

Arnold: mwen se pi gwo byen, m we leta ka fe pou nou nan kazal li ba nou lise sa, men yon sel bagay m ta ka di, gen elev ki pa two respekte pwofese yo isi a tou.

Jonas: Wi, reyisit yon elev, ou dimwens, pou ke elev la kapab reyisi, tou dabo, kom nou ka di, yon reyisit yon elev li depan de 3 antite, se elev la, paran, pwofese, donk, 3 antite sa yo, yo chak genyen pou jwen seryezman reponsabilite yo, jwe wol yo, donk, nou bezwen pou ke sitou pou elev yo aprann respekte pwofese, paske nou souvan, nou we gen anpil, koman m te ka di sa, anomali, anpil bagay ki pa ale byen sitou nan lekol lise yo, e sak’ fe gen anpil moun yo toujou gen ti, mwen rekonet lise se yon gwo lekol li ye, paske se pa nenpot moun kap aksepte pou fonksyone fok se yon moun ki kalifye, e ki pou anseye nan lise, sa vle di, lise se yon gwo lekol men souvan, nou konn anrejistre pa mal de ka densidans, donk, m ta swete pou jan de bagay sa yo, yo redwi pou elev aprann respekte pwofese, paske pa gen mpa kwe yo peye yon pwofese nomalman jan pou yo ta dwe peyel’ paske kelkeswa etap, ou gen fos pou yon moun okipe nan peyi a swa senate, depite oubyen sal’ te ye a, few al lekol, se ta di elev la bezwen respekte pwofese.

Andreecene: Wim bon nou remesye edikasyon nasyonal anpil pou sa lapfe nan zon nan pou nou, si se pat lise sa gen anpil timoun ki tap echwe paske gen de le pou timoun nan al kabare, siw pa gen kob timoun nan pa ta ka, pou w ‘ap peye moto pou li chak jou pou li pou lap aprann, litap dekouraje tou, bon nou swete edikasyon nasyonal bon mesi li menm poul’ toujou voye je sou zon ki pa gen lekol yo poul’ ta, poul kapab toujou itil sosyete a demen sidyevle.

Desilien: reyisit lekol la li depan de paran, de direkte e pwofese e nou menm paran, nou swete ke nap toujou la pou elev yo, poun’ kapab mete lod nan dezod.

Gwoup paran elèv nan Beladè/Depatman Sant.

Marie-Ange: Timoun sipoze gen materyèl. Se sa ki fè paran yo gen devwa pou yo bay elèv yo tout sa yo bezwen. Fòk timoun gen liv, Kaye... pou l ka travay pou l ka reyisi.

Meriel : Sa ki eksplike rannman eskolè nan lekòl sa se :

-Paran yo pran responsabilite yo lakay yo.
yon direktè ki vreman konn sa lap fè a.

-Nou gen

-Men tou fòk leta nome kantite pwofesè pou timoun y opa soufri. Paske ane sa se direktè a ki chache kèk moun pou bay timoun yo tikou.

Frederic : Se pou yo bay elèv yo ekipman pou yo vin lekòl yo, epi pou leta ankadre pwofesè yo pou direktè a sispann kase tèt li san ale chache moun pou bay tikou.

Laguerre : M pap reponn kesyon sa.

Beatrice : Rannman eskolè a baze espesyalman sou jan ansèyman an fèt. Si ansèyman mal fèt, timoun nan pap ka reyisi. Klas yo konn tèlman gen timoun, timoun yo konn pa adapte yo pou pran kou a byen. Sa ki devan byen pran l, sa ki dèyè yo pap ka aprann byen. Fòk pwofesè sa ta byen entèlijan pou elèv la ta adapte a kou a.

Hilaire : Rannman lekòl la se pwofesè konpetan ak elèv ki entèrese ki pou travay pou lekòl la gen bon reyisit.

Gwoup paran elèv nan Collège le Primat de l'Esprit/Depatman Nòdwès.

R-Patisipan 1(Stervencia): Randman eskolè a se lè yo bay dat pou vin peye lekòl lan, se li menm pou konnen w gen devwa pou w respekte dat lan, lè sa ou rann lekòl la plis avanse. Men toutotan w pa peye lekòl la, ou fè reta, lekòl la ap vin retade, fè bak dèyè.

R-Patisipan 2(Sherlie): Ou konnen depi timoun nan lekòl, depi okòmansman lekòl la pral louvri ou sipoze bay obligatwa epi lè tou yo ba w dat pou w peye pèyman an, ou fè tout sa k depann de ou, tout mwayen posib pou w fè sa jis pou yo pa voye timoun nan tounen, ale retou pou l ap pèdi kou.

R-Patisipan 3(Benjamin): Menm lè bagay yo parèt difisil ou oblije peye alè, pou timoun nan pa depasyante, pou l pa dekouraje, pou timoun nan kapab travay. Paske si w pa peye alè, lè yo pral voye retounen, timoun nan pral santi l imilye devan lot elèv yo. Ou oblije fè efò pou timoun nan kapab travay.

R-Patisipan 4(Edwige): Se randman lekòl la bay, pwofesè yo byen travay, nou gen yon disiplin ki djanm paske nou pap tolere timoun pa konn leson, nou pap tolere timoun vini anreta. Donk nou gen yon disiplin ki vreman strik. Se sa k pèmèt lekòl la bay randman. Epi pou paran yo tou, nou gen menm dirèkteman nou pa nan dan griyen avek elèv, avèk timoun. Apati moman ke w vini, depi w fin manje, lè fini se al travay, al etidye. Donk ou manje, ou pa grangou se nòmal pou ou reyisi.

R-Patisipan 5(David) : Ou dwe peye alè, lè fini ou dwe gen lekòl la bon disiplin, ou fè timoun yo resite chak maten pou paran an kapab gen bon satisfaksyon.

R-Patisipan 6(Wisly): Gen 3 fakte le timoun nan lekòl ki kapab fè l reyisi. Premyèman se travay, disiplin, lè fini ankadreman. Depi timoun nan gen faktè say o lakay li, ki dekonsè lekòl la paske gen de lekòl timoun nan aldan l ki gen yon lyezon ant li menm ak paran an. Timoun nan vini lekòl la, si gen yon bagay ki okontrè a timoun nan, yo fè paran konnen l, lè sa paran an ede l. Sa vle di, li sipoze yon bon lekòl lè w mete timoun nan lekòl, gen yon alyans ki fèt ant paran an ak direksyon lekòl la. Depi alyans sa fèt, timoun nan pa ka pa reyisi lekòl la.

R-Patisipan 7(Cilia) : Lè timoun nan lekòl la gen moman vrèman lè timoun nan rive lakay la, li di w konsa li pa ka etidye, li di l gen yon pwoblèm nan tèt li ki fè l pa ka etidye men pa la gras a Dye, timoun yo toujou kontinye avek etid yo. Lè fini anko nan moman obligatwa a, gen paran ki konn neglije pou afè obligatwa men nou konnen tout pouvwa a se sèl Bondye ki kapab fe tout bagay.

R-Patisipan 8(Rolph) : kòm ansyen elèv lekòl la, sa k fè randman eskolè lekòl la posib jounen jodi a depi lè l te la se koz nan tout kolèj nan mond lan, nan peyi a se yon kolèj li pap voye w tounen si w pa gen kòb la jodi a menm jan madi se obligatwa pou mwen se pa sa. Sa vle di bagay ki presye, fòk ou travay kanmenm. Sa vle di lè m te la m te dako pou m travay grangou. Tout pwofese Primat yo tout te pase Primat. Nou te travay pou Primat, nou travay ak sa n genyen pou Primat pou n fè Primat yon gwo lekòl, kolèj nan mond lan, m akapab di nan peyi a menm. Men elèv yo tou sousye de sa. Direksyon an ankò pi si de sa toujou. Depi elev la, depi w antre fò w bay dwa depi w antre la. Menm direktè a, ou gen dwa di l ou grangou, l ap ba w kòb pou w al manje.

Kesyon#4

Nan zòn bò isit la, nan ki laj timoun yo ale lekòl? Eske timoun yo ale lekòl preskolè? Poukisa?

Gwoup paran elèv nan Lise Penchina/Depatman Sidès.

Mme Desir : Timoun yo kòm mw pa konnen kòm lemond chanje. Mwen menm, mwen te voye pitit mw lekòl a 3 zan. Men aktyèlman al timoun yo al lekòl a 2 zan. Tout moun voye timoun yo lekòl. Apre fè 2 zan, 3 zan nan yon lekòl preliminè apre say o chanje yo nan yon lòt lekòl. Sa m konnen paske depi timoun lan gen 2 zan yo mete yo lekòl. Paske pou yo aprann pale fransè aprann yon seri de bagay. Pou timoun lan kapab byen li lè l rive nan yon lekòl. Pou 'l gentan ap parèt pou'l tou edike. Paske timoun lan depi l gen 4 an senkan li gentan nan gran lekòl. Depi timoun lan gen de zan kounye a la, fòk paran an fè kou'l konnen pou'l mete l chita nan yon lekòl.

Mme Marie-carme: wi, timoun yo al lekòl a laj de 2 zan, e gen timoun tou ki ale a laj de 3 zan. Men lè ou ale lekòl a 2 zan ou twazan tou. Men gen paran , gen timoun lan tou se byen y opa byen devlope. Ki fè yo ale a 3 zan. Men sa vle di lontan jan madanm lan sot di l la. Se nenpòt 4 an. Gen timoun lan se andeyò. Fòk li mache lwen avan li al lekòl. Sa mw t'ap di lekòl preskolè petèt a 5 an.

M Onel : Bon sa pral depan de paran an, paran an ka chwazi an fonksyon de posiblite l, li voye timoun lan apati de 2 zan ,3 zan. Menm gen timoun mw voye a 4 an ,li fè 1 an nan preskolè a 5 an li gradye. Aktyèlman la li gen 19 an li nan filo. Li pa gen yon ane atè. Donk sa pral depan de paran an, jan li kapab la. Li ka voye timoun lan a 2 zan, 3 zan, 4 an jan li kapab la.

Mme Antonia: mw menm preskolè bò lakay mw kòmanse a 2 zan. Yo pran timoun lan selon langaj li, yo pran l a 2 zan. Li fè 2 zan ankò sou 4 an yo ba ou l, ou mete l nan gran lekòl a 5 kan selon langaj li tou yo pran l a 2 zan, yo ba w li a 3 zan . sa vle di a 5 kan timoun lan ale lekòl.

M Gedeon: Mwen menm map di kote m sòti a , lè nou pale de lekòl preskolè. Mwen m toujou ap di. Pou mwenm ministè a pa pran responsablite l nan sans sa. Paske mwen menm, mwen konstate gen de lekòl se nan bouch yo di yo lekòl preskolè. Men sa vle di timoun lan pa resevwa yon fòmasyon jan lekòl preskolè ye. Paske lè moun lan fè yon lekòl ,depi l pran timoun lan preskolè. Alòske li pa gen materyel pou sa. Li pa gen moun ki fòm pou sa. S'elman li pran timoun lan li di li gen preskolè. E pandan map di w sa nan zòn bò lakay mwen timoun lan mèt gen 2 zan, 3 zan y opa voye l lekòl. Paran an di se yon kòb kap gaspiye. Konsa li kenbe timoun lan ,li di se yon kòb ,lap depanse nan mal. Alò pandan map di w sa mw gen timoun ki ale lekòl a 2 zan edmi, twazan ui. Eske konprann ? men se menm sa map di la a,kip a resevwa yon fòmasyon preskolè. Paske pa gen moun ki fòm pou sa. Pa gen materyèl paske depi timoun lan piti , yo di preskolè.

Mme Denise: Nan tan kounye a nap viv la, depi 2 zan timoun lan sipoze al lekòl. Paske timoun ki fèt kounye a yo,yo eveye . si ou pa voye yo lekòl ,pou say o konnen an pou yo gide yo, pou yo fòm yo. Pi devan se ou ki app eye konsekans lan.

M Santory: Lojikman timoun lan ta sipoze al lekòl a 2 zan. Sa pral depann de langaj li. Men pandan se tan tou gen paran ki konn pa gen posiblite pou yo voye timoun lan depi sou 2 zan. Li kapab voye l ,men pa bo lakay mw, se sou 2 zan. Timoun bo lakay mw yo ale lekòl.

M Gerson : Nan zòn bò isit la, timoun yo kòmanse ale lekòl vè zòn 2 zan. Yo ale nan lekòl preskolè. Mwen jije ke preskolè a se yon etap enpotan nan lavi timoun lan. Paske lè timoun lan nan laj 2 zan lespri l komanse ap eveye, gen de bagay li komanse ap konprann. Lè w chwazi voye l nan lekòl preskolè a. l'e sa se tou ba l yon kanalizasyon, pa rapò ak konesans li, pa rapò ak sa yo pral moutre l lekòl la.

M Aubin : mwen menm ,mwen gen plizyè timoun kip ase nan preskolè. Men tout rale nou fè yo mwen w'e gen yon pwèn ki pa touche. Lè timoun lan nan preskolè, se pa li li al aprann li, li al aprann tandè, aprann wè. Sa yo rele metòd odyovizyèl la. Se lè a timoun lan al bagay, epi apati de la, yo komanse pa fè timoun lan distenge yon seri de bagay, de dwat de gauch, avèk prezantasyon se kon apel imaj sekansyèl. Daprè la pedagoji se sak fè preskolè a li enpotan. Se sak fè preskolè a li enpotan lè timoun lan pase ladann paske gen pwoblem timoun lan pap bay nan klas pi devan yo.

M Larose : Li pral depann de paran an epi de evolisyon timoun lan tou. Timoun lan gen dwa devlope ,men l pa devlope ase pou l al lekòla 2 zan. Timoun lan gen dwa al lekòl a 2 zan edmi, twazan. Rezon ki fe timoun lan al nan preskolè a tou. Se pou l kapab konprann, eveye.

M Garry: Nou kapab di pa bò isit se ak 3 zan timounyo al nan lekòl preskolè a. se yon etap ki vrèman enpotan nan lavi timoun lan. Nou jije ke pafwa tou paran yo konn pa kite timoun yo jwe ase, nou kwè ke se etap sa. Se nan jwèt timoun lan aprann. Pandan ke timoun lan, ap jwe nou ka fè l fè yon baton kanpe. Se la tou ou ka fè l aprann. Mesaj mw te kapab tou pase pou paran yo tou. Lè timoun yo nan preskolè, pou yo kite timoun yo jwe, paske nan jwèt la timoun la nap aprann nan etap sa a.

Mme Edelyne : timoun bò isit yo al lekòl a 2 zan 2 zan edmi,twazan. Li sòti yon efikas pou timoun lan avek evolisyon tan an, li ede timoun lan nan langaj li,nan konesans li. Paske gen fwa timoun lan ,lakay li, li pa gen moun si paran l pa gen lot moun nan lakou a ki pou ede l, tout sa lasann ede timoun lan avanse.

Gwoup paran elèv nan Instituition mixte Frère Francito/Depatman Lwès.

Boulay: wi, timoun yo ale lekòl eskole paske yo travay.

Julo: Bon, timoun yo ale lekòl preskòl paske pou kapab pase pa la, premye baz la se skòl lekòl timoun nan.

Joseph: wi, timoun nan ale depi a la baz, depi nan klas prelimine, pou' ka temine pi bone etid li.

Bernadette: M panse fok timoun nan fe preskòl li pou, sa vle di okomansman pou' komanse, apre pou' fe lot klas yo.

Kaloudy: ya, de mem ke Madam Bernadette, sa vle di timoun nan sipoze gen yon baz dabo, se baz la ki ka eseye agrandi pou' kapab bay yon rezilta demen si dye vle.

Emile: Bon, timoun yo ale lekòl preskòl, se jis pou yo ka gen yon baz epi pou yo ka temine byen.

Erica: Wi, pou yo ka gen yon baz pou yo ka temine pi bone.

Rose-Jardine: Wi, timoun nan al lekòl bone, pou' ka temine pi bone toujou.

Vitaline: Wi, Timoun yo ale lekòl bone paske pou' ka temine pi bone.

Evison: Bon, dapre mwen, klas preskòl an, se yon sel eleman vital, m kapab di nan, onivo fomasyon timoun nan, pou' kapab ede yo kapab gen yon baz epi pou yo kapab kontinye lot klas fondamantal yo.

Gwoup pran elèv nan Institiion mixte Frère Louisdor CINEAS/Depatman Lwès.

Zilina: Wi nan zon bo isi a sitou pou Frere Louisdor Cineas li resevwa timoun a 3 an, paske li fe edikasyon timoun yo, timoun yo aprann pale nan lekòl la, langaj yo devlope nan lekòl la,

Fanelia: Wi, bo isi a nou resevwa timoun a 3 an, menm 2 an edmi tou nou pran timoun. Paske nou gen moun ki pou ankadre yo pou sa

Olius: Wi, paske lekòl la komanse de matenel, sa vle di, gen moun pou resevwa yo, pou yo pran yo depi tou piti, pou monte ansanm avek yo.

Cenac: Wi se espas 2an edmi arive 3 an yo resevwa timoun, bon il y a des encadrements pou timoun sa yo kap avanse

Juillet: Timoun yo al lekòl depi nan 3 an, y'al komanse aprann yon seri bagay depi avan y'al lekòl la pou fe fomasyon yo pou yo rive nan nivo fondamantal yo.

Nicole: Timoun pam yo la depi le yo gen 3 an e se la yon fe kindegaden, yo nan fondamantal la, yo toujou nan lekòl la, yo toujou banm bon rezilta

Bertha: Timoun mwen y'al lwekol depi a 3 an, yo toujou banm rezilta

Florvin: Timoun reyisi pakse depi byen bone 2, 3 an y'al lekòl jiska la filo ki pemet yo reyisi

Ronald: Bon, nan tan pase yo, yo te konn poze pwoblem sa timoun pat konn vin lekòl a laj yo men ofi e a mezi, menm si nou konnen bo isi a yo konsidere nou kom yon milye defavorize, men ofi e a mezi moun yo, youn ap pran konsyans, you nap kopye sou lot, sak fe konyea nou resevwa timoun yo depi tre to, depi a laj de 2 an, 3 an edmi ki kontreman pa rapo avek ane ki pase avan yo.

Emmanuel: Wi, Nan tan lontan timoun yo pat konn rantre lekòl bone, men jounen jodia timoun yo rantre lekòl bone e isi a nan Frere Louisor Cineas, depi 3 an nou resevwa yo pou nou bay yo baz pou pemet yo rantre nan lekòl fondamantal san pwoblèm.

Gwoup Paran elèv nan Lise Jeremi Eliazer Casal/Depatman Grandans.

Simon: Bon, nou konnen, yon timoun, depi a laj de 2 zan edmi 3 zan mwen yo timoun sa ta dwe cheche chimen lekòl a laj de 3 an timoun nan ale lekòl prime, le' komanse rive o nivo, le' rive desann fin desann sitifika, timoun sa dwe cheche yon lise oubyen yon kolej pou'l rantre, gen pafwa tou, timoun nan gendwa fin desann setifika, paran gen dwa pa kapab menm avèk lise kazal, Lycee jeremie eliazer, tout moun al lekòl an jeneralman, depi timoun nan fin desann setifika.

Pierrilus: timoun al lekòl depi 2 zan edmi, 3 zan, m ka konstate gen 2 kategori moun nan sosyete a defwa timoun nan konn gen laj depase, li pa al lekòl sa depan, paskew pa gen leta ki ankadre w anpil ladan pa gen metye nan men yo, anpil ladan yo se bwa deyo yap travay, yon moun kap travay bwa deyo, a li fo difisil pou voye timoun lekòl, al enskri timoun al lekòl epi kondisyon pou timoun nan swiv lekòl lase 2.

Similus: Bon pou jounen jodia, nan nou pap pale nan tan pa nou an, timoun yo, nan laj 3 zan, se ke n' ka pale de lekòl yo, bon, daye nan vokabile pa yo a, yo pale, se pre lekòl, avan lekòl, sa vle di timoun sa yo poko bon pou lekòl, men gen plizye rezon ki pemet ke paran yo avèk enstitisyon ki la konyea mete yon strikti pou akeyi timoun sa yo, 1 dabo timoun yo piti, paran nan aktivite yo responsabite yo, yo oblije gen yon kote pou timoun nan, pou li okipe sa lot aktivite li, menm si li pap peye, epi an 2e lye se yon espas ki pemet timoun nan tou li devlope lespwi li, lespwi' devlope bone, paske paran yo fok nou, sa se yon pwoblèm wi, paran yo pou yo menm, pou yon timoun 3 an, 4 an, 5 an al nan preskole, pou yo menm se yon timoun ki ta dwe aprann li ak ekri, epoutan nan nivo sa se pa sa l' ye. Timoun nan sa se jwèl' dwe al jwe, se sak fe anpil fwa gen difikilte, paran pa enterese pou bokou peye pou timoun sa yo, pou yo menm komsa timoun nan pa lekòl, ou konprann, apres, apati de 5 an nan laj pa nou se 5, 6 an timoun nan rantre nan 1e ane jiska li kite, 2e, 2em sik fondamantal, poul rantre nan lise.

Marcelus: Bon mwen menm etan ke yon ansyen anseyan kap eseye, mwen gen lekòl, mwen menm, m resevwa timoun depi a 3 an, pou jiska 6em m kwe, depi e tou patou konnen mwen depi w tande timoun pase nan lekòl mwen, depi timoun konnen se nan menm, toupatou konnen depi timoun nan pase nan menm nan lekòl mwen, timoun sa pa janm double klas fasil, ou met we timoun nan tou piti, m toujou pran anpil pasyans avèk timoun, m anseye timoun, lekòl mwen se sof'i' l' ye, tou patou konnenm m se met Marcelus Andre Paul m gen lekòl a Sofi, nou bay bon jan ranman nan anseyman, e tout timoun mwen prepare, m toujou di paran yo ou met voye yo nan lise Elyaze kazal ou met voye sou kont mwen, siw we yon timoun sot nan menm ou wel tonbe nan lise Jeremi Eliazer ou wel' pa pase, ou met konn timoun sa konnen li pa gen paran kap voye je sou li, paske nou byen anseye.

Robert: wi, map di lew gen yon timoun, depi a 2 an, 2 an edmi, ou voyel' lekòl, ebyen se yon avantaj, pou ou l' ye paske le timoun nan komanse rantre nan 3 an, 4 an, si li entelijan oubyen, li entelijan' ebyen le' pran 5,6, an bon li, gen anpil bagay li gentan konnen, donk, nou ta konseye avèk paran, si ta gen paran la, ki ta gen timoun ki ta di yo two piti yo pap voye yo lekòl, nou ta ankouraje yo pou yo voye timoun yo depi 2 an, 2 an edmi, yap twouve anpil pwofi.

Theodor: Bon wi, tout paran yo deja di deja timoun nan dwe al' lekòl a 2 an edmi, pou l' aprann kek bagay poul apran konn koule, gen yon seri de bagay poul konnen pran fomasyon de baz pou timoun nan a 2 an edmi men, lakay

pa nou nan seksyon riral yo majorite moun yo, timoun nan kom direkte a sot di sa, al kapab ale a 5 an, 4 an paske le moun nan we sa vre al voye yon timoun lekòl a 3 zan pou yon aktivite li apre midi poul al chechel' konprann, mennenl maten apremidi pou al chechel, li yon ti jan biza, konpran men se pa renmen yo pata renmen voye timoun nan lekòl a 2 an edmi, men se pwoblem posibilite kapasite a tou, ou konprann, mankman ki fe li pa fel'.

Joseph: wi, langaj tout timoun pa devlope menm jan , depi timoun nan gen 2 zan, gen timoun a 2 an li pale klay, depi timoun nan fin pale ou pa we lot mwayen, se metel' lekòl se sak fe le lekòl la, le timoun nan al lekòl 3 zan edmi le sa gen nan 3 zan, gen timoun k' al lekòl jiska 3 an edmi, pasek se le sa langaj li eseye devlope, men se konsa tou lel' al lekòl a 2 zan, le langaj li devlope a 2 an li al lekòl, l bon pou li, lel gen konesans a liv li, le sa liv li ki zanmil, le sa tout moun reyalize ale lekòl a 2 an se garanti a sa.

Genise: Wi, pou mwen menm, m we pou al lekòl yon timoun se a 3 zan, paske le sa timoun nan li ka pale menm le pawol li pa kle mem depi l' al lekòl nan laj sa, langaj li vin rive devlope. Timoun nan konn tout ti mouvman poul' fe, ti ko timoun nan bezwen devlopman, li fe ti egzesis, e lel' rive nan 6 zan, li atake premye ane fondamantal, se tous kil fo, m renmen sa.

Arnold: E pafwa lew gen timoun nan, se pa mete'w pa ta metel a 3 zan lekòl, men sityasyon an pa bon, few fe bwat pou timoun nan, e se kob lap koute, e se pa chak jou wap ka fe bwat pou timoun nan, se sa ki fe gen anpil moun ki pa mete timoun nan lekòl 3 zan, e vreman se a 3 an pou ta mete timoun nan lekòl, sityasyon an ki pa bon.

Jonas: Wi, timoun nan , fom diw an patan, tout timoun pa gen menm devlopman, sa vle di sitou o nivo'd langaj, gen timoun depi a 2 zan, 2 zan edmi, langaj yo gentan komanse kle, pa rapo a sa ki gen 3 an, donk, sa vle di timoun nan, mpa kont pesonelman siw met timoun nan lekòl, pouvike, langaj timoun nan kle, ou konprann, donk, li ka al lekòl, men pou seten yo ta telman renmen, yo ta renmen pou timoun nan ta ale a 5, 6 an men m pans eke tout otan ke langaj timoun nan poko kle, e lespwil' ap devlope, ou voyel' lekòl, e timoun nan memwal' tre fidel, ou konprann memwal tre fidel, sa vle di timoun sa, li pap pran anpil tan poul atenn sik segondel' ou konprann, lap fe klas filozofil' a tan. Pa rapo a sa yo ki nan laj ki depase, ou konprann. Donk, sa vle di mwen menm m pou elev ki kapab al lekòl a 3 an, depi 3 an.

Andreene: Bon, komsa nou tout la se paran elev, tout sa met yo yo di la, tout sa nou tout ki chita la nou ta di se menm bagay la toujou, timoun nan tou ta renmen metel' lekòl bone men se posibilite a, mwen menm la, m gen konbyen timoun gen younn ki fini lekòl se paskem te metel yon tijan bone, m gen yon tifi la anko ki pral nan reto la, paskem metel yon ti jan bone, donk, se posibilite an ayiti a, ok mesi

Desilien: yon timoun sipoze rante lekòl a 3 zan, 3 an an poul aprann koule, w aprann timoun nan fe zewo, men demare yon timoun se 5, 6 zan.

Gwoup paran elèv nan Beladè/Depatman Sant.

Beatrice: Wi, nan zòn isit la, timoun yo ale lekòl depi nan preskolè. Paske, sa pèmèt timoun nan plis devlope. Gen anpil bagay, se nan preskolè timoun nan aprann yo.

Hilaire : Nòmalman, timoun isit la ale lekòl depi nan klas preskolè. Sa pèmèt li adapte ak kèk bagay ki nan lòt nivo yo

Laguerre : Timoun yo ale nan preskolè, paske se la yo ka aprann koulè. Konsa, lè yo rive nan premye ane, yo vin plis abil nan sa yap aprann.

Marie-Ange : Timoun yo ale lekòl depi nan preskolè. Sa depann de mwayen paran yo, paske lekòl leta yo se a 6 zan yap tann timoun yo. Konsa, aprè yo fin pase 3 zan, paran mete yo nan lekòl nòmal.

Frederic : Wi timoun yo ale nan lekòl preskolè a 3 zan, sa depann de mwayen paran yo.

Meriel: Wi timoun yo ale lekòl depi nan laj preskolè. Paske, se yon klas preaprantisaj li ye. Paske timoun ki pase nan klas preskolè a, li pi fasil pou l reyisi pandan tout lavi l lekòl. Se nan preskolè yo montre li prelèkti, preekriti ak prekalkil ki se yon seri nosyon preaprantisaj.

Gwoup paran elèv nan College le Primat de l'Esprit/Depatman Nòdwès.

R-Patisipan 1(Stervencia): Nan zòn bò isi an, timoun yo ale lekòl depi an 2004 ke yo antre lekòl isi a. Men poukisa yo vin lekòl, a ki laj? Yo antre lekòl pou kindegatenn se a 3 zan. Aprè sa pou kisa ou fè timoun nan ale lekòl se jis pou l pa chita lakay lan, pou l pa tounen delenkan nan men w. Jis pou w ba l yon metod koman pou l viv nan soisyete a, koman pou l ajì parapo ak si w kite l deyò a, se jisteman ou lage l nan vagabondaj. Men w voye l lekòl se pou l aprann, pou demen si Dye vle pou l itil tèt li demen.

R-Patisipan 2(Sherlie) : Bon, pa bò kote pa m, timoun yo ale lekòl selon posiblite paran an. Gen timoun ki ale lekòl sou 2 zan edmi, gen timoun sou 3 zan, gen timoun sou 4 an menm, selon posiblite paran an nan kendegatenn. Ou pa konprann? Mesi.

R-Patisipan 3(Benjamin): Yo ale lekòl preskolè se alaj de 3 zan, 4 an, 5 an tou, se suivan posiblite paran an ke yo ale lekòl. Men timoun nan, nan moman sa ou oblije al mete l lekòl se pou w kapab konsidere ka li nan sosyete a paske lè w pran alaj, ti laj timoun piti sa yo, ou pemèt ke se pa li non yo al li nan moman sa a men onivo edikasyon an, fason edikasyon an ye ou oblije kenbe yon nan laj sa pou yo kapab soutni yo toujou, pou yo kapab antre nan edikasyon an paske edikasyon an se yon bagay ki bon pou avni timoun nan, pou kapab kenbe l de jou an jou jiskaske l monte, jiskaske l gran paske w we nivo peyi a kijan peyi a ye. Paske si w pa mete l lekòl, mwen ta di w se yon pòt prizon ou louvri pou timoun sa a. De jou an jou fo w mete l lekòl pou l kapab konsidere ka li, pou l kapab travay ansanm avèk li.

R-Patisipan 4(Edwige): An jeneral yo ale lekòl apati 2 zan edmi, 3 zan yo ale nan preskolè. Nou nan yon mond kote tout bagay ap chanje, tout bagay ap evolye. Li toujou enpotan lè w mete timoun nan lekòl bonè paske lè l pral antre nan lekòl ki nomal la, li konnen l te gentan genyen yon baz, li te abitye ak timoun de, li pa pral pè lot timoun, li pa pral kriye paske tout sa antre an liy de kont. Donk ou oblije mete timoun nan lekòl bonè pou l ka abitye ak pwofese, elev parey li, dekwa le l pral antre nan lot klas yo, pou l ka abitye, pou l ka aprann byen. Donk se nòmal, wi efektifman timoun yo ale lekòl bone paske nou bezwen peyi a tou gen plis moun ki eklere ladan l.

R-Patisipan 5(David): Bon, timoun yo ale lekòl alaj de 4 an pou yo kapab devlope talan yo, pou yo kapab le yo fin kite lekòl, pou yo kapab avance, pou yo pa pe moun, dekwa le yo we moun pou talan yo kapab monte pi wo. Mesi.

R-Patisipan 6(Wisly): Avèk pedagoji modèn nan, timoun dwe ale lekòl a 2 zan edmi, 3 zan paske se preskole a ki fè timoun nan fè fondamantal, apati de fondamantal la, timoun nan komanse pran elan pou l avance. Paske timoun se tankou yon ti pye plant k ap grandi, se swen pou w ba li pandan l piti a. Si timoun nan pa pran swen pandan l piti a, li pap arive. Se sa k fè w bezwen mete timoun nan lekòl bonè pou l adapte avèk lòt timoun, pou l jwe avèk lòt timoun, pou l gen pwofesè ansanm avèk li, lè sa timoun nan ap eveye paske sèlman paran pa kapab ede timoun nan. Lè

timoun nan piti gen lòt timoun k ap ede l, gen defwa timoun nan pa gen langaj, se yon lòt timoun k ibo kote l ki konn pale byen ki vine de l pale. Ou oblije mete timoun nan lekòl nan yon laj, lè fini pou timoun nan kapab adapte l tou panadan l piti a paske pandanl piti a tout memwa timoun nan sou li, memwa l vyej. Se lè sa a w pwofite timoun nan, sa w bezwen nan li an pou w kapab jwenn li. Ok?

R-Patisipan 7(Cilia): Bon yo konn ale sou 4 an, gen nan yo ki ale sou 3 zan. Lè w mete timoun nan lekòl sou 4 an, 3 zan, li ede lespri l. Lè li jwenn avek madam, pwofesè, li toujou di manman, papa, madam sa te montre m bel bagay, direktè sa te montre m tel bagay. Apre de sa lespri l komanse ap devlope, kounye a timoun nan vin koman....

R-Patisipan 8(Rolph) : Avan tou m ap pran egzant sou tèt mwen, mwen sonje m al nan lekòl preskolè lè m te gen 1an edmi paske m te mache, m te pale bonè. Men nomalman, lè m fin fè filo fò w evolye yon lòt kote, sa vle di antroposyoloji montre sa, evolisyon sosyete a. Men pou timoun nan evolye, li pa ka ap viv ak manman l, papa l selman, ni frè l, ni sè l. Fok li al nan lekòl preskolè pou l aprann konn koule paske le l nan fondamantal yo p ap montre l koule anko, yo p ap montre l ti chante anko, se depi nan preskolè pou montre l. Sa fe bo isi a timoun nan ale lekòl tre bone. Nan tan lontan yo konn ale a 6 zan men nan moman an la a, depi w pale ou lekòl, se konsa l ye. Fo w al nan preskolè bonè bonè e sitou Primat a se lekòl ki pral sou primè ni preskolè

Kesyon#5

Nan lekòl sa a, kisa ki pi motive/antrave timoun yo pou yo reyisi nan lekòl?

Gwoup paran elèv nan Lise Pénchina/Depatman Sidès.

M Gerson : Sa mwen twouve ki anpeche timoun lan reyisi gen yon kesyon de libète. Epi lè w di libète a, ou jwenn paran an manke gen kontwòl timoun sa a. timoun lan un peu lib, epi li fè sa li vle tou sa, se yon posiblité echek. Avek kòm si lux timoun lan jwenn ki okupe tout tan li. Ki rann li pa ka ofri tout tan'l a lekòl la. Sa ki rann li reyisi fòk ou ka omwen gen kontwòl timoun lan. O nivo edikasyon gen yon jan ou fòme timoun lan. Li sou kontwòl ou se tout sa ki pou pèmèt timoun lan reyisi, ou ofri l posiblité a, ou eseye kontwòle l, siveye l. pa kite l fe move frekantasyon tout sa yo se posiblité pou timoun lan reyisi.

M Aubin : sa nou kapab di an tèm de motivasyon, lè pa egzant timoun lan li gen yo pwoblèm o nivo lekòl la, swa pwofesè a ap travay,, elèv la pa sou travay. Ou gen pou devwa, voye el'ev la lakay li. Pou'l vinn lekòl la ak paran l. kounye a si paran an pa sou men'l. pou l mete l sou men'l. paran an gen yon pa de gran responsablité nan ka sa a. sa ki ka anpeche l reyisi se lè elèv la neglije, li pa etidye, li pa travay ni nan sal de klas, ni lakay li, sa ka anpeche l reyisi.

M Larose : elèv yo konn pa reyisi, premyèman yon konn pa pran lekòl la o serye. Pa egzant yon elèv konn nan klas ,y ;ap fè kou. Li pa renmen tèt pwofesè, pwofesè a ap fè kou a , ou nan klas la se kòm si ou pa la. Sa ka koz echèk, se ech`ek pou parès.

M Garry : Sa ki motive pou timoun lan reyisi. Li konnen depi l antre penchina déjà li pa pase y'ap mete l deyò. Donk pafwa paran an konn pa gen posiblité pou l peye lekòl kolèj. Donk sa konn pouse timoun lan pou li etidye. Paske l konnen si li pa pase y'ap mete deyò , e paran an pral gen anpil difikilte.

Mme Edelyne : Si timoun lan lise penchina, reyisit li, li toujou sou sa. Lespri 'l eveye sou lekòl la .li menm li sou sa, se lekòl li lap toujou reyisi.

Mme Desir : Timoun yo pou yo reyisi lekòl la, fòk yo sou sa. Epi fòk paran yo dèyè yo, fòk y opa lage yo. Timoun yo gen yon pwoblèm depi yo gen 18 an ,yo santi yo granmoun. Yo di kounye a yo se granmoun, yo gen dwa fe sa yo vle. Anpeche timoun lan, li gen yon lè l pou l antre li gen yon lè pou l sòti. Fòk paran an konnen kote l ye, epi f ok lise a gen yon bagay ladann tou. Timoun yo konn fè nenpòt mwa, yap monte yap desann. Lè sa ou dezole ou menm ou preske fou. E ou wè timoun la nap mache mal, se komsa ou gen yon machine la, li manke pyes, ou gentan wè sa. Fòk timoun lan sou sa. Si'l pa sou sa bagay yo pap ka mache byen.

Mme Marie-carne : pou lise penchina timoun lan prè, li mete l sou sa. Paske depi l pa reyisi ,y'ap mete l deyò.

M Onel : Mwen gen de rezon ki konn pèmèt timoun lan paka reyisi. Premyèman, yo konn nan lari a. mw menm gen paran mwen jwenn ki di m' yo pap met timoun yo nan lekòl lise a. paske lise pèncina timoun yo tjou nan lari a. lè yo nan lari a se paske yo pa jwenn kou. Gen de pafwa pwofesè ki ta dwe travay avek yo a li pa bidjedize. Li dekouraje, y opa touche, yo pa vinn travay. Gen de fwa y opa menm gen yen l tou. Dezyemman ,trè souvan paran yo konn demisyone, gen de fwa paran yo konn koupe tou. Mw menm , mwen di deoi yon timoun kite m vinn nan lise a pou ou. Paske gen de sanksyon ki ap prezante pou ou. Paran yo sipoze ede timoun yo. Pou yo ka pran responsablite yo. Lòske yo lekòl pou yo kapab reyisi.

Mme Antonia :Kesyon pa reyisi a pwoblèm yo se toujou nan travay la. Depi timoun lan fè dè efò, li fè nesèsè li travay. Gen timoun lan menm lè li gen pwoblèm. Men wap wè koz ke li renmen lekòl la. Li vinn pa wè pwoblèm nan. Li chita sou lekòl la avèk anpil efò timoun lan fè ak tèt li pou l pase. Men si timoun lan lèkòl se pa sa li wè. Pa egzanp,li nan telefòn lap tchat epi y'ap travay nan sal de klas, li pa ka pase. Men si li menm li sou lekòl, epi l'ap travay lap reyisi kanmèm.

M Gedeon : Pou rejwenn madanm lan, se kòmsa toutotan teknoloji a ap avanse, gen yon seri de timoun se yon pwoblèm li ye . lè nap pale de telefòn sa konn koze pwoblèm. Pa egzanp pwofesè a konn ap travay epi li menm li nan telefòn. Li pa menm tande sinon wè sa pwofesè a ap fè a. sa vle di li okupe ak yon lot bagay li sou nèt, li sesi, li sela. Donk, se yon pwoblèm ki ka pemet echèk pou li. Konsa tou pou timoun lan genyen wap jwenn ki itilize l tankou yon zouti. Men lè se afè serye li pa itilize li. Fè yon sakrifis anplis. Alò lè pwofesè a ap travay, li konsantre l sa ka pèmèt li reyisi.

Mme Denise : Sa ke map di sou kesyo pa reyisi a. lè timoun nan pa gen volonte , menm si pwofesè a ap travay, ou wè l pran pòz li enterese men sa pa mache. Pou reyisit la si timoun lan moutre w li sou sa. Fòk ou menm ou admèt avèk li tou. Si li mande w yo bagay ki gen rapò ak lekòl, men m si w pa ka ba li men m enstan an, fòk ou fè sakrifis la pou li.

M Santory : Sou kesyon reyisit la fòk paran an bay timoun lan tout materyèl, pou timoun lan ka reyisi. Paran an tou fòk ou gen yon sans de responsablite dèyè timoun lan. E timoun lan fòk li gen ton volonte lakay li. Si paran an demisyone timoun lan pap reyisi, se paske tou li pa ba l materyel pou l reyisi.

Gwoup paran elèv nan Institution mixte Frère Francito/Depatman Lwès.

Boulay: se paske yo jwenn bon pwofesè kap travay ave yo ki fe yo gen kontinite.

Julo: Bon fok elev yo sou sa tou, paske le paran voye yo lekol pou yo ka pa kenbe sa a konsiderasyon, sa vle di ke pou yo paret lekol la pi bone.

Joseph: Bon, pou mwen yo jwenn pi bon pwofese epi tou pou yo kenbe yo di nan lekòl la.

Bernadette: Pwofese a toujou travay byen ansanm ave yo epi pwofese a toujou tre strik le yo bay yo fe devwa oubyen lesòn. Pwofese a toujou asire ke pou timoun nan fe devwa l' avek lesòn

Kaloudy: Donk, de mem osi, donk timoun yo gen yon ijans bo lakay direkte a, pwofese osi pou ke yo kapab eseye bay yo plis mwayen ki diponib, pou ke yo kapab fe travay tre byen epi yo kapab bon rezilta.

Emile: Donk, timoun yo travay, redije devwa, e yo jwenn ankourajman pwofese, direkte.

Erica: Yo travay byen paske, yo jwenn pwofese konpetan, epitou direkte a sou sa tou.

Rose-Jardine: Yo byen travay wi, yo jwenn bon pwofese nomalyen.

Vitaline: Wi pou yo byen travay fo yo jwenn bon pwofese.

Evinson: bon, se strikti lekòl lan lekòl la mete sou pye ki fe m' kapab di mwen jwenn tankou la, yon rezilta ki nomal bo kot pitiit mwen an, e parapo de pwofese yo tou, yo travay ase byen avek yo, e direkte osi tyen aske pou timoun nan kapab remet devwa le yo bay fe devwa, e lesòn yo pou yo kapab konnenl tou.

Gwoup paran elev nan Institution mixte Frère Louisdor CINEAS/Depatman Lwès.

Zilina: kisa ki pi motive timoun yo pou yo reyisi, e direkte a gen yon ko ansanm de direkte ki fe edikasyon an, yo toujou mete yo ansanm pou kenbe timoun yo, pou yo etidye epi pou yo fe devwa yo tou, ki fe timoun yo konn reyisi

Fanelia: Bon, motivasyon ke nou genyen bo isi a, nou gen reyinyon de paran nou fe souvan ke nou fe isi a tou, epi nou gen yon kwonogram tou nap swiv avek timoun yo, se sak fe timoun kapab motive pou yo kapab reyisi isit la.

Olius: Se paske gen yon koneksyon antre direksyon lekòl la, pwofese avek paran, se sa motivasyon an.

Cenac: Wi, bon pou elev sa yo motive, dabo direksyon lekòl la miz an komen avek tout pwofese yo, li vin rann timoun nan gen yon presyon sou dol' pou potel' de rezilta.

Juillet: Motivasyon pou timoun yo antrave tet yo pou yo kapab reyisi nan lekòl se pa rapo avek fomasyon direkte, pwofese ba yo epi le yo rive lakay anko yo toujou rekomande paran koman konpotman elev la ye nan lekòl la sal' bay sal' pa bay.

Nicole: Timoun mwen yo renmen lekòl la anpil, yo renmen pwofese yo, pwofese yo pran pasyans avek yo, direksyon lekòl la pa renmen timoun yo pa vini, le gen lekòl, yo toujou vle pou timoun yo toujou vin lekòl pou yo pa pedi jou. Le gen reyinyon nou toujou vini epi lekòl la sanse motive ansanm avek timoun yo, ansanm avek paran yo se sak koz yo bay bon rezilta.

Bertha: motive timoun yo, pwofese yo toujou ba yo lesòn fe yo etidye, e paran tou nou toujou kenbe yo di fe yo etidye, yo toujou fe mwayen.

Florvin: Reyisit yo se kolaborasyon antre direkte, e pwofese e paran, epi kenbe timoun nan ki pemet li reyisi.

Ronald: Alo, se sitou senbyoz ki degaje ant ko pwofesoral, direksyon lekòl la, staf, an gwo staf lekòl la epi jwenn paran yo, elev yo, pwofese yo, sitou senbyoz ki degaje antre yo ki pemet lekòl la, timoun yo motive epi pou yo aprann lekòl la

Emmanuel: mwen tap repete pawòl Ronald la men, Selman m tap ajoute isit la elev yo benefisye de yon bagay yo pa jwenn lot kote, se kwonogram timoun yo gen de le debi de lane, timoun yo konnen nan ki peryod yap gen egzamen , e fas a sa yo prepare yo a lavans pou yo sibi avek sikse eprev yo.

Gwoup paran elèv nan Lise Jeremi Eliazer CASAL/Depatman Grandans.

Desilien: Dapre mwen menm, kisa ki kapab ede timoun yo pou yo reyisi lekòl la se le timoun nan depi joul menm li rantre lekòl, ou komanse ap ede timoun sa, pou eksplikel men poukisa l' al lekòl, e lel' gen devwa ou edel' a fe yo, e ou ede timoun sa tou poul kapab de fe rechek poul kapab reyisi nan lekòl la.

Andreecene: Bon gen timoun nan, ou metel lekòl piti a, li bon pou li men tou fok gen paran tou ki ta remen met timoun nan lekòl, li ta remen timoun nan evolye men paran tou li pa we nan je, gen 2 pa we nan je, gen yon pa we pa ka mache, gen yon pa we nan liv, se sak fe gen anpil paran li oblijew timoun nan li ta remen timoun nan rive yon kote, men li pa kapab tou, akoz de mank konesans.

Jonas: Wi, nou kapab di, reyisit yon elev li depann, kom nou di li de paran, kom nou di li de paran, elev la e pwofese a, premyeman elev la gen dwa entelijan, men li kapab gen andikap ki andikap, paran sipoze efose li, poul bay elev la materyel, materyel nesese a ke lap bezwen, ke lekòl la egzije, anplis paran bezwen poul pran responsabilite' sa vle di, non selman prokire elev la, materyel didaktik bagay lap bezwen, founiti yo men li bezwen poul' pote ede elev la tou, setadi nan travay ke lap, nan fomasyon lap resevwa lekòl la devwa yo, eksetera, fol pote kiryoziye sous sa, eske elev la fe devwal, eskel' toujou, koman'l konpotel', eskel' respekte pwofese, eksetera, eksetera

Arnold: E pafwa elev la le l' vin lekòl la, li vin lekòl la, men dizon dil' vini men lap gade pwofese a gen de le elev la menm bonjou l pap di pwofese a. lel' vin lekòl la. Men sak pase pou mwen, depi yon elev vini l' jwenn pwofese pou travay avel' timoun sa si lidel' sou lekòl lap konnen yon bagay kanmenm.

Genise: wi, pou mwen menm, fo se timoun nan komsi poul konnen ki angajman li genyen anve lekòl la. Se paske depi nan piti paran an oblije di timoun nan men kisa k' gen nan lekòl, men poukisa l' al lekòl, men le w al' lekòl men sal' pral fe pou ou. E depi nan pitw komanse debite timoun nan ou edel' a kek bagay li vin konprann. Konyea lekòl vin gen gran vale li oblije vin pran a an chaj, e le l' vin lekòl la konyea, e w' toujou kenbel', li oblije kenbel' di. Konyeal' konnen l' angaje poul reyalize paske san lekòl li pap ka rive.

Joseph: Wi, sak angaje, mo k' angaje timoun nan gen yon panse moral ki di kisa: "Qui veut juin prepare en octobre". Le timoun nan konnen li menm li gen vizyon, lel' komanse rive o nivo li gentan travesse premye klas devan yo, li gon nivo l' bezwen rive, epi depi premye jou li rantre lekòl la li di si Bondye vle map reyisi ane lekòl la kanmem epi antake ou menm paran, lew gade ou we timoun nan deside l' li menm pou reyisi epi w edel, epi pwofese a ap baw bakop, epi w gade w we li pran yon angajman epi li reyisi vreman, se mo, se mo pam sa.

Theodor: Reyisit yon elev nan lekòl, kisa l ye? Si pwofese a ap fe kou a la, map swiv sa lap fe, map mete lwil nan lanp mwen, mwen pa ka pa reyisi. Si pwofese a ap travay la m deye ou byen map bay bag oubyen si map jwe nan

telefon pa gen reyisi pou yon elev. Men depi elev la sou sa nan lekòl la li pa gen yon paran k'ap edel', li vini ak leson li cheche l li jwen liv li, li ouvri valiz li gade sa l' genyen l'al travay, pa ka pa reyisi pou yon elev.

Robert: Reyisit yon elev nan lekòl la li depan de elev la poukisa nou di sa konsa? Pwofese a konn ap fe kou pwofese a nan sal la, elev la limenm li deyo lap jwe. Direkte a gen dwa soti deye yo ap ba yo presyon pou yo rantre pou yo vin swiv kou a yo kouri yo vole tet mi yo soti, donk, elev sa lel aji konsa li pa ka di ke se lekòl li ki pa bon, li pa ka di se pwofesèl pa jwenn, yon lot bagay anko pafwa gen elev, gen pwofese yo ki konn gen kou avek elev la 9ve epi yo anreta, yo rive a 9ve, 9ve edmi sa vin pemet gen doz yo vin on ti jan mal pou konprann li, se sa Selman nou kapab di.

Marcelus: E bon pou mwen menm, m ta renmen pou le lekòl la ap mache pou pwofese yo toujou vini respekte l' eyo elev yo tou yo respekte le yo tou, pou yo konnen a kile pou yo rantre e konsa yap konnen a kile yap soti pou yo mache a le, sa vle di ke pou yo toujou jwenn sa pou yo jwen, alo gen yon le pwofese a ka anreta li gen dwa pa vini menm konnen saw te pedi a jou ou we l' vinio an lap baw tout. Depi w enterese ou pap pedi jou, pafwa gen elev yo, yo chita lakay yo you di pwofese pat vini ye, ou yo di jodia yo pa prale lekòl. E konsa e ou k' paran ki pou enterese yo ale pito'w pedi jou a olyew' pa ale pyes. Sa vle di elev yo, yo vin pa enterese nan sans sa sak few we genyen kap bay anpil pwoblèm fe yo paka reyisi.

Similus: Bon nomalman e nap pati konsa, dabo n'ap di bon paran an, bon elev, bon met egal bon lekòl, sa m vle di pa la, si paran li pran responsabiltè l' dote timoun nan de tout materyel nesese epi li menm tou li motive timoun nan antan ke paran poul montre kel pa bese lebra pou'l kapab siveye travay timoun nan, e timoun nan limenm li pran responsabiltè l' poul konnen lekòl lan li dwe reyisi se ane l' lap preare, pwofese yo, yo fe travay yo kom sa dwa men pandan ke nou pap mete de kote responsabiltè de leta paske la le gen yon twou vid li manke pwofese, li konn poze echek timoun yo ebyen si pos yo konble pwofese yo reponn prezan, direksyon an fe travay li m' pase la elev la lap motive, lap motive dotan plis poul kapab reyisi.

Pierrelus: Wi, se bay elev la tout materyel li bezwen epi paran cheche konnen pwofese kap anseye pitit ou a pouw gen yon kontak direk avel. Epi gen de paran ki konn fe sa ki konn tre enteresan, le timoun nan reyisi ou fe timoun nan of, ou ofri l' kado konsa timoun nan ap toujou bat poul toujou reyisi poul kapab jwenn kado nan men paran.

Simon: Bon mwen menm, m we tout sa' m ta di yo la, tout deja di, e yon elev ki al lekòl li pa gen kaye, li pa gen plim, li pa gen liv, li pa gen inifòm li te met ret lakay li, sak fe sa, paske se avek lod de liv elev la genyen pwofese sa toujou ap gade elev sa tou, konpotman elev sa devan l' lap toujou gen yon ide de elev la, se sak fe tou yon moun ki gen pitit ou ou toujou fe mwayen, posibilite timoun nan al lekòl depil' gen tout liv li pa kite elev pitit ou chita nan ban deye, depil chita nan ban deye lap echwe toujou met pitit ou nan ban devan lap plis aprann e pwofese a ap plis renmen pitit ou a tou, se sam ka di, mesi.

Gwoup paran elèv nan Beladè/Depatman Sant.

Laguerre : Trè souvan, timoun yo motive se fason pwofesè yo akeyi yo. Yo pa britalize yo, yo familiarize ak elèv yo. Sa vin fè yo renmen lekòl la, sa pèmèt timoun nan adapte l, sa pèmèt li reyisi.

Marie-Ange : Sa depann de jan timoun nan konprann pwofesè a. Si yap fè kou a li pa konprann pwofesè a, li gen dwa pa reyisi.

Meriel : Sa ki motive timoun yo se paske gen anpil nan yo ki pran egzans de lòt moun kap travay, yo ta renmen yo menm tou pou yo travay. Men sa ki antrave timoun yo nan tan sa nap viv la a, se mòd evolisyon sosyete a. Lontan, se lekòl ki te enfluyans sosyete a. Men koulye, se sosyete a ki vle enfluyans lekòl. Se sa ki antrave avni timoun yo yon fason ki vrèman pa bon.

Frederic : Gen de (2) volè. Sa ki entèrese timoun yo, se lè yap gade moun kap fè sa ki byen, sa gen dwa ankane nan lespri yo. Plis ankò, direktè lekòl la ki kenbe lekòl la an evèy. Elèv ki sou lekòl yo eseye kenbe. Men lòt bagay ki ka antrave yo, se deske gen paran ki gen 4 a 5 pitit, menm nouriti yo pa ka bay yo. Sa lakòz elèv la, olye li swiv sa pwofesè a ap di a, li blije ap dòmi sou ban. Yon ti dlo sèlman li swaf, si li pa gen mwayen achte l ka anpeche l pase.

Beatrice : Gen yon bagay direktè a vini avè l ki trèzenpòtan. Timoun nan, lè l lekòl, li bezwen nan yon anbyans nan lekòl la. Li alèz ak pwofesè, li adapte ak kou ki fèt la. Epi sa ki antrave yo ki fè yo pa ka reyisi, se lè timoun yo grangou, epi lè timoun nan pa alèz ak pwofesè yo, yo pa ka poze kesyon akòz yo pè pwofesè yo.

Hilaire : Alò, sa m panse ki motive timoun nan, se lè li vin lekòl epi li jwenn bon pwofesè ki bay bon nòt ki ka itil li jiska inivèsite. Sa ki se yon enkonvenyan, se lè timoun nan vini, li vin chita lekòl la, epi li pa jwenn pwofesè konpetan ki pou pataje kou a avè l. Gen timoun ki renmen anbyans. Si kou a ap fèt, pwofesè a te soti ak pwoblèm li lakay li, epi li fache, sa ka lakòz timoun nan pa reyisi.

Osnet : Si gen paran ki demisyone, pap gen timoun ki prepare pou avni yo demen. Si lè timoun yo soti lekòl yo al nan teke mab, lè sa a yo pral di pwofesè pa bon, poutan se paran yo ki pa pran responsablite yo anvè timoun yo.

Gwoup paran nan Collège le Primat de l'Esprit/Depatman Nodwès.

R-Patisipan 1(Stervencia): Lekol Primat a, motivasyon ke yo fè pou timoun yo reyisi lekòl se kenbe yo di, se pale, fè reyinyon ak paran yo sou kòman pou yo konpòte yo ansanm ak timoun yo lakay. Apre sa tou gen fason yo fè, yo fè resitasyon, dapre resitasyon yo konn leson yo, yo bay yo pinisyon. Alèd de pinisyon an yo vin komanse ap pran men yo, y ap vin konprann sa yo vle yo rive a paske pwofesè a se pa bak li vle yo fè, se avans. Alèd de pinisyon sa a, kounye a lè yo wè y ap pran pinisyon yo oblije leve pye yo pou yo fè tout sa k posib.

R-Patisipan 2(Sherlie): Nan lekòl Primat de l'Esprit, direktè toujou ap ankouraje paran yo, fè reyinyon paran pou paranyo ka achte ouvraj pou elèv yo li, pou timoun yo ka jwenn liv pou yo travay e pou yo kapab fè de efo tou lè yo bay yo fè devwa, pou yo ka jwenn liv pou fè devwa yo jis pou le timoun nan ta vini, li p ata fe devwa a se yon bak l ap ye. Se sa k fè yo toujou ap pale ak paran yo pou yo sousye de timoun yo, koman yo konpote yo lakay la, eske yo manyen liv, eske yo etidye? Se sa m te ka di.

R-Patisipan 3(Benjamin): Lekol sa a, Primat de l'Esprit se yon lekòl ki gen anpil disiplin. Yo onivo edikasyon, yo gen anpil pwofesè ki fòm onivo edikasyon. Timoun, direkte a toujou ap fe de reyinyon avek yo, reyinyon avek paran yo pou motive yo, pou montre yo koman yo kapab aprann paske yon bon elev jodi a, demen si Dye vle se yon bon sitwayen ke l ap ye. Sa nou we ke yo toujou mande pwofesè yo pou yo kapab bay yo devwa paske lakay mwen m toujou we y ap fe devwa pwofesè bay yo paske de direksyon lekòl la menm ki mande sa. San ke yo pa motive elev yo pou yo kapab travay pi byen, ebyen se lave men siye atè.

R-Patisipan 4(Edwige): Gen anpil bagay ki motive. Premyeman se disiplin. Depi yon lekòl pa gen disiplin, ou te mèt kwe m pap gen reyisit. Donk reyisit la se youn, disiplin nan se youn men antre nan relasyon ak timoun nan se 2 paske

ou pa ka kenbe yon ti moun fò ta di se yon bouwo. Men pafwa timoun nan le l gen yon pwoblem tou fòk ou al nan li menm pou w konnen sa l genyen, pou w pale ave l. Pafwa elèv la gen dwa grangou, li pa ka suiv men si antanke paran ou anatanke pwofesè, manm disiplin, manm direksyon ou gen 10 goud nan poch ou, ou gen 50 goud nan poch ou se nomal pou w di l al pran yon pate ave l. Le sa a, timoun nan menm si l te grangou, le l pran yon pate, li bwè yon dlo li pral reprann pou l al suiv kou a. Donk li toujou bon pandan w ap fe disiplin men ou marye disiplin nan avek elev la. Lè sa a pa fouti pa genyen yon bon rezilta. Donk isi an, mwen kapab di w maryaj elèv ak paran an, maryaj elv-pwofese an nou fe l byen bo isit lan. E se sa k pemet yo reyisi fasil.

R-Patisipan 5(David): Pou yo reyisi nan lekòl la se bon disiplin, bon pwofese, bon paran ki pou fe yo reyisi lekòl.

R-Patisipan 6(Wisly): Bon, lekòl la se yon lekòl ki pase de prezantasyon nan kominote a. Le fini genyen yon alokasyon ant direktè, pwofesè, paran. Se sa k fe le w gen yon timoun ki lekòl sis a, toujou gen nimewo telefòn nan mezi ou si timoun nan gen yon pwoblèm, direksyon lekòl la rele paran li di men tèl pwoblem li genyen. Paran an, pwofesè a tou, direksyon lekòl la genresponsablite anve timoun nan pou si timoun nan gen yon malez kelkonk, si se lopital pou l ale, pou yo gen tan ale avè l. Sa vin rann tout paran sousye pa rapo de responsablite Direkte, pwofese la e gen dialog avak paran yo e paran yo renmen lekòl la e lekòl la tou vin tounen yon lekòl pafe san l pa gen disiplin, travay. Se pwèn fò yon lekòl se disiplin avèk travay. Se youn nan rezon ki fe mwen menm mwen pitit mwen la, e pitit mwen ap reyisi nan lekòl la.

R-Patisipan 7(Cilia): Sa m bagay, koman direktè a, Primat de l'Esprit, kòman yo sèvi ak timoun yo an byen. Yo byen travay ak timoun yo. Epi lè timoun yo gen yon bagay ki fè yo mal, yo toujou mennen yo lopital pou bay o medikaman. Sa fè nenpot bagay timoun nann genyen li toujou enterese ak lekòl la.

R-Patisipan 8(Rolph) : Monchè Josue se plis yon plezi jodi a. Malgre ni lè m te lekòl la sa pa t konn fet. Men pa bo isit jan tout moun di w la, lekòl bò isit la pa ka pa motive paske gen yon alyans ant disiplin nan ak elev yo. Sa vle di si n ap viv la se yon sel nou ye, si jodi a mwen pa konn leson m, mwen konnen met Doudou pral wonfle m, mèt Edwige pral wonfle m, m ap pran kou a, m pap derespekte l e lè fini m ap konn leson an avan m ale, m dwe konn leson an. E fok mwen al bay pwofese a li. Sa vle di bo isit la se Primat de l'Esprit, se yon bagay ki presye, nou tout ki la nou te lekòl Primat de l'Esprit, se yon bagay ki presye. Se yon fason ou tre presye. Nou travay nan non lekòl la pou n bay tout sa, tout konsantman nou ka bay.

Kesyon#6

Eske ou kwè kalite manje timoun yo manje kapab ede yo bay bon randman eskolè ? Ki kalite manje ou bay timoun pa w yo manje ? Epi chak konbyen fwa pa jou ?

Gwoup paran elèv nan Lise Penchina/Depatman Sidès

M Onel : Kesyon sa se yon kesyon ki vrèman pèplèks , men kan menm nou konprann ki nouriti timoun lan pran pral aji sou mantal li, li pèmèt pou li kapab aprann li byen. Donk li trè enpòtan pou ke nou ekilibre aliman ke nou pral ba yo manje. Mwen fè trè atansyon pou m ka bay timoun mwen aliman ki kapab ede'l. aliman enejetik, aliman ki pou ba yo pwoteksyon. Yo jwenn potey ki ka fe timoun lan gen yon bon mantal dispoze pou resevwa edikasyon.

Mme Marie-carne : pou nonb de fwa a timoun sa li manje 2 fwa pa jou. Li te manje li ale lekòl, lè vini ou fè manje ou kite pou li. Apre sa si li le sandi li pa al lekòl li ka manje yon twa fwa pa jou.

Mme Desir : Pou timoun yo manje lekòl la travay an de vakasyon, pou ou gen de timoun lekòl ; youn maten, youn aprèmidi. Fòk timoun lan byen manje nan maten pou li ale lekòl. E sak pral lekòl apremidi a , si w pa kapab bay timoun lan manje fwa pa jou. Se yon sel manje pou tou de manje wi , si w pa an mezi. Pou timoun lan byen manje le maten ,manje ze, fig, pou timoun lan al lekòl, pou'l bwè ji se yon bon ji natirèl ki pou kenbe timoun lan lan an vi. Pa fwa timoun lan konn pral lekòl paran an pa gen menm yon goud pou l ba lial lekòl. Fok li ale kanmenm. Lè sa wa di timoun lan fò'w pou wè si wa jwenn yon bagay ou kite pou li , lè l sot lekòl. Gen paran an ki konn voye piti yo lekòl epi l di ale sou kont bondye. Bon si w voye timoun sa lekòl ou pa kapab ba l amnje fok ou bal bwè pou'l retounen manje. Mwen le m voye timoun mw lekòl mwen leve depi a katrè di m maten. Kounye a manman y opa leve a 4è ankò ,y opa leve a 5è menm pou fe timoun yo etidye y opa leve. Si yon patat, yo lam, yon bagay ki pi fasil mw gentan leve mw bouyi l.

Mme Edelyne : Malgre mwayen ekonomik tre fèb, men timoun lan nou fè sa n kapab. Menm si nou pa ka bay 2 , 3 fwa nan yon jounen. Nou fè tout efò nou pou nou kapab ede timoun lan nan san sa.

M Garry : Pandan nap pale de nouriti an, nou kwè 1 bwenn pep la se. Kòm se ministè a ki voye nou pou li se a. se yon lekòl nasyonal nou wè Leta manke pran responsablite l. se pa tout paran ki gen posiblite pou fe timoun yo konsome sa yo dwe konsome a. aprann jan yo ta dwe aprann lan. Kesyon map voye poze min istè a se pou ki li pa kkrey posiblite pou l bay timoun sa yo yon pla cho. Paske gen paran an ki konn pa ka bay timoun yo, yon bagay ki pou kenbe yo pandan yo jounen. Paske tout paran pa gen menm fòs, gen paran ki ka bay timoun lan yon bagay , konsa gen lot ki pa ka jwenn. Timoun lan oblije vinn a dlo domi an.

M Larose: Mwen panse minister a pou bokou nan edikasyon timoun yo. Si timoun lan pa gentan konsome anyen. Se klè li pap kenbe anyen, anpil nan paran ayisyen yo. Yo konn kisa pou yo ta bay elev la pou mete nan sou yo, men de fwa yon pa gen posiblite a. men m panse paran yo fe tou say o kapab pou lekòl.

M Aubin:lè n'ap pale tale a kesyon an bèl, mwen ka di peyi dayiti se yon peyi mizè frekante chak segonn. Yon timoun ou gen yon jan ou ta renmen okipe l. ou pa janm ka rive nan pwenn pou okupe l la non. Ann di timoun an ayiti ,sitou sakap etidye sa genyen ou ba li'l. lakay pan ou vinn genyen yon feblès an agrikilti. Lè n'ap gade timoun lan dwe konsome pwodui ki gen plis enèji. Se moun de feb posiblite yo kap travay tè. Tout pwodui ou konsome aktyèlman la se pwodui etranje ke l ye. Mwen met di kip a rich an vitamin. Ou manje yon kiyè mayi moulebn ki sot nan tè w la , ki pran dire pou l pran an nan tè a. ou gen yon timoun ki pran yon pla konsa li regle yon bagay pou li. Men wap manje youn kounye a se yon pwodui enpote ke l ye, li chaje pwodui chimik.. mwen met di sa nou genyen an se ave l nou okupe timoun lan. Sa nou jwenn lan si w se moun ki ala kanpay, ou jwenn mayi, pitimi,lam veritab, patat, manyok. Sa w jwenn lan ou bay timoun lan li. Se li menm ki ede w avek sekou lesyèl tou. Pou ki rezon leta ayisyen tout timoun kap mouri pa malnitrisyon yo pa eseye itilize yon klimik mobil pou lekòl yo. Pou yo we koman yo ka akonpanye moun yo. Ba moun yo yon minimum pou yo we ki tip de pwodui yo ka bay mou sa a ki pou ede l. sa paf et nou pap bay tet nou manti fok ou ka bay timoun lan yon manje ki pou kenbe'l. Pla diri se jou si paf e anyen pou li, ou ba l manje pou l pa mouri.

M Gerson : kesyon manje an Ayiti nou nan yon peyi sou devlope. Gen moun ki ka bay pitit li manje nenpot bagay. Sa jwenn se li nou bay nou kontante n. kesyon manje a nou pa finn chita sou li pou n bay pitit nou pou'l reyisi lekòl. Paske se efò nap fè ak pitit nou. Pou nou wè si nou ka sove l sou le plan edikasyon.

Mme Denise : Manje a se youn, men si timoun lan pa jwenn li, li pa gade sou sa, li toujou kontinye fè efò avèk sa la rive genyen.

M Gedeon : Bon m'ap di, si pou'n ta di nap bay timoun yo manje sa pou'n ta dwe ba yo. Yo mèt di gen timoun ki patap fè klas yo. Mwen konne gen de timoun ki gen dwa al lekòl konsa. Sa ka rive se lè li retounen pafwa konsa li konn jwenn yon bagay. Gen de timoun yo menm se sakrifis yo fè. Se sak fè m panse Leta li menm fò'l ta ede nou, pou nou ka ede timoun yo. Menm lè paran an ta gen posiblite li pa konn ki manje pou'l bay timoun li. Eske ministè a tou bay yon lis de manje ? paske timoun lan gen dwa manje diri se kòm si li pa manje. Timoun lan pap manje mayi pou ou. Si ministè a te bay yon lis sak te k ede noua k timoun yo.

Mme Antonia : Afè manje a pou mw , pou janm wè mou nap manje Ayiti. Lontan nou te konn byen manje paske lapli ap tonbe sa'w plante leve. Menm yon poul ou gade kounye a maladi pase pran l. ou pral di achte ze, ze a trè chè. Nou ka di, dye swa louwe, sa bondye ban mwen an. Bondye fè gras, men si ta pou di pou okupe timoun lan, ou patap kapab.

Gwoup paran elèv nan Institusion mixte Frère Francito/Depatman Lwès.

Boulay: Bon, timoun nan ou bal' manje, ou voyel' lekòl, fol' etidye, fol' aprann.

Julo: Bon se pitit ou l' ye, sa vle di, ou prepare timoun nan a la baz, manje li 3 fwa pa jou.

Joseph: Bon, pou mwen menm, timoun nan manje, men se 2 fwa pa jou, li manje se sak' fe'l ka sou sa.

Bernadette: fok ou bay timoun nan manje epi pou bay timoun nan pou li ka kapte fok ou bay li manje fwi, legim, fok ou toujou fe ti ji pou li, pou timoun nan, epi fol' manje 3 fwa pa jou.

Kaloudy: Donk, sa'm ka di pa rapo avek ijans paran an, tankou pa egzans, ekonomikman, vreman timoun pa gen ase de mwayen, men kanmenm pou ka reponn, men kanmenm nou eseye fe sa nou kapab, malgre efo nou fe pou ke nou kapab bay timoun yo manje nomalman

Emile: Wi, manje a pafwa gen vitamin ki ede timoun nan avanse, sitou, donk si timoun nan ap manje nenpot manje m' pansel pap sou sa, e sa ka rann tou li paka etidye. Donk, timoun oblije manje 3 fwa pa jou.

Erica: Timoun nan dwe manje 3 fwa pa jou a men jis lew genyen ou ba'l epi tou 'l ta sipoze bwe ji chak jou, ji natirel

Rose-Jardine: wi, timoun nan sipoze manje 3 fwa pa jou, ki tou te genyen, ki tou pat genyen, li sipoze manje 3 fwa pa jou.

Vitaline: Wi, timoun nan sipoze manje epi bwe ji natirel, poul' ka sou sa, poul' genyen bon nivo, poul' sou sa.

Evinson: Bon, li evidan, pou timoun nan kapab reyisi lekòl, fok li kapab manje de manje ki gen, kap di, vitamin ladan, pwoteyin , tout sa, nou fe de mwayen posib poun' ka bay timoun nan manje 3 fwa pa jou

Gwoup paran elev nan Institusion mixte Frère Louisdor CINEAS/Depatman Lwès.

Zilina: Bon, pou kalite manje a menm sa se yon katastwof paske moman yo yon ti jan difisil paske tout janw ta vle ede timoun nan avek yon bagay ki pou edel' pou timoun nan ta kapab aprann, pa gen mwayen posib, pwiske wap goumen, nou konnen koman sityasyon peyi a ye.

Fanelia: Bon, pou afe nouriti pou timoun sa yo, nou te ka ede timoun nan fason pa nou, nou konnen pou manje se 3 fwa pa jou pou manje men a la minit ke nou pa gen mwayen pou timoun yo, gen pafwa yo manje yon sel fwa pa jou oubyen 2 fwa pa jou.

Olius: si se pou kalite de manje timoun n' ap manje ki ta fel reysisi, nou patap jwenn sa Selman gen motivasyon yon presyon paran bay timoun nan, sal jwenn li ba li, li kotantel avel epi li pote rezilta.

Cenac: Wi, nomalman timoun nan pagen yon manje spesyal ke nou ba li, nou te kapab konnen sa pou nou ba li a men posibilite yo pa an men poun' kapab ba li a men avek sa yo jwenn yo dako, e nou menm sa nou te konn jwenn tou, nou kontribye antre yi, li pote reysit.

Juillet: konsenan nouriti pou timoun yo kapab konsome pou yo manje, pafwa se sa w' jwenn ou bay yo, se lew genyen tou ou ba yo, paske bagay pa osi fasil pou yo.

Nicole: mwen menm timoun yo m degajem ave yo, sam' jwenn m ba yo, m bay yo pitimi, sos pwa, legim, mayi moulen, sos pwa, legim, m ba yo, m degajem ave yo sam jwenn m ba yo, bagay yo di.

Bertha: Bon, sam' jwenn m ba yo, gen de le, w ta ba yo manje 3 fwa pa jou w pa genyen, saw jwenn ou naje ou soti.

Florvin: Monchew degajew_ave yo janw konnen, paske pafwa menm jwenn ou pa jwenn, ou degaje w kanmenm pou pemet yo reziste

Ronald: Bon si se pou rasyo alimante pou timoun yo te reyisi, bon w te ka di lew na milye sa yo sitou paske depiw nan milye sa yo yo konsiderew nan defavorize kote tout paran yo pa reponn men jan men kanmenm lew eseye egziye timoun yo, paske si yap gade sa mesye, pitit mesye X ap manje, yo menm yo pa manjel tou, sa ka demotive sa oumenm tou, ou oblije motive yo, yo paka manje jodia omwen sa yo jwenn yap kontante'l avel, demen sidyevle epi bagay yap chanje.

Emmanuel: Nou rekonet ke, pou yon timoun aprann byen, gen bagay fok li manje tankou, pwason, let, vyann, li dwe jwenn bagay sa yo, men nou paka bay tet nou manti, n' pa bay timoun yo sa yo chak jou, men nou fe efo le'n ka ba yo nou ba yo.

Grupou paran elèv nan Lise Jeremi Eliazer CASAL/Depatman Grandans.

Desilien: Bon, de no jou konyea m kapab di ayisyen vin an yon tem, se komsi, nan yon tem eklere, pi bon manje ak' te gen lontan yo, m kapab di manje monn yo, nou kapab we yo di manje sa yo yo pa bezwen l' paske manje andeyo yo pa bezwenl. Se manje vil, manje blan voye, e de manje blan sa yo voye yo vin kontamine timoun yo. De no jou, n' vin we timoun yo ap vin malad men se pa rapo de manje blan sa yo pou mwen menm mwen ta swete paran timoun yo le maten ou fe yon te bay timoun nan ou ba timoun bon mayi moulen poul manje pou l al lekòl. Ou bay timoun nan nouriti, a sam tap di.

Andrecone: se menm bagay la toujou, afe manje pou yon timoun al lekòl, bon bagay la bay pwoblem nan peyi a pou andeyo a la pou timoun nan le maten lel' pral lekòl li ta dwe manje yon bagay men se konsa tou, posibilite a gen dwa pa pemet ou. Timoun nan pati a yo 10 goud nan poch li pou cheche yon bagay pou li manje petet saw ba li a, li gen dwa paka itil li anyen, limenm li ta renmen l' tou, bon e sa ban pwoblem, e sa pa nan memwa timoun ou gen dwa paka kenbe, ok mesi.

Jonas: Souvan yo toujou di "ventre affame n'a point d'oreille". Se ki vle di, e timoun nan di moman ke li nan klas e li pap, setadi, li pat leve ke li sa vle di li pat pran yon ti nouriti lakay li, donk, se nomal, pwofese ap prezante konl', li gen dwa aveg, aloske, de jel' kale men l aveg paskel paka tande anyen paskel sot lakay li grangou donk, ansotke paran li

menm bon fom diw an pasan gen paran ki konn pafwa mal aji, koman mal aji, kwe pou'm rejwenn konfre'm nan jan li te pale a, gen paran, li gen bon ti bagay, komsi pwodui lakay poul ta bay timoun nan telke ze, ze poul li genyen bon zaboka yon seri de bagay, fig, fig mi, li pote al pote yo kabare al vann epi lap achte lot bagay pwodui enpote ki pa genyen vreman vitamin sa fe timoun nan li pafwa konn mal aprann, aloske Bondye ba li fig mi, li bay li bon bagay, pwodui lokal, poul ta bay timoun nan, li pa ba li.

Arnold: wi, pafwa mwen lontan, lem tap leve se chwazim' tap chwazi, timoun tap chwazi kisa pouw manje pouw al lekol, men konyea pafwa timoun nan leve menm jwenn li paka jwenn anyen non poul ale, gen de le menm yon ti kafe li paka jwenn, li oblije fe twalet li li pati konsa.

Genise: wi, pou mwen menm m santi dosye manje a kapab fe timoun nan paka aprann, men pou otan timoun nan pa bezwen tankou se ta yon bagay ki che poul ta pran poul ta aprann yon bagay, pakse depi timoun nan sot lakay li sel sal bezwen, li bezwen yon ti bagay ki valab, li pa bezwen anpil, li gen dwa piti, men ti sal pran an li valab, le timoun rive li oblije santil gen yon ti fos, paske ti sal' pran li te gen pwa, menm sil piti men l lou, wi sil pa jwenn li li ka fel paka aprann

Joseph: Egzakteman, pap byen manje timoun nan ka fel paka aprann, mentnan sim diw pa gen peson timoun ki ka byen manje konyea, mesi pwodui natirel yo, yo ale, pote yo ale, lapli pa tonbe, menm zoranj si moun pa jwenn, le pou timoun nan ta fe yon dlo sik, yo pa jwenn li fok se yon pwodui chimik kanmenm poul al pran, se pran yon yon pwodui bwase li, mande sa timoun nan bwe a l' pa konnen, eskel bon pou li, eskel pa bon pou li, e sak' fe menm ou menm mandew sa timoun nan manje, pesonelman oumenm saw manjew pa konnenl, paske sa yo ba ou, ou manjel menm oumenm ou pa konnen kisaw manje.

Theodor: bon, nou ka di sa konyea de nou jou, manje a vin enfliye sou timoun yo vreman, enfliyans lan nan grangou a, paske depiw grangou ou paka aprann, grangou paka aprann, Jezi rele disip li yo avan l anseye yo l' ba yo manje, men moun paka aprann anyen an grangou, paka chwazi, mwen menm mpa chwazi manje m bay timoun mwen al lekol, sam jwenn mwen ba yo, se mwen k' papal', li pa gen le chwa, sam ba li a li dwe pran yo, mesi.

Robert: bon, sin' ta ale pi lwen nou menm, map di le yon timoun, yon timoun leve pandan jounen an li ta dwe manje pou pi piti 3 fwa pa jou, men le nap gade yon timoun ap soti net betel poul vin lekol isi a, li gen dwa deplase betel, sou kabare, li manje yon ti bagay nan maten, lap rive la a 7te, epi li 3ze, 3ze edmi, li lekol la toujou, nap mande elev sa, lel, menm sil te sot lakay li vant plen li rive lekol la, kanl' rive a midi, li oblije, li paka, li tonbe a defayans, li paka sipote anko, kisa' fe nou di pandan lekol la ap mache ou gen dwa we elev la li kagou, wa di se yon poul, men le sa oumenm, ki pwofese a oubyen direkte a, e few kapab swiv elev la tou pandan wap fe kou a, pouw kapab konprann lew we elev la konsa pouw gentan santi se an defayans li ye, siw tap pase siw tap fe yon kou diran 1 e de tan, siw te ka redwi li an 45 minit li tap bon pou elev la.

Marcelus: dapre mwen menm, m toujou ap panse avek 77, 78, 79, 80, le m' ta pral lekol, gen dwa sot lakay ou ou pa manje, epiw pa we lew rive lekol la ou travay, ou travay, kouw tande midi pral sonnen, ou tande penpen, penpenn, le saw sou manje, ou met, le sa te gen manje, te gen ed, men konyea nou pa jwenn ed sa yo anko, a nou pat santi grangou, nou te santin' alez, nou te aprann byen, nou te aprann byen le sa, sa vle di moun ki pase nan lekol nan ane sa yo, mon che yo pote fwi, sak fe sa yo te byen aprann te gen manje.

Similus: bon kesyon manje a se yon kastet chinwa, nou pa, nou mete an faz sou timoun yo, men se pa timoun yo, se tout sistem nan li anbrase, menm pwofese a de fwa ki vini kanpe nan klas lan, kom antanke responsab, li pa kapab bese le bwa poul metel a ni devan elev yo li pran reponsabilite l', men se yon veritab pwoblem, jounen jodia

gen yon altenans, ant pwodui lokal yo ak pwodui etranje, pou konyea la, li pi fasil pou yon timoun lel' pral lekol se 2 branch vemisel oubyen sa yo rele spageti a nan lang blan an, yo ba li, timoun ou pa jwenn patat anko, ou pa jwen, bon pa pret ke gen fig, viv yo, pa genyen, de fwa tou yo konn nan frekan wi, yo pap kale, li konn lakay la yo pap kalel', yo pap kalel' pou yo bouyil', donk se sa, yo prefere swa tonbe nan otdog oubyen nan pate, bagay lwil kap seche lestomak yo, kase lestomak yo, epi ki pa kapab vreman nouri espri an, donk, se sa se yon veritab pwoblem e lekol yo tou defwa tou yo pa ekipe, paske nan chak lekol kote nan peyi ki serye avanw al chita pouw aprann se manje dabo, se manje dabo, se vre nou pa manje poun viv, nou pa viv pou'n manje, nou manje poun' viv, byen men met Tego te dil' ventre affame n'a point d'oreille, chen grangou pa jwe, paske sak fe anpil fwa li koz tou, sak rele randman skole la defwa konn gen yon dekalaj ladanl, se sa, se konsa sa fe.

Pierrilus: Nou konstate, lontan jan met Similien dil la, nou konn jwenn patat, nou jwenn fig yo pou manje, konyea yo pap fel, ou ka jwenn anpil paran aksepte vann poul peyi yo, pou yo achte poul etranje ki gen yon bann paket pwodui chimik ladann, mwen menm bo lakay mwen, m kontate m gen yonn nan timoun yo ki pa janm manje lot bagay ke diri Selman, li pa nan pitimi, li pa nan mayi moulen, li pa nan sesi, anyen, ou ka konstate anpil fwa nou konn lage fado sou do zonbi, sou do vwazinaj, nou di se kout mo k' konn touye yo, poutan timoun nan pati lakay li ta dwe pran premye repa, li ta dwe pran 3 repa nan jounen an, ebyen soley konn kouche menm premye repa l' poko pran, alo le yon gaz rantre aba kot li, li pete fyel li, le sa yo toujou lage fado sou do zonbi.

Simon: Bon mwen pou afe kesyon manje a, se yon tet chaje, tet chaje, soti depi nan pye rive nan tet. Timoun yo leve le maten ou fe yon mayi blan bal a fey, li diw non li pa vle'l, e mwen menm m raplem' de 86 a 87, m konn griye Mayi met nan poch mwen m al lekol nasyonal, konyea la w pap jwenn yon elev kap fe sa pou ou, ebyen mwen menm, si se pou kesyon manje a menm nan elas, se sa Selman nou ka di.

Gwoup paran elèv nan Beladè/Depatman Sant.

Osnet : Opinyon pam sou kesyon an : Fòk leta ta tounen sou afè agrikilti a ankò. Si nou pa gen pwòp pwodui lakay nou, se lave men siye atè. Twòp pwodui chimik ap maltrete timoun yo, sa fè yo vin pa ka aprann ankò. Nan tan lontan, lè yon timoun soti nan lokalite **Moleyon Batis**, memwa yo te konn frèch anpil paske yo te manje pwodui lakay. Men tout vye bagay kap soti Sendomeng (vye poul mouri yap pote bay nou, si nou ta gen yon leta ki tap travay, ki tap pran respnsabilite l, yo tap fè poulaye isit pou lè paran yo bezwen achte ze, li tap ka jwenn. Lòt manje tankou fig, kasav, manba tap gen tout bagay sa yo disponib pou te pran swen elèv yo.

Beatrice : Pou mwen, timoun yo pa jwenn yon nouriti sifizan pou yo reyisi. Elèv yo ta dwe manje ze, bwè lèt manje vyann. Ò, paran yo konn pase plizyè jou li pa ka jwenn yon ti vyann pou bay timoun nan manje. Leta plis fokis sou lekòl primè pou mete kantin, li pa fokis sou lekòl segondè. M santi pafwa, elèv segondè yo konn plis bezwen manje pase primè. M pa di primè a pa bezwen non, men yo konn pi mal. Sitou pou sa kap fè ale vini. Nou ta anvi bay timoun yo bonjan manje, men nou pa gen ase lajan pou nou fè sa.

Osnet: An tan ke teknisyen agrikol, mwen kwè nan agrikilti, se de agrikilti kem viv. Nòmalmman, manje timoun yo ap konsome, li pa janm ka ede yo reyisi lekol paske pwodwi chimik la fè anpil efè nan kràn timoun nan. Gen manje yap manje ki vrèman defavorab parapò a manje timoun nou te konn manje lontan. Otrèfw sete manje lakay, men kouly a se kabesit (diri titèt).

Gwoup paran elèv nan Collège le Primat de l'Esprit/Depatman Nòdwès.

Patisipan 1(Strevencia) : Wi, kalite manje ou ta dwe bay yon elèv chak maten. Premyeman ou ta dwe fè yon te, onivo sèvo a pou l ka kenbe lesan an paske le maten premye sa w fe se yon tas te pou w ta ba li. Le w fin ba li tas te a ou prepare yon ti manje ba li pou l al lekòl. Le l al lekòl la tou, manje w ba li an pa ka fe anyen pou li, ou sipoze ta mete yon monnen nan men l men sa pa pemet pou w ta kouri mete kob sa nan men l anko, li oblije retounen pou l fe jounen an. Kounye a ou menm avek sa w gen nan men w, w ap prepare tann li a 2 ze, 3 ze le l ap vini pou w prepare yon manje pou li. Men le maten an, timoun nan te sipoze ou ba li yon fig mi, yon pistach oubyen ou ka ba li yon spageti oubyen ou ba l yon ze avek bannann. Men bagay yo pa likid nan moman an pou w ta fe sa pou timoun nan. Men ou cheche yon jan ou ba li yon bagay kanmenm pou l manje, pou l ka reyisi, pou l ka konprann sa pwofese a, paske le l pa manje, domi pral pran l sou ban an. Le domi pran l, sa w pral di ? Gen pwofese ki kapab leve timoun nan, genyen k ap leve timoun nan pou di li ; kisa w genyen ? Nan bon ke l li ka di se grangou m grangou wi. Kounye a pwofese a menm, se pap menm devwa li, li ka di ban m achte yon bagay pou m ba li.

R-Patisipan 2(Sherlie): Kalite manje ou bay timoun yo, malgre pa gen posiblite men nou toujou fe efo pou n ta bay yo yon bagay avan yo ta ale lekòl. Ou konprann ? Epitou, ou fe tout mwayen posib jis menm si bagay la pa gra, fok ou ta bay li yon bagay pou mete nan men l. epi petet timoun nan al lekòl premye fwa, premyeman nou ba li yon bagay pou l peze ke li epi nou ba l yon monnen, le l sot lekòl nou fe manje kite pou li. Nan aswe nou fe labouyi oubyen banana pou li. Mesi.

R-Patisipan 3(Benjamin): Afè manje sa se yon katastwof. Le maten, lè w leve ou ta sipoze bay timoun sa yon ti te sèl pou kapab kenbe l paske te a ede l anpil. Men aprè ou ba l yon dejene, yon ti manje pou kabab ale lekòl. Ou pa bal yon paket manje pou fè l sou le rive sou ban lekòl la pou l al tonbe domi, pou pwofese a ap eksplike yon bagay, pou l pa kapab konprann, men fòk ou soutni l ak yon ti manje. Fòk ou ba l yon ti kòb tou mete nan pòch li paske lavi a di anpil, tout bagay che anpil paske ti monnen ou pral ba li a wap ba l yon bagay mezi le l rive lakay pou l kapab jwenn yon bagay. Timoun nan sipoze manje 3 fwa pa jou men jan lavi a di a, sa fè ou oblije ba l yon ti bagay kanmenm pou kenbe l lekòl la paske ou konnen lestomak pa bounda kanno, paske bagay yo di.

R-Patisipan 4(Edwige): Se kalite manje a menm k ap fè timoun nan bay yon bon randman. Men nou ann Ayiti, bagay yo vreman difisil. Chak paran gennyon ni vo li kapab rive, li kapab lonje men l. men mwen kapab di nou anpe satisfè timoun nan paske le maten, le timoun nan pral lekòl ou fe tout sa k posib si se yon wap bay li, ou bay li l, si se yon let wap ba li ou fe l, si se yon kafe, pistach, fig mi elatriye. Ou mete yon ti kob nan poch li, donk ou satisfè l. E an maje pati, pafwa le timoun nan pa gen chans jwenn sa, ou toujou jwenn pafwa isi an, genyen pwofese ki toujou ap mande timoun nan sa k pase elatriye. Donk mwen panse, wi aliman an se youn nan bagay ki tre enpotan pou timoun nan aprann men peyian difisil, men antanke paran nou fe mwayen posib la. An jenerl se 3 fwa pa jou timoun sipoze manje men sa ka rive nan 3 fwa, li ka yon fwa tou. Sa depan de sa paran an gen nan men l.

R-Patisipan 5(David): Pou mwen se yon sel fwa paske bagay yo telman di deyo a la. Paske si yo reyisi se gras Bondye ki fe yo reyisi. Bagay yo telman di deyo a se bon kok k ap bat deyo a la.

R-Patisipa 6(Wisly): W, pafwa timoun nan, an prensip lid we pran yon aliman ki konple ki pou ede l. se pa gwo manje a senpleman ki ka ede timoun nan. Gen bagay tankou ze, let, fig mi, pistach. Le sao u bay timoun nan bagay ki friti tou. Sa ede memwa timoun nan. Ou fe ji natirel, ji chadek pou timoun nan. Le timoun nan vin lekòl nan maten ou pa ka chaje timoun nana k gwo manje. Ou ba li yon bagay ki pou kenbe l sitou let la. Ou ba li yon ve let le maten epi w ba li yon monnen mete nan poch li. Sel grenn bagay, le w gen timoun nan lekòl la ou dwe fe yon efo anplis pou w we nan ki mezi ou kapab ede l rive nan objektif li.

R-Patisipan 7(Cilia): Dapre peyi D Ayiti, paske nan moman sa n ap viv la nou pa we aksyon tankou 3 fwa nan jounen pou w ap bay timoun nan manje paske peyi a two di. Si w bay timoun nan yon bagay nan maten, apremidi le l soti lekòl fok ou fe ekse kantmenm pou timoun nan jwenn yon bagay aswe. Pa gen afe de 3 fwa pa jou. Mesi.

R-Patisipan 8(Rolph): Josue m sot apen di sa, se plis ke yon plezi pou m ta la jodi a. Monche Pwofese biyoloji Primat a toujou di tout paran yo, nan reyinyon ant pwofese biyoloji ak elev yo tou, nomalman nan maten, elev yo dwe pran glisid, lipid epi pwotid. Fok ou pran 3 sa yo. Fok ou pran yon ti pistach, yon ti manba, pran fig mi, pran yon ve let, pran yon grenn ze tou. Sa yo men si w pa pran yo, le w ap vini bo isit la menm si w ta grangou, dejene gran maten, ou al kay fre Benjamin menm si w pa gen kob l ap ba ou say o kanmenm. Se yon garanti se sa k koz Primat de l'Esprit toujou bay randman 100%. E m kapab di nou se baton Moyiz la. Se mache n ap mache bat yo sou beton an, nan Nodwes.

Kesyon#7

Eske timoun ou yo konn fè devwa avek gwoup zanmi aprè lekòl lage ?

Gwoup paran elèv nan Lise Penchina/Depatman Sidès.

Mme Marie-Carme : Mwen pa konnen paske lekòl la gen yo lè li lage, yo vinn a lè. Mwen pa konn si yo konn ret fè devwa.

M Onel : Wi, timoun yo konn al fè devwa avèk gwoup zanmi, gen anpil dè fwa yo pèdi kou. Yo al chèche kou a byen lwen, yo al travay avèk lòt timoun. Pou yo repase, pou yo kapab reyisi.

Mme Antonia: Wi, yo abitye fè sa.

M Gedeon : Wi, yo al vrèman fè sa, al repase antre yo, men se timoun lan vil la ki plis fè sa. Timoun andeyò, depi yo sot lekòl yo finn fè yon devwa y opa reyini ankò ansanm pou yo fè sa.

Mme Denise : Wi, timoun yo al repase, dè fwa yo pa menm gentan dòmi. Yo leve granm maten yo al refrape ankò.

M santory: Wi pa bò lakay pa m, se konsa nou fè timoun lan yo fè gwoup de travay yo. Nou mete yo nan gwoup de travay, repase oubyen lesan. Kòm nou genyen l pa bò isit nou gen clupère tou. Lè l sot nan clupère li fè gwoup de travay li.

M Gerson : timoun pa m yo, yo toujou tout kote nan tout repase, aprè repase a, yo toujou gen yo travay pèsonèl yo fè, pou kont yo, avan yo dòmi.

M Aubin : Gen devwa ala mezon, pwofesè a konn bay fè se yon bèl inisyativ, li byen enbi de yon egzèsis yo te fè nan sal la. Li fè devwa a sèl men si'l pa byen enbi de li. Li chèche lòt zanmi ki kapab, li konplete ide. Pou l kapab fè devwa yo ba'l fe a la mezon an.

M Larose : wi apre lekòl yo konn fè repase de manyè regilyè.

M Garry : Wi se youn nan fason ki kapab fasone timoun lan pou'l reyisi.

Mme Edelyne: Wi timoun yo toujou gwoupe yo, pou yo repase sous a pwofesè aba yo fè

Mme Desir: Wi timoun yo toujou gen gwoup repase, men lakay mw timoun yo gen tablo, paske yo plizyè.

Gwoup paran elèv nan Institution mixte Frère Francito/Depatman Lwès.

Boulay: wi, yo gen gwoup yo konn travay, le yo ale pran leson, yo gen dwa chwazi moun ya'l travay pou yo ka konn leson yo.

Julo: selman peye pwofese pou yo, le yo rive lakay pou yo kapab montre yo leson.

Joseph: Non, li pa gen gwoup de travay, men li travay lakay li

Bernadette: Pam' nan toujou al travay avek gwoup zanmil yo, 'l toujou fe gwoup de travay epi pou'l ka reyisi.

Kaloudy: Non, pa vreman, li pa nan travay, loske yo bay devwa etidye leson, li vin lakay li, li gen kapasite pou sa, pafwa loske l' pa kapab nou ede li antan ke gran fre.

Emile: Wi, mwen m' toujou travay avek pam' nan, paske mwen avanse pase li entelijamman

Erica: wi, l' nan gwoup de travay

Rose-Jardine: wi, li toujou rete nan gwoup de travay apre lekòl.

Vitaline: li travay lakay li paske e konyea l' pral rantre nan gwoup travay pandanl'

nan filo a.

Evinson: Bon, m panse ke pafwa l' konn al nan gwoup de travay lem' pa gen tan poum' travay avek li men pafwa lem' gen tan m travay avek li paske m gen yon ase de nivo ke li menm.

Gwoup paran elèv nan Institution mixte Frère Louisdor CINEAS/Depatman Lwès.

Zilina: wi, yo konn fe devwa avek elev, zanmi yo le lekòl lage epi le yo rive lakay la tou nou ede yo fe devwa yo pa konprann nan

Fanelia: wi e pafwa pitit mwen konn fe dedwa a gwoup zanmi

Olius: Wi, sa rive pafwa.

Cenac: wi sa rive pafwa ke yo konn fe devwa an gwoup

Juillet: Se pafwa yo fe devwa an gwoup epa tout tan

Nicole: yo gen 2 pi gran se, yo travay avek yo.

Bertha: Nou gen yon gran se, toujou travay ave yo, pafwa

Florvin: yo gen moun ki pou travay ave li ni nan lekòl la ni lakay li

Ronald: Alo, gen yon kategori pou sa, le timoun nan an bazaj, pa egzanp le yap debite prime a ou pa oblije kitel' ap fe devwa ak zanmi, le sa ou ka gen yon siveyans plis soutni pou li, men kon timoun nan apati de 9em ane timoun

nan ap prepare ofisyel, ensidwit, le a ou ka tolere li rete travay avek zanmi, men pa kont le' rive lakay pou fe swivi yo

Emmanuel: Elev ki pi avansem' genyen an li konn fe devwa an gwoup men pi piti a li pa konn fe devwa an gwoup.

Gwoup Paran elèv nan Lise Jeremi Eliazer CASAL/Depatman Grandans.

Simon: wi

Pierrilus: wi

Similus: wi

Marcelus: wi

Robert: wi

Theodor: wi

Joseph: wi

Genise: wi

Arnold: wi

Jonas: wi

Andreene: wi, yo konn fe ti soti a zanmi

Desilien: wi.

Gwoup paran elèv nan Beladè/Depatman Sant.

Hilaire: Wi yo konn fè sa sinon, yo pa tap reyisi.

Beatrice: Wi timoun yo abitye fè gwoup de travay.

Osnet: Wi se yon bagay ki nòmal paske si timoun yo pat travay, e noumen paran ki konn li, nou ede yo travay tou pou yo avanse.

Mariange: Wi yo fè gwoup de travay. Okontrè m achte tablo epi yo envite lot zanmi kondisip vin travay ansanm sa yo sot fè lekòl la.

Meriel: Wi yo toujou fè gwoup de travay.

Frederick: Wi yo toujou fè sa.

Gwoup paran elèv nan Collège Primat de l'Esprit/Depatman Nodwès.

R-Patisipan 1(Stervencia): wi genyen nan yo ki konn fe devwa avek gwoup zanmi. Genyen menm se yo sel yo, yo travay. Yo toujou di konsa pa renmen travay an gwoup paske le yo al travay nan gwoup toujou gen ti pawol sou kote k ap pale anba anba. Oubyen timoun nan ka vin travay, se sou plezi l li kanpe. Yo menm yo di yo pap travay nan gwoup zanmi, yo pap travay ak moun, yo travay pou kont yo jiskaske yo reyisi lekol.

R-Patisipan 2(Sherlie): Non. Pou timoun pa m yo se se yo sel yo. Se yo 2 ki lakay la, yo nan menm klas, se yo 2 sa ki konn fe devwa. Yo pa konn fe devwa pa gwoup.

R-Patisipan 3(Benjamin): Wi. Yo konn fe devwa avek gwoup zanmi, men timoun sa yo, se preske le egzamen rive. Tout tan egzamen pa pwoch, timoun sa yo pa sou afe travay avek gwoup zanmi. Ebyen se sa k koz timoun yo plis pa ka reyisi lekol.

R-Patisipan 4(Edwige): Wi, yo konn travay avek lot elev. Se si tou senpleman pwofese an ta bay yon devwa an gwoup men an jeneral se plis lakay yo travay. Yo toujou santi key yo kapab fe sa pwofese a bay o fe.

R-Patisipan 5(David): Wi yo konn travay avek gwoup zanmi paske not la konte pou egzamen.

R-Patisipan 6(Wisly): Wi, elev mwen an konn travay an gwoup avek lot elev. Pafwa le yo nan yon gwoup de travay, yo konn ede yon lot ki avanse. Pwofese a gendwa dispanse yon kou, elev la pa konnen l. Mwen panse nan gwoup la yo kapab travay ansanm. Se sa k fe m toujou di nan mezi yo kapab ede yon lot kanmarad tou ki gen lakin nan yon matye, si yo kaoab ede l, pou yo ede l.

R-Patisipan 7(Cilia): Wi. Pa m yo konn al travay nan gwoup. Gen sa ki konn pa sonje matye yo ba yo. Depi pa m yo al travay ansanm avek yo, yo toujou sonje yon bagay yo te kapab fe.

R-Patisipan 8(Rolph): Monche Josue se youn nan koz ki fe Primat de l'Esprit gen plis enpotans nan vil la pou m pa di pou depatman an paske nomalman ou konn sa tre byen, febles fe fos vin bay puisans. Paske gen elev ki ka feb nan matematik, men nan biyoloji li fo oubyen nan chimie l pa fo men nan let li fo. Elev ki fo nan matematik la vin travay ave l. Pandan elev ki fo nan matematik la pa fo nan chimie, elev ki fo nan chimie an travay ave l. Sa koz nou vin puisan, nou gen yon sel ideyal e se pa gwoup ke n a rive paske linyon fe lafos paske san inyon pa gen anyen.

Kesyon#8

Ki kalite travay ou konn bay bay timoun ou yo fè tifi ou tigason-pou yo ede w nan kay la (kankou travay nan kay, travay jaden, travay komès)?

Gwoup paran elèv nan Lise Penchina/Depatman Sidès.

M Aubin: Kalite travay ou ka mande timoun lan pou l ede fè nan kay. Si se yon tifi manman l dwe moutre l kenbe yon bale, epi fò l ka lave veso tou. Si se yon ti gason nan kad travay kap fèt nan kay yo. Li kapab ede frè l ou sè l fè travay nan kay la, sitou menaj.

M Gerson : lakay pa'm pa gen kesyon de fi, ni de gason. Paske nan lavi ni fi ni gason, tout fè menm travay, ni tifi, ni ti gason fè menm travay, gen menm fonksyon.

Mme Denise : Timoun yo lè yo te piti yo te konn jwenn yon ti travay yo te konn fè. Lè timoun lan rive nan laj de 15 an. Yo plis di timoun lan fokis sou lekòl li. Pou'l ka rive retire kò w nan sa w ye a.

M Gedeon : Bon mwen menm , fòk mwen di mwen preske pa bay timoun mwen fè travay. Sèlman yon ti bagay òdinè nan kay la. Tankou nan jaden nan bèt se mwen ki pran responsablite m e se rezon sa a tou. Lè y opa reyisi, m di ma koresponn avèk yo, paske m pa ba yo angajman se lekòl sèlman mwen mete yo.

Mme Antonia : Bon mwen menm, mwen gen anpil gason. Mwen prèske di mwen pa gen fi, fi m genyen yo, y opa leve nan menm. Gason yo yo fè manje a tankou si se fi. Paske m pa gen pwoblem. Si mwen malad la a. yon gason kap fè manje ban mwen pi fasil.

M Onel : Travay nou bay timoun yo fè nou toujou pase yo lod , lè yo leve yo dwe okupe chanm yo. Epi si gen yon travay mennaj, kit se fi, kit se gason. Yo ka pran yon ti tan pou yo òganize yo, apre sa se etidye.

Mme Marie carme : Wi , ni tifi, ni ti gason, tout konn fè travay, paske ti gason an leve li dwe kouvri kabann, epi li dwe bale tou. Li kapab pase twal mouye. Li menm travay menm jan ak fi.

Mme Desir: Ti gason m yo pa gen le chwa, yo fè tout tout sa ki vini. Tout sa ki posib anlè kou atè. Tout sa ki posib, anlè kou atè. Ti gasonm yo fè tout travay.

Mme Edelyne : lakay mwen ni ti gason ni ti fi yo gen menm fonksyon. Paske m pa andeyò pou m ap voye ti gason nan bèt. Tout fè menm travay.

M Garry : Ni tifi, ni ti gason lakay mw fe menm travay, men lekòl la yo plis bal priorite.

M Larose: Antanke nan vil la ou abite, donk ou telman gen travay. Ou gen tifi kif è travay domestik nan kay la. Mesye yo gen ladan yo ki fè manje, men gen ladann yo ki pap fè se plis nan edtid la.

M Santory:Lakay mw pa gen tifi pa gen ti gason ,meenm sa ki ala kanpay ti fi yo fè jaden tou, men pa konsekitif.

Gwoup paran elèv nan Inistitution Frère Francito/Depatman Lwès.

Boulay: Bon, tifi a, li gen travay pa'l poul' fe, li lave, li pase, li bale, li fe kont, li fe lesiv anndan kay la.

Julo: Bon, ti gason an, li ede'w pa rapo le papal' pa la li fe tout sak posib nan kay la.

Joseph: Bon, pou mwen menm travay non bal' fe, si pa gen dlo la ,n ka voye'l pran yon grenn bokit dlo.

Bernadette: pam nan toujou ap fe travay, lave, pase, lave vesò pase twal mouye, tout sa, kanmenm se yon demwazel.

Kaloudy: bon li pa vreman fe travay m kapab di se loske yo voyel achte ti galon dlo, tou sa, pa gen travay li fe, sanse, se etidye, epi jwe, Selman.

Emile: Wi, pam nan toujou fe travay nan kay, pwopte, fe tout aktivite, fe manje, tout bagay.

Erica: Li toujou fe travay, lave, pase, lave veso, fe tout bagay net.

Rose-Jardine: pam nan pa telman fe gwo travay, sel veso, apres la lekòl.

Vitaline: Pam' nan fe tout travay, nan tan sa fok timoun nan fe travay, ou pa bal' fe travay le gen lekòl men pandan vakans 'l fe tout travay.

Evinson: Bon, wi pam nan li konn fe travay, fe menaj nan kay la , e lem pa la li asire kay la e sitou vakans.

Gwoup paran nan Institution Frère Louisdor CINEAS/Depatman Lwès.

Zilina: Bon pou lakay la, nou menm nou pa gen jaden, paske nou pa gen jaden nan potoprens, men nou aprann tifi ni ti gason, tout afe lakay la, sak ka fe manje yo fel, sa kap lave veso, yo lavel, paske chak timoun dwe konn fe yon bagay kap itil li pou demen kotel rive poul kapab degajel

Fanelia: Bon, m gen yon ti gason lakay mwen, m montrel fe tout bagay net.

Olius: Alo, pou elev pam nan, pou kategori aj li ye a, nou gen yon seri de travay nou poko ka konfyel

Cenac: Alo, se 2 ti gason m genyen, bon tou le 2 yo fe travay nomalman, lave, pase mop, tout travay ki egziste a yo ka fel, osi. Ok

Juillet: Lakay mwen se timoun ki fe travay pi souvan, lave, bwote dlo, fe manje, le yo sot lekòl.

Nicole: Lakay mwen m ba yo fe travay, men m ba yo le tou pou yo etidye

Bertha: mwen m ba yo fe travay, men le yo gen leson, m bay yo le pou yo etidye, yo fe tout kalite travay nan kay la

Florvin: Nou toujou kenbe timoun nan kay montre yo travay, koman pou yo fe travay nan fwaye a donk, demen sidyevle pou ka itil yo

Ronald: Se sitou nou kenbe menm prensip kwonogram lekòl la jan le nou vin nan reyinyon yo ba ou yon kwonogram yon le pou chak bagay konsa nou tou sevi avel lakay la nou gen yon le pou jwe, yon le pou de devwa, yon le pou fe travay menaj nan kay la.

Emmanuel: Bon, an semen lel' gen lekòl, yo pa vreman fe travay, yo ka fe yon ti travay pou yon 30 minit, men nan wikenn pandan yon 2 ze de tan, 3 ze de tan, Selman sa.

Gwoup paran elèv nan Lise Jeremi Eliazer CASAL/Depatman Grandans.

Simon: Bon, mwen menm travay m konn bay ti gason fe, paske se ti gason m genyen m pa gen tifi, m gen timoun mwen yo gen pafwa anvan yo al lekòl yo konn al mare kabrit, ou konprann, yal' mare kabrit, fow aprann timoun nan al nan jaden tou, yal mare kabrit yal' nan jaden.

Pierrilus: tifi pase twal mouye nan kay la, okipe lave veso, defwa mkonn pral nan jaden al okipe jaden m konn, ti mesye yo konn avem.

Similus: bon lakay pam pa gen travay ti fi pa gen travay ti gason, ti gason an ka fe sa ti fi a ka fe a, ti fi a ka fe sa ti Gason an ka fe a, sof ke nou jere tan le youn nan lot, lot la nan lot aktivite a.

Marcelus: Bon se yon tifi m gen, tifi yo se, depi leve maten konnen w pral lekol, se konw leve, ou fe ti travay ki te genyen pa egzanp ou bwosew' lew fini ou pase bale, epi siw we kay la pa gen dlo ou pran yon bokit ou al pran dlo, se sa.

Robert: Bon lakay pam, jan met Similien di a se konsa nou sevi, pa gen travay fi ni travay ti gason tout moun fe kelkeswa travay ki vini an.

Theodor: bon bo kote pa mwen, ti fi fe travay ti fi, ti gason fe travay ti gason, tout moun travay.

Joseph: Fe pwopte nan kay la e sal' gen poul fe.

Genise: Bon mwen menm m gen yon tifi yon ti gason, depi ti gason an level' fe yon vire l mare yon kabrit e ti fi a swa l' pran yon liv, akondisyon nan maten, mwen menm mwen k responsab bo dife, le maten bo dife pou mwen, elev prank kaye'w

Arnold: Ti fi bale, li pase mop epi li fini.

Jonas: Bon yo travay ansanm de konse depi, dekil saji de pwoprete, pa gen ti fi pa gen ti gason, tout moun ranpli preske menm wol'.

Andreene: Wi, malgre tet ti gason yo konn di, men pa rapo de mwen menm, mwen di yo fok yo tout fe travay, ni tifi ni ti gason, ok mesi.

Desilien: Fi yo plizye, le maten youn pwopte kay la, apres youn fe manje, apre sa yal' lekol le yo vini, manman yo fe manje.

Gwoup Paran elèv nan Beladè/Depatman Sant.

Frederic: travay jaden.

Meriel: travay nan jaden epi travay nan kay.

Mariange: travay nan kay.

Laguerre: travay de mezon.

Osnet: travay nan kay.

Beatrice: travay nan kay.

Hilaire: travay jaden ak kay.

Gwoup paran elèv nan Collège le Primat de l'Esprit/Depatman Nòdwès.

R-Patisipan 1(Stervencia): Travay pou no uta bay yon timoun fe pou tae de nou se bale, pase yo mop, lave veso. Men no upa ka pran rad ap lage nan men l. Depi w pran bay timoun nan plis travay pou l fe l ap bliye sa k rele lekòl la, li p ap gade lekòl la anko. L ap kwe se travay ou ba l fe a se li pou l fe, li pap manyen liv.

R-Patisipan 2(Sherlie) : Travay nou ta sipoze ba yo fe a, pa gen tan pou sa vre. Si timoun nan pral lekòl a 7^e ou pa oblije ap ba l fe travay pou fe l anreta. Seke li fin benyen, ou fe dejene pou lie pi ou fe res travay yo.

R-Patisipan 3(Benjamin) : Bon, m pa telman ba yo fe travay paske m konnen ke yo gen yon ekip okipasyon. Okipasyon yo se liv yo paske nou bezwen pou yo kapab etidye, pou yo kapab travay, pou yo kapab reyisi lekòl la.

R-patisipan 4(Edwige) : Mwen menm se neg andeyo m ye. Mwen gen kabrit, mwen gen bet, se nan sous nou al pran dlo elatriye. Anvan timoun yo al lekòl, yo sipoze al nan dlo pou mete lakay la, nan lakou an pou fe manje pou yo. Fok yo lonje zannimo yo, medam yo menm fok yo ta lave veso, avan yo ale lekòl paske mwen menm si m al travay, madanm al travay, ti sa yo se yo ki pou fe l. Demen si Dye vle le yo rive Potoprens, yo pa gen moun ki pou ede yo, se yo menm ki pral degaje yo pou yo travay. Men depi davans yo pa ka fe l, le yo rive Potoprens yo pap ka fe anyen. Se sa k fe depi davans ou oblije fe timoun nan travay dekwa demen si Dye vle pou l pa gen pwoblem.

R-Patisipan 5(David) : Pou mwen, tout timoun fe menm travay paske kote w mare, demen si Dye vle kote w soti pou w ka demare. Dako.

R-Patisipan 6(Wisly) : Pafwa gen kek ti sevis, sitou le wikenn, mwen m nan akyivite biznis, pitit mwen an kapab ban m yon kout men. Men panadan lasemen, le lekòl sof ke le l leve, kabann kote l kouche ou montre timoun nan. Non selman le w mete timoun nan lekòl gen de sevis tou fok ou montre timoun nan pou l jere tet li. Le timoun nan leve se kabann li l ranje, fok li aprann lave choset li oubyen yon bay pye men se pa anpil grav travay sitou lasemen paske timoun nan al lekòl. Premyeman le l sousye de lekòl li a, gen kek ti bagay menaje li kapab fe men sof ke gen wikenn senpleman. Men timoun nan se avèk lekòl li.

R-Patisipan 7(Cilia) : Depi se ti gason w ye, se tifi w ye, manman pa ka leve pitit yon sèl fason paske se pa yon sel kote timoun nan rete, leve. Ou leve maten an, ou pral lekòl, ou pa gen tan ranje kabann ou men fòk ou pran veso w kanmenm pou w al pran 2 veso dlo paske w bezwen lot travay pou w fè, eske si ko m pa bon, koman pou m fe l ? Se pitit ki ede manman. Nan sa w ape de manman an se li k ap avni w demen.

R-Patisipan 8(Rolph) : Sensèman fò m di w, nomalman mwen pran ni fi, ni gason 50 pousan paske malgre m pa leve andeyo men manman m, papa m toujou montre m, le m leve nan kay la si jodi a se se m ki fe manje, fe yon semen ap fe manje, lot semen se mwen. Se konsa m leve pitit wen tou. Si ti gason an fe semen nan ap lave veso, lot semen nan tifi a ap lave veso, ti gason ap fè manje. Se konsa m leve pitit mwen. E yo toujou bay rezilta lekòl, sa pa anpeche yo bay rezilta lekòl.

Kesyon#9

Eske ou konn bay timoun ou yo kòb pou yo ale lekòl? Konbyen kòb konsa pa jou/pa semèn?

Gwoup elèv nan Lise Penchina/Depatman Sidès.

Mme Denise: Pafwa paran angenyen li bay timoun lan, men pa fwa tou si'l pa genyen li pa bay timoun lan. Si wap gade kob pou ta bay timoun lan pou'l ta fè yon jounen. Li al lekòl depi 6 zè pou'l tounen a 1è. Ou bay timoun lan

50goud pèmèt mw di nou sa se ranse avèk timoun lan. Paske l pap fè anyen pou li, dlo sèlman lap achte avè l, kòb la ap pase , kisa l pral manje pou'l fè tout tan sa a sou ban lekòl la ?

M Gedeon : Bon map di sa, nou pa ka bay yon prezizyon prèske sa madanm lan di a. Pafwa ou ka gen yon ti kòb , pou fè timoun lan plezi, ou ba ;l yon 100 goud, yon 50 goud. Konsa tou li ka ale ou pa gen 10 goud pou ba li wi.

Mme Antonia : Mwen menm se menm ka wi, gen de pafwa ou k jwenn yon monnen ou bay timoun lan. Men konsa tou ou ka pa jwenn yon dola pou w bay timoun lan pou'l al lekòl e fò l ale.

M Onel : Sitiyasyon yo konn konplike, nou konprann bagay yo vrèman difisil. Trè souvan nou konn fè tout sak depann de nou. Fè timoun lan manje epi ba li yon ti kòb pou l bwè dlo, bwè yon sapibon kèlkonk bagay yo vrèman dwòl.

Mme Marie-Carme : Ou leve ou fè yon ti manje pou yo, epi ou ba yo yon ti monnen konsa pou yo ale, pou y opa tonbe. Paske si yo tonbe se ou paran an yap rele. Ou pa ka kite yo ale konsa, ou ka ba yo yon 5 dola, ki valè w gen konsa ?

Mme Desir : Mw menm, mwen toujou lage yon degouden nan men timoun mw yo. Paske pou si yo wè yon pitit grannèg ap manje, pou yo. Mwen di yo achte yon 5 goud mant, yon sirèt ,paske bagay la pa bon. Timoun lan pral lekòl mw pa vle yo gade bouch moun. Mwen di men sa kenbe nan men nou. Kòb la pa gen to, sa m jwenn mwen ba yo.

Mme Edelyne: Lè timoun lan pral lekòl nou toujou bay o yon ti kòb paske pou yo pa gade lòt nan je. Timoun lan manje men se pa yon bagay ki ka fè anyen pou li.

M Garry : alò lè timoun lan pral lekòl nou toujou fè yon sakrifis, nou bay yon ti monnen, men se pa yon bagay ki efektif.

M Larose : Antanke paran, lè timoun lan pral lekòl ,fok ou ta kanmenm fè yon sakrifis. Pou jwenn yon bagay pou li kèk fwa. Nou gen dwa pa genyen li finn manje li ale.

M Aubin : Pou mwen lakay pa'm mwen toujou bat mwen achte yon ti bagay met nan kay la ; spageti, kòn flèks lèt met la. Paske gen de jou ,ou leve ou pa leve menm ak yon penich nan pòch ou pou bay timoun lan. Manman an genyen grès, li gen chabon, li fè yon ti bagay bay timoun lan manje l van la l lekòl. E pou l paf e fas a sa nou rele vant afame na pwen dorèy la. Ou gen kòb, ou ba li l, ou pa gen kòb tou sa w te ba li a, se avè l li fè jounen an.

M gerson : Kesyon de di bay timoun lan kòb pou li ale lekòl la se yon kesyon de mwayen. Sa pral depann de ki mwayen paran an genyen. Gen paran an ki gen plis mwayen key on lòt, gen paran an ki bay, genyen kip a ka bay kip a bay. Se konsa mwen jije l.

M Santory: Fason mwen jije kesyon de montan mw bay timoun lan pou l lekòl la. Gen paran ki kapab gen mwayen an ki bay timoun lan yon to chak jou. Men nou menm pa bò lakay pa nou, eke nou pa gen yon to, nou paka fikse yon to, sa vle di sa,n genyen nou bay. Jou nou pa genyen an timoun lan ale konsa. Li oblije fè sakrifis li ale.

Gwoup paran elèv nan Institution mixte Frère Francito/Depatman Lwès.

Boulay: Bon, gen dwa le timoun nan pral lekol, ou gen dwa bal' 10 dola, siw genyen tou ou gen dwa bal' 20 dola, poul' al lekol.

Julo: Wi, sa depan de kapasite kob ke ou genyen an, ou gen dwa pa sel li menm pou ka bay kob, ou gen dwa bal' 100 goud poul kapab manje nan klas la avek zanmil tou.

Joseph: Bon, pou mwen menm timoun nan toujou deplase lakay li a a 50 goud, paske bagay yo pa fin nomal telman.

Bernadette: Pam nan m' toujou bal' 100 goud regilyeman chak jou

Kaloudy: Sam' genyen a li pa lekol dizon li pa vreman gen kob omwen 15 goud, 25 goud paske yo pa gen mwayen vreman. Ok, mpap bay manti la.

Emile: Tankou toujou bal' mwayen pafwa m' bal' 250 goud, 500 goud pa semen.

Erica: M toujou bal 50 goud, le genyen m bal 100 goud.

Rose-Jardine: M toujou bal' 15 dola chak jou.

Vitaline: M bay pam'nan, sim' genyen m' bay li, sim' pa genyen li vin lekol la a pye.

Evinson: Bon, pafwa m konn bal kob pou la semen, e lem genyen, e lem pa genyen tou li fe ekonomi nan sam' konn ba li yo, paske bagay yo pa osi fasil.

Gwoup paran elèv nan Institution mixte Frère Louisdor/Depatman Lwès.

Zilina: Bon nou ba yo sa nou genyen pou yo al lekol paske ou konnen mwayen an pa pemet nou pou nou ta lage yon gwo kob nan men timoun nan, men depim maten nou jwenn yon bagay nou ba li ki gen sel poul goute nou ba li yon ti bagay poul pase moman.

Fanelia: Wi, si nou pa gentan fe manje pou yo le maten, nou konn ba yo kob pou yo vin lekol, paske fok yo manje pandan yo nan lekol la.

Olius: Kob nou konn bay timoun yo le maten li varye, sa pral depan de jan sak vin nan menw pou semen nan.

Cenac: Wi, lajan pa gen yon standa, nomal ke ou kapab di ou konn bay timoun nan alo "il y a des variations" kanmenm.

Juilet: li egzibijib fom' gen kob poum ba yo, paske si yo pa gen kob pou yo vin lekol yo pap ka vini, paske yo soti lwen pou yo vin lekol.

Nicole: Mwen, timoun pam yo pa rete two lwen, le maten sam' jwenn m ba yo avan yo vini epim' lage yon ti monnen nan men yo pou yo degaje yo nan rekreyasyon.

Bertha: Lekol la pa gen kantin, fom' toujou fe efo poum ba yo yon ti monnen pou yo manje

Florvin: Ou ede timoun yo ak sa Bondye ba ou, kanmenm ou paka kite timoun nan konsa, fok li jwenn kob pou li degajel', le li rive lekol la paske li komanse gran.

Ronald: Bon, sa varye paske m gen plizye kategori, tankou yon timoun ki ap fe preskole, kindegaden, ou paka bal' kob ou oblije fe bwat pou li chak maten, men lot sa ki avanse yo, menm si ou ba yo yon bagay lakay la ou oblije ou ba yo saw jwenn anko pandan lekòl la anko pou degaje yo.

Emmanuel: Nou asire nou avan timoun nan deplase, li jwenn yon bagay li manje, e nan rekreyasyon an sil' bezwen bwe yon bagay, li swaf, nou bal' yon monnen pou' fe sa.

Gwoup elèv nan Lise Jeremi Eliazer CASAL/Depatman Grandans.

Simon: bon monche, gen pafwa ou ka bay timoun nan yon 25 goud, le genyen le pa genyen tou ou ka bay timoun nan yon 15 goud, men pafwa timoun nan gen, tankou jen timoun ou ka bal yon 50 goud, men timoun ou ka bal yon 15 goud, li manje apre lel' vin a midi li jwenn yon bagay poul manje..

Pierrilus: obligatwaman m toujou bay 20 dola chak jou paske se kabare timoun mwen ale, 10 dola pou yo peye moto monte desann, e 10 dola pou yo kapab jwenn, pou yo achte yon pate yon bagay pou yo bwe.

Similus: Bon fom fran avek ou, mwen menm antanke pwofese paran, se chak mwa m jwenn yon ti bagay, ok bay timoun yo chak jou an, sa li tap difisil, paske le pou organize kay la, men gen le, le kay la pa two organize avan yo pati, le sa few jere yo le yo soti, dako, jwenn 25 goud, 50 goud ou ka ba yol' men siw di chak jou, mpa kwe yon paran la ka pran angajman poul dim' mezanmi, bon, sa se fon' koyeran.

Marcelus: lew tandem gen lekòl, bon timoun prime yo se nan menm yo lekòl, se lakay mwen, konyea sam' genyen k' tap vi nan lekòl, nan lise isi a pafwa, lem genyen 15 goud, m gen 20, goud, 25 goud m ba li, e lem pa genyen l' oblije manjel' vin lekòl.

Robert: Bon, mwen menm timoun pa mwen, le yo pral lekòl, m gen 50 goud m ba yo, m gen 25 goud m bay o, kom mwen pa rete lwen avek yo, sim pa genyen tou, manman yo fe manje, manman gen dwa vini la, l rele yo li mande yon ti pemisyon pote manje pou yo.

Theodor: Bon, le mwen genyen m bay, lem pa genyen timoun nan ale konsa wi, w oblije.

Joseph: 20, 25 dola le mwa.

Genise: mwen menm, mpa negosye tankou bal' kob la tout tan paske se pa tout tan m genyenl' men sel sa m kenbe, m gen you ki konn sot lakay la a 7te, e lap tounen lakay la a 3ze, le sam' jije menm si timoun pran yon bagay poul vini distans 3ze a bagay la pa bon, le sa la gen yon 25 goud.

Arnold: mwen menm mpase yon kondisyon ave pam nan, m ba li 12 dola pou fe semen nan avel, kay li pa lwen, se le yo lage la degajel, paskem' pa gen chak jou

Jonas: Mwen pam nan li vreman elwaye pa rapo avek lekòl la, kote rete a lekòl la, li rete net kafou kamo, e lekòl la isi a a kazal, donk, egzijibleman m toujou fe yon efo poul bal ti kob poul peye transpo menm le bagay yo pa bon, paskel sot lwen li paka pran wout la a pye.

Andreecene: Bon se menm bagay la toujou, timoun nan lel' leve le maten sim ba li, sim genyen m ba li, sim pa ba li tou li oblije vin lekòl la. Ok

Desilien: Bon timoun nan m genyen, lem genyen tankou le maten m genyen 25 goud, m ba li, men m pa gen yon montan tankou m ta di m respekte chak jou, map bal tan, le' pa genyen tou li vini konsa.

Gwoup paran elèv nan Beladè/Depatman Sant.

Hilaire: Si w ta di wap bay ti moun lajan pou ale lekòl, ou ta bay yon 250 goud . Paske si gen kafeterya, yo pap bay timoun nan yon pla san goud pa jou.

Beatrice: Se pa tout lè m konn jwenn lajan pou bay yo paske m gen 7 timoun lekòl. M pa ka jwenn lajan. Se lè m jwenn m ba yo. Lè m pa jwenn, mwen oblije fè yo ale sou pye yo.

Osnet: Yon lè konsa, mwen jwenn mwen ba yo. Lè m jwenn yon 25 goud m lage l nan men yo, m di yo bon vwayaj.

Laguerre: Ou konn bay timoun nan sa w genyen. Ou konn leve, ou pa gen yon adoken. Selman wap bat tèt ou pou timoun nan pa pati konsa. Pafwa ou ba yo 25 goud ,10 goud. Men se zantray ou kap rache lèw pa genyen, paske yon pate vann 25 goud , yon king kola 25 goud. 50 goud pa reprezante anyen. Ou bay yo sa w genyen oubyen yo ale konsa lè pa genyen.

Mariange: Mwen, m toujou bay sa m genyen. Pafwa m jwenn poum bay timoun nan. Pafwa ou gen yon 5 goud ou bay ,10 goud. Kèk fwa wap panse kisa w pral bay timoun nan lè l vini. Nan sans sa ou oblige pa bay anyen pou ale epi tikòb ou genyen an pase nan ti sèl, ti alimèt pou fè yon bagay kite pou li. Timoun nan konn bezwen yon kaye ou pa ka bay li l. Eske se 25 goud ou pral genyen chak jou pou bay li pou l pran yon pate ? Lè genyen nou bay lè pa genyen yo rete.

Frederick: Mwen pa konn bay menm paske se tè map travay. Ò, nou pa jwenn anyen, se pa en nan (1 lane) pou fè yon ti rekòt. Ti sa w fè a se lekòl ou peye avè l. Nan sans sa, m pa jwenn pou m bay timoun nan achte menm yon foun dlo.

Gwoup paran elèv nan Collège le Primat de l'Esprit/Depatman Nòdwès.

R-Patispan 1(Stervencia) : Wi, pou w bay timoun nan kob fo w gen mwayen. Mwen menm nan Pòdepe la, mwen ka bay timoun anviwon de 50 goud pou pi piti pa jou. Pa semen le w ap regle l, mwen ka depanse ominimom 220\$HT.

R-Patispan 2(Sherlie) : Wi nou menm sa depan de posiblite a. le w jwenn 10 ou bay, le w jwenn 15 ou bay, le w jwenn 5 tou se li ki tonbe nan men w ou jis bay li.

R-Patispan 3(Benjamin): Wi. Bon pou afe lajan pou w bay timoun lan al lekòl se depan de posiblite w. Pafwa tou gen timoun ou gen dwa leve nan maten ano u ba l 100 goud, ou ka ba li 50mgoud, ou k aba l 25 goud. Men fok ou pale avek li, lo se 10 goud ou genyen pou w ba li l tou. Ou konprann ?

R-Patispan 4(Edwige) : Bon, timoun nan pafwa ou konn ba li 100 goud, sa pral depan de poch ou. Ou konn ba li 50 goud pajou, ou konn ba l 75 goud tou, de menm ou ka ba l 25 goud tou. Sa w genyen ou oblije se li w ba li.

R-Patispan 5(David): Bon, pou timoun mwen yo, yo pa enkonstan. M konn ba yo 50 goud pa jou, 25 goud, 10 goud, 15 goud. Sa k tonbe nan men m nan m ba yo, yo aksepte.

R-Patisipan 6(Wisly): Wi timoun nan defwa le maten parapo ak distans kote lekòl timoun nan ye, si l fin pran yon bagay, ou mete yon 50 goud nan poch timoun nan. Si timoun nan swa ou gentan bay yon bagay, ou ba l 100 goud pou si l bezwen achte yon bagay pou l manje, pou l manje.

R-Patisipan 7(Cilia): Lè w bay timoun nan yon ti kob pou l vin lekòl, se pa selman pou lekòl la ou bay lajan non. Ou ba l lajan pou l peye taksi, se selon de kote timoun nan ap soti a. Nou konn ba li 50 goud, nou konn ba li 100 goud.

R-Patisipan 8(Rolph) : Mwen m toujou bay timoun pa m yon monnen pou l vin lekòl. Men avan l vin lekòl nan maten m gentan bay dejene a ase. Si m fe efo m ba l glisid, lipid, pwotid sa vle di pa ka bay twop anko. Sa gentan koute anpil, tout kote nan peyi a. Pafwa m konn bay 25 goud, 15 goud, si m gen yon yon 5 goud se li m bay, si m gen 100 goud se li m ba li tou. Konsa m fonksyone.

Kesyon#10

Eske ou konn diskite rezilta egzamen ak pitit pa w yo ?

Gwoup paran elèv nan Lise Penchina/Depatman Sidès

Mme Antonia:Mw pa konn diskite l paske m pa a la mezi pou m fè l, men l genyen frè l lakay li ki fèl. Paske gen de kesyon m poze yo, yo pa ka reponn mw. Men antre yo lekòl ak lekòl yo konn poze kesyon.

M Gedeon: Wi, mwen menm mw toujou fe sa, le timoun lan vinn avek kane a, le m gade li donk, matye li pi fèb. donk m toujou mande l pou l fe plis efò ladann. Donk konsa kote l pi fò tou mwen ankouraje l, pou l fè plis efò de manyè pou l bay plis randman. Men lè mwayenn yo fèb mw pa trop satisfè avèk yo. Donk lè mwayenn lan plis eleve, donk, ou bay timoun lan plis ankourajman.

Mme Denise : Donk, pa bò lakay pa m, sa fèt prèske chak jou. Paske yo nan konkirans de lekòl, lè yo vini fòk yo di jan yo te konprann matyè a.

M. Santory : le timoun yo sòt lekòl nou toujou ap pale ansanm avèk yo. Tel matyè ,tel matye koman w konsevwa l. m di yo fè sa chak jou, pa egzanpsi mwayenn lan desann. Nou ttoujou poze kesyon koman fè mwayenn lan desann ? eske se klas la ki manke travay ? Ou byen ou menm ki manke travay se konsa m panse l.

M. Gerson : Mwen menm, lakay mw, mw egzije timoun yo, pou yo banm yon mwayenn. Chak rezilta fok mw jwenn ki gen tarif, men anplis de sa. Timoun yo gen yon travay yo fè lakay yo, yo toujou nan konpetisyon antre yo. Yo toujou vle antre yo, pou yo we kiyès kap fè pi bèl mwayenn. Paske a chak rezilta, mw toujou gen de prim de ti bagay mw bay o pa rapò a rezilta yo.

M. Aubin: sa 'm kapab di nan sa ,si yon paran pa diskite avèk yon timoun. Sa w voye l'al fè lekòl ? si w pa diskite rezilta egzamen avèk timoun lan, pou wè mwayenn li pot ba ou a nan ki matyè li fèb, nan ki matyè mw kapab di li avanse, ou pat menm bwizen voye l lekòl. Paske fo w ka diskite rezilta egzamen an pou w konnen si se sur 20, li tap travay ,si l fè 5 sur 20, pou gade kisa ki fè l fè 5 sur 20. Ki estrateji ou pral mete deyò pou elev sa kapab pa fè 5 sur 20 anko. Fò w ka diskite avè l fòk ou ankouraje timoun lan tou. Premye travay ki gen yen fok ou ankouraje timoun lan, fò w di timoun lan , a si w pa pase mwen gen yon bagay mw rezève pou ou. M pap ba ou li non. li konn met sa nan tèt li lap gentan konnen ou pral fè yon jès avè l lè l reyisi. Se sa ka pral ankouraje timoun lan, e lè w pwomèt li fok ou ba li l wi.

M Larose :Mw konn fè sa chak elèv la vini ak kanè a. Mw toujou tyen a sè ke mw wè l. mw wè nòt ke l fè nan tel matyè, e si matyè a nòt li fè ladann lan fèb. Mw toujou ankouraje l anretou sil fè yon bèl nòt. Mw felisite l, ankouraje l. mw egzòte l pou l kapab travay pi byen.

M Garry ; Wi, mw toujou fè sa, sitou pou kanè a. Mw toujou ap gade l pou m we timoun lan nan ki matyè ke l fèb, e nou toujou travay avè l tou pou ede l, nan matyè ke l fèb la.

Mme Edelyne : Wi mw toujou fè sa , menm si timoun lan pote mwayènn li reyisi lekòl. Nou toujou fè sa pou l kabab ankouraje e kapab fè pi gwo mwayènn pi devan.

Mme Desir :Si w voye yon timoun lekòl, ou se paran ,ou pa kontwole kanè timoun. Kòmsi ou pa wè ditou non, ou pa wè, depi w pa kontwole anyen nan kanè timoun lan, se kòmsi w se yon avèg. Depi timoun lan vini ak kanè a ou dwe gade li, li pral lekòl fòk ou fouye valiz li, pou w konnen konbyen liv ou te ba li ? konbyen kaye li pote. Gen de lè li pral lekòl li ale ak 2 kaye,li kite tout liv yo ,pafwa liv yo nan men zanmi ap mache, liv yo lage yo nan zen.

Mme Marie carme : Wi, ou toujou kontwole mwayenn timoun lan. Si le l te pase an premye trimes li te ba w 6 , ou fe yon ti red ave l. pou we sil te ka ba w yon 6.50 oubyen yon 7.

M. Onel : Li enpotan, lòske nou pran kane sa yo, nou konn gade lè pwen fèb de l'elev. Pa egzanzp tout nòt li fèb ladann yo. Pou ke nou kapab eseye ankouraje li. Yon bagay ke nou dwe fè ak timoun nou yo. Premye bagay felisite li, nou felisite li pou efò li. Paske timoun lan renmen sa e apre nou ankouraje li. Si w te dizyèm ak mwayen 6, fe atansyon pou w pa senkyèm ak mwayènn 6 donk li trè enpòtan.

Gwoup elèv nan Institution Frère Francito/Depatman Lwès.

Boulay: Wi, mkonn, lew voye timoun nan lekòl se poul pase depil pa pase, ou gen dwa pale avel nomalman.

Julo: Wi, sak' few peye pwofese pou li poul pote yon bon not ba ou.i

Joseph: Wi, paske fol banm yon bon rezilta poum ka sastife.

Bernadette: Mwen menm pam nan map tann rezilta nan menl' depil pa pase map bat li.

Kaloudy: Donk, sa m' genyen an, li toujou pase, nomalman li toujou pase, men defwa nou konnen li pot de mwayen 7, 8 tou sa.

Emile: Wi, pafwa m toujou lite avel' goumen avel poul ka bay yon bel rezilta men l' toujou pase.

Erica: M toujou konn nan ti diskisyon avel tankou poul plis sou sa.

Rose-Jardine: Pam nan toujou pase.

Vitaline: Pam nan toujou pase wi nan egzamen leta a, m bezwen l reyisi, map tann lel al nan egzamen, menl toujou pasel' toujou banm mwayen 7,8

Evinson: M toujou tyen aske timoun mwen an 'l pote bon mwayen pou mwen, men avan ke al,avan nan semen poul' al konpoze, m toujou travay avek li paske poum' kapab jwenn yon rezilta ki satisfèzan pou mwen menm.

Gwoup elèv nan Inistitasyon mixte Frère Louisdor CINEAS/Depatman Lwès.

Zilina: Bon, pou mwen menm, rezilta egzamen mwen diskite ave yo paske le timoun nan fin konpoze, li konn pran fey yo, egzamen yo poul kontwole not li fe avek sak nan kane a, si parapo not ki nan kane a avek sak pa, ki nan fey la yo pa akode, nou konn diskite avel paske m konn dil li gen pwenl manke.

Fanelia: Wi, nou toujou fe sa lakay la, le timoun nan manke fe mwayen pou yon egzamen nou toujou egzijel' poul kapab etidye plis poul kapab fe mwayen nan pi souvan.

Olius: Wi, nou pale ansanm avek timoun nan, kwak li ta ban nou mwayen kelkonk nou toujou vlel monte pi wo, motive sil ta fe 6, donk m motivel poul bay 7 nan peryod kap vini.

Cenac: se preske idem avek mesye Olius, nomalman timoun gen yon mwayen li fe, si toutfwa li fe mwayen 5 obligatwa ou bal' presyon li ta dwe fe 7, li fe 7, ou bal yon presyon li ta dwe fe 8, alo tanzantan wap ba'l yon ekse poul monte pi wo.

Juillet: Se yon bagay map fe souvan, depi yon a ti klas prime m toujou ap egzije yo pou yo fe mwayen epi souvan yo konpoze m fe yo pote fey yo bann mwen poum kontwole not yo.

Nicole: mwen menm mwen renmen timoun ki bay bon rezilta le yo pran kane m toujou gade kote yo pa bay randman an m toujou pale ansanm ave yo, mwen remonte moral yo, nan lot egzamen pwochen kap vini pou yo monte pi wo, se konsa m toujou fe ave yo.

Bertha: M toujou le yo fe mwayen 5 m toujou di se 5, 6 pou yo pote ban mwen, m toujou, travay pou sa

Florvin: M toujou ap atann a bon rezilta, e nonb de pwen timoun nan fe, sil fe, sipoze nan premye peryod li fe 7, nou toujou ap atann li fe 8, nou menm nou mande poul ban nou 9, se sak fe nou kenbe timoun nan di.

Ronald: Sa se sitou nan menm kad siveyans lan, paske le timoun nan pote yon mwayen ba nou, ou toujou montrel ou pa satisfè poul ka fe plis, paske tout otanw' montrel' ou pa satisfè de mwayen nan wap ankourajel' si se, sa depan de moman an, si se desanm ou ofril ti jwet, si se vakans ou ofril yon jwet ki apwopriye, epi ou mandel tel mwayen, sil baw tel mwayen men sa wap fe pou li, se vre, mwayen yo limite, men avek san' kapab la se yon sot de motivasyon pou timoun nan.

Emmanuel: Avan m siyen kane yo, m toujou diskite mwayen nan sitou not ki ba yo.

Gwoup paran elèv nan Lise Jeremi Eliazer CASAL/Depatman Grandans.

Simon: Bon, wi

Pierrilus: Wi

Similus: Sa nou pa negosyel paske se sou sa poum bay gratifikasyon

Marcelus: wi

Robert: Wi

Theodor: wi, fol ban mwenl

Joseph: Wi,

Genise: wi pasek se fwi travay mwen

Arnold: wi

Jonas: Wi

Andrecene: wi nou toujou pale de sa

Desilien: Wi

Gwoup paran elev nan Beladè/Depatman Sant.

Frederic: Wi m konn diskite rezita egzamen ak timoun yo se paske gen mwayèn, depi yo pote ban mwen, depi se pa mwayèn ke m vle a, yo mèt tou fèmèn kanè a m pap resevwa l nan men yo. E se sak fèmèn diskite ak yo pou konn kijan pou yo travay pou yo reyisi.

Meriel: Wi mwen toujou fè sa. Depi avan li konpoze, m toujou motive timoun nan pou fè l konnen map tann nan men l de bòn mwayèn.

Konsa m toujou fè l kèk ti pwomès tou pou l fè yon mwayèn ki plis satisfèzan. Se sa k fè timoun mwen toujou banm bèl mwayèn.

Mariange: Timoun mwen yo toujou reyisi, men m tou lekòl la tou. Lekòl la pa fèt san paran.

Laguerre: Nou toujou diskite sou sa paske nou toujou ankourage yo pran liv yo nou toujou al gade si yo nan televisyon poun kontwole yo pou yo ka reyisi.

Osnet: Bon paran bon elèv. Siw pa pran responsablite w fas ak timoun yo pou fè bèl mwayèn. Si timoun ap fè sa l vle se lave men siye atè.

Beatrice: Wi, m toujou diskite mwayèn nan ak timoun yo, paske m toujou verifye kanè byen pou m wè kote yo gen feblès. Paske si paran pa verifye kanè a poul gade feblès timoun nan genyen se prèske lave men siye atè. Timoun sa pap janm enterese poul reyisi.

Hilaire: Wi souvan nou toujou fè sa.

Gwoup paran elèv nan Collège le Primat de l'Esprit/Depatman Nodwès.

R-Patisipan 1(Stervencia) : Wi mwen toujou diskite rezilta ekzamen ansanm ak anfave mesye dam pa m yo paske gen pafwa yo te ka fe plis efo nan not yo, le w gade w we timoun nan vini ak yon not ki agreyab, kip a bon ou oblije dskite ansanm ave l jis pou l pran men l, pou l ka fe sa ki bon.

R-patisipan 2(Sherlie) : Wi nou fè sa wi paske le timoun nan gen tout ouvraj li, tout liv li epi w we l ap ba w not wouj, ou oblije pale ansanm ave l.

R-Patisipan 3(Benjamin) : Si m pa we not egzamen yo sa vle di ke timoun mwen pa lekol. Fòk mwen verifye kanè a paske depi yo bay kane a, depi yo paret fòk kane a gentan nan men m pou m konnen koman l taravay lekol la paske se sa k pou fe m gen ankourajman pou pouse yo kapab pwogrese.

R-Patisipan 4(Edwige) : Wi se nomal a chak fwa yo bay kane li sipoze pote kane a pou m gade l. e sa pral depann de kapasite timoun mwen an. Si m we se yon timoun ki ka premye epi m we l ban m yon mwayen 7, m ap toujou ka pale ave l di li ka fe efo pou l premye, li ka fe efo pou l fe mwayen 9, li ka fe efo pou l fe mwayen 8. Chak timoun gen kapasite yo. Si se goumen m ap goumen ave l li pote yon mwayen 5, m ap di l pou l fe plis, pou l eseye fe plis men si l kapab li ka fe mwayen 9, m ap toujou ka pale, kouri deye l pou l fe mwayen 9.

R-Patispan 5(David) : Wi paske kote l fe mwayen feb yo, m toujou kouri deye l li pou l ban m pi gwo mwayen.

R-Patisipan 6(Wisly) : Wi menm le elev mwen an ta premye, mwen toujou di konsa nan matye sa pou w premye la, menm le w te ka fe mwayen sa, te ka fe 9, te ka fe 9,50, 8,50. Sa vle di timoun nan evalyasyon, le timoun nan pran kane antanke paran fo w toujou verifye kane timoun nan. Pafwa fo w toujou di konsa ou ta ka bay 100 nan tel matye, ou ta ka fe 150, ou te ka fe 200 pou san. Fo w toujou korije kane timoun nan. Ok.

R-Patisipan 7(Cilia) : Mwen toujou poze kesyon ak kane paske le timoun nan lekol ou toujou mande, fe l kesyon koman si l paf e mwayen, si l fe mwayen ak si l paf e mwayen. Fo w mande nan ki sije, koman fe l paf e mwayen epi l ap eksplike w men koman manman, men koman papa m paf e mwayen. Apre de sa ou ka ankouraje timoun nan pou l kapab rive pi lwen.

R-Patisipan 8(Rolph) : Nomalman tout paran peye lekol pou timoun se akoz de efo l ap fe. Gen yon bgay ki senp, pa bo isit, jodi a ou ka konpoze, 3 jou p ap pase pou y opa ba w fe egzamen w. sa vle di m te lekol bo isit la, yo bay fey fo w pote fey la pou we ki koz kif e w paf e not, si se manje. M ka dako matye a w paf o nan li ou pa fe not, si m pa ka travay ave w m ap peye lot moun taravy ave w. Sa ka rive gen elev se nan let yo bon, gen elev se nan chif yo bon. Ou bon nan chif, m ap peye met Edwige travayb ave w, ou bon nan let tou map peye yon lot moun ki bon nan chif travay ave w. Se konsa m fonksyone. Sa vle di se kane a ki pou mwen, kane a se satisfaksyon pa m, fo w pote l ban mwen.

Kesyon#11

Konbyen ou peye pa mwa ou pa ane pou lekòl timoun ou yo ki nan lekòl segondè ? Eske ou rive fè sa fasilman ? Eske direksyon an konn ranvwaye timoun ou yo paske yo pa peye? Si sa konn fèt, konbyen tan, jou, mwa timoun yo konn pase lakay yo ?

Gwoup elèv nan Lise Penchina/Depatman Sidès.

M Santory :Pa bò lakay pa m , timoun yo konn gen chans, se nan lise. M ka di depi timoun lan se nan lise. Se kòm si se bous leta ba yo. Sa vle di timoun lakay mw konn peye 500 goud, pou lise a gras a dye, yo pa konn voye yo tounen pou sale.

M Gerson : Bò lakay pa m, gen timoun ki nan kolèj, gen timoun ki nan lise, yon paran ki gen timoun lekòl, ki gen responsablite pa l. Mw pa kwè l t'ap oze kite pou lekòl la ap ranvwaye timoun lan, pou kòb lekòl.

Bòlakay pa'm mw pa janm kite sa fèt yon fwa. Nou toujou fè efo. Nan lise se yon minimòm. Mw mèt di se yon bous . se yon patisipasyon li jwenn, anviwon 200goud, 500goud. Nan yon ane lise ,men yon ane kolèj, timoun lan peye pou l jwenn edikasyon, tarif mw peye pou li pou yon ane mw estime l a twa mil dola pou yon ane . Mw pa janm kite sa fèt, pou yo voye yo tounen.

M Aubin : Mw menm gen yon bagay bondye fè pou mwen, m di 'l mès, m poko gen timoun ki al lekòl nan kolèj. Aktyèlman, mw gen ki nan filo la a, mw genyen ki an twazyèm e m genyen ki an reto, mw genyen an segond e mw ka di w sa se nan lise yo pase.M peye 500 goud la men avan l pat 500 goud ,li te pi ba. Men si yo retounen vinn lakay mw se pa pou kòb, konnen gen lè se yon dezòd ki ka pase, epi mw menm mwen vinn nan direksyon.

M Larose : sa pa konn rive fèt fasil, kòm si pou yo voye elèv mw tounen. Mwen genyen ki nan kolèj. Menm li pa egzanp mw k gen yon ti reta pou'm peye, direksyon lekòl la konprann mw, sipòte m. yo pa konn voye elèv mw tounen fasil. Nan lise a nou peye 500 goud.

M Garry :mw gen elèv isi a depi nan szièm jiska la filo. Chak lekòl la pral ouvri, nou gentan vinn peye 500 goud la paske l pa anpil.

Mme Edelyne : Timoun lakay mw pa konn retoune pou kòb, ni yo pa konn al pase tan lakay , yo toujou lekòl la.

Mme Desir : Mw menm timoun lakay mw, lè yo voye yo tounen pou kòb lekòl la, paske yo pa renmen nan lari, yo pa renmen lari ditou. Paske depi w voye timoun lan tounen se yon malèz li ye pou paran an, pou wè pitit ou ap mache nan lari ou dezole. Paske paran an toujou fè efò menm si nou pa kapab manje nou peye ti kòb lekòl lapou timoun lan.

Mme Marie Carme : Pou lekòl lise a mw toujou fè efò, men m gen timoun ki nan kolèj, nan luperòn. Se tankou nenpòt de mil. Gen defwa yo konn voye yo tounen, mwen pa konn kite sa fè yon semèn pou yo ale.

M Onel : Leta fè tout sa l kapab pou l diminye to delenkans ki genyen. Se sak fè mwen menm mw felisite l anpil. Mwen gen timoun mw se nan lise a yoye. Mw gen 3 timoun yo nan lise. Mw toujou peye 500 goud la pou chak moman, pa konn gen pwob pou sa.

Mme Antonia : Mw menm, sa fè 2 ke m genyen ki pase nan lise a. yo poko voye yo tounen pou kòb la. Menm lè yo ta di m yap voye tounen. Mwen toujou chache jwenn ak direksyon an, avèk sa fo yo pran yon ti pasyans pou mw. Mw jwenn li mw bay li.

M Gedeon : Bon mwen menm timoun pa m yo, se nan lise yo ye, inikman mw gen youn ki te fè de 7eme a 9eme nan yon kolèj lavout, kite koute m 1500 dola pou yon ane. Apre sa mw gen yon lot ki pral fe 8em nan yon semi lise lavout, se 150 dola pa rapo gen pwofesè kip a nome. Kounye a yo te oblije reyini ak paran yo. Pou ke l te pran kob sa pou l te kapab kole.

Mme Denise : Genyen pi fò timoun yo se nan kolèj yo pase. Pa fwa sa konn rive, le pou paran an bay kòb la li pa gen tan jwenn li atan, direksyon lekòl la voye l tounen. Men sa konn pran yon jou de jou apre sa elèv la tounen lekòl li ankò.

Gwoup elèv nan Institution mixte Frère Francito/Depatman Lwès.

Boulay: Bon, m toujou, lew tande mwa rive, m toujou peye regilyeman, m pa janm pran tan men lem' pa gen kob m toujou al pale avek pwofese.

Julo: Wi, pafwa, le le a rive, m gendwa pa gen mwayen, posibilite men depi le kob la vini n' potel bay pwofese a kite, elev la ka rantre.

Joseph: Bon, se 1000 goud pa mwa, lem pa genyen direkte a sipotel, li kenbe'l pou mwen.

Bernadette: Pam nan m peye 200 dola pa mwa pou li, men mwa yo pa fasil pou jwenn kob la chak mwa men kanmem nou pale avek direkte a epi li eseye konprann nou kanmenm.

Kaloudy: Donk, m pa peye pa mwa, dizon, m kap dim peye ane a 1500 dola, men nou bay li pa franch tou sa, e loske pa gen mwayen ki vreman dispo, e pafwa yo konn voye, dizon, sa fe 2 semen, omwen 1 semen, 3 jou, 4 jou, epim' jwenn kob la, m bay.

Emile: San manti, lekol la vini, 5000, dola m annik paret, m konn peye tout ane a pou li depi a la rantre.

Erica: Lekol la se 1000 goud pa mwa, men le nou pa genyen nou pale ak direkte.

Rose-Jardine: Lekol la se 1000 goud pa mwa men le pa gen n' pa kite elev la chita, n' pale a direkte a, li sipote nou.

Vitaline: Wi, lekol la , le gen ranvwa konyea m vini pale avek direktè a li kenbe elèv la pou mwen, men gen de le'w konn mwayen yo pa telman bagay se 5000 dola filo a pral peye la, m pa konn koman Bondye ap fe wout pou mwen.

Evinson: Bon, 2 elèv mwen yo se elev filo ke yo ye mwen peye pou yo 250 dola chak mwa, pafwa lem pa gen mwayen m toujou rele direkte a a lavans pou' ka kenbe timoun yo pou mwen poum pa dako pou yo voye yo tounen, paske w konnen elev filo fok yo ale nan egzamen pou yo kapab reyisi.

Gwoup paran elèv nan Institution mixte Frère Louisdor CINEAS/Depatman Lwès.

Zilina: Bon, nou konnen bagay yon ti jan difisil, nou konn paka peye vreman, le a konn rive nou paka peye men avan direksyon an voye timoun nan retounen li toujou ekri paran yon ti papye ke pou paran kapab metel nan kondisyon pafwa tou le a konn rive nou paka ka vin rankontre avek direksyon, nou oblije deplase pou nou vin pale nan direksyon an pou yo kapab kenbe timoun nan pou nou.

Fanelia: Wi, pafwa nou men m nan bo isi a nou peye yon fre dantre apre sa nou peye pa peryod, chak timoun klas yo gen yo montan pou peye, men yo konn fe ranvwa yo pafwa men depi paran okouran, paran pase nan direksyon, li pale a sekrete a, epi sekrete a aksepte pou pran yon ti moman.

Olius: Wi, pafwa elev la retounen men nou paka di ki lel' konn vini defwa paske sa pral depan de le ti kob la tonbe a pou paran jwenn li poul vin peye.

Cenac: Wi, bon, pa bo isi a li pa osi fasil pou ranvwaye elev, fason yo kapab abodew dabo, lepli souvan motivew dabo yap voye tounen, yap voye tounen, yap bay presyon de fason aske pou kapab pase nan direksyon an, ou gen kob pase, ou pa gen kob pase, paske depiw mobilize yo pap voyel tounen.

Juillet: Lekol la gen yon fre dantre'l peye epi yo peye pa peryod, siw poko gen kob la w' vin pale avek direksyon an, li tolerew, li aksepte timoun yo pou ou, epi li toujou konsiderew' aprew vin akite ansanm avek li.

Nicole: Lekol peye, li peye rantre, li peye yon fre pa peryod, lekol la pa fasil voye timoun retounen, direkte a pran pasyans pou nou, li konnen bagay yo difisil pou nou, menm le nou gen lajan, menm le nou pa gen lajan, nou pase nan direksyon an, yo toujou aksepte ansanm avek nou, yo toujou kenbe yo pou nou.

Bertha: Wi, le yo voye yo tounen m konn toujou pase nan direksyon an, mpale yo tandre nou, yo aksepte timoun yo pou nou, pou le nou genyen.

Florvil: Kay Louisdor Pa voye timoun tounen konsa toujou motive yo, pran pasyans paske menm le l' konnen bagay yo difisil, li gen pwofese poul peye sa k' fel toujou kenbe yo yon ti jan kout men 'l toujou tann ou lew kapab ou bay li.
Ok

Ronald: Bon, sitou nan Frere LOUISDOR Cineas, le bagay yo pa bon pou nou kom paran, men le direksyon an resi voye yon timoun deyo, nou menm ki paran nou oblije paka pleyen se vre nou pase nou fe ti pale, men si yon jou yo rive metel' deyo nou oblije pa plenyen paske yo pran pasyans pou nou.

Emmanuel: Sa pa rive ditou fasil pou yo ranvwaye elev mwen nan college Mixte freres Louisdor Cineas, si toutfwa sa ta rive konnen nan landemen swa m rele direkte a oubyen m pase nan direksyon an pou mwen regle sam gen poum regle.

Gwoup paran elèv nan Lise Jeremi Eliazer CASAL/Depatman Grandans.

Desilien: Timoun nan te konn peye 100 dola, defwa le timoun nan poko gen kob la, direksyon konn voyel tounen lakay li.

Andreecene: Wi, menm bagay

Jonas: Wi, avan direksyon an pase avek ranvwa elev la lakay li, pou kesyon de ekolaj, yo toujou gen yon avetisman yo tou aveti yo, ansotke pou yo kapab pran men yo pou yo kapab peye ekolaj la. Men anfet, pafwa se pa fot direksyon an, direksyon an li menm li gen redevans anve pwofese, fol peye pwofese, donk paran dwe pran responsabilite l'.

Arnold: Pafwa direkte a se pa fot li non lel voye timoun nan tounen lakay li, paske genyen, yo konn ap bay kane twazyem trimes genyen elev ki pa janm peye lekol la, e li kenbe yo, epa fot li, se twop ki pou li lap voye nan tounen.

Genise: mwen menm, mwen gen de timoun nan lise a, nou peye 80 dola, 80 dola, men se 2, 2 a vin pou 160 dola, m konprann mwen menm yo pa konn voye pam yo tounen gras a dye

Joseph: Wi, m gen yon timoun, m peye 80 dola, men yon pa konn voye yo tounen.

Theodor: bon, sa lise a mande a m toujou bay li, yo pa janm voye elev mwen yo tounen.

Robert: Se menm jan, yo pa konn voye timoun mwen tounen lekòl tou

Marcelus: Depi sou ansyen elev yo sa fem 4 elev m gen k' pase nan lekòl la yo pa janm voye yo tounen

Similus: Bon leta reklame yon fre 400 goud pa tet, bon n' toujou bay li a tan, nou pa kite yo voye timoun nou yo tounen.

Pierrilus: Mwen m peye lekòl, lekòl mwen peye an 3 kupon, defwa yo konn voye timoun nan retounen paske m paka reponn avek egzijans lan, gen defwa le a konn rive m konn bay yon randevou lekòl la, kom m poko jwenn kob la yo konn voye retounen, timoun yo konn fe 3 jou, yo fe 4 jou, retounen lekòl m poko ka mennenl ale.

Simon: bon, mwen menm, male sa poko rivem m gen 2 timoun nan lise a la, Bondye toujou fe pou mwen, depi yo di sa, e kabare n al peye 400 goud, mezanmi kot ti gabay pou nou pa peye a?

Gwoup paran elèv nan Beladè/Depatman Sant.

Hilaire: Dèfw a ou pa ka bay yon total paske lekòl la, ane sa, li gendwa peye yon pri yon lot ane li peye yon lòt pri. Se sa k fè nou pa ka bay yon total. Men nou toujou peye lekòl la. Defwa yo konn voye timoun nan tounen tou pou kòb fèy. Paske ou ka jwenn kòb lekòl la pou peye, epi ou pa jwenn kòb fèy la, se sa k fè yo konn voye yo tounen.

Beatrice: M pa peye fasil Tti frè a yo mande nan lise a, m toujou bay li. Sof ke paran yo gen yon ti frè anplis yo bay pou yo te ka pran kèk grenn pwofesè sifizan pou lise a. San sa, timoun yo tap soufri twòp.

Osnet : Nou kwè lise pa bò isit la pa peye anpil kòb swa 120 dola konsa ki egal a 600 goud se pa gran choz.

Laguerre: Nan nivo lise a, nou konn peye 120 dola pou ane a. Raman lè pral gen egzamen, yo konn voye elèv la ale paske l pa ko peye men li pa konn rete twòp,

li toujou jwenn yon mwayen poul konpoze. Men nan lot kolèj yo, ou konn peye 500 a 600 dola depandaman de lekòl la pou frè d'antrè. Yo konn mete timoun nan deyò. Lèw pa gen mwayen pou peye, ou oblige deplase al nan direksyon an pou wè si li te ka kenbe timoun nan pou ou annatandan w oganize w.

Marie-Ange: O nivo lise a, se 600 goud nou toujou peye. Pliske se pa tout timoun yo yap pran pou nou nan lise a, nou gen pitit nou lòt kote nan kolèj yo. Nan kolèj yo depi nou pa peye yo mete yo deyò. Pa egzans m gen yon ti gason ki nan kolèj pou 2300 dola. M te bay 2100 dola, lè egzamen an rive la, m dwe 200 dola yo voye l tounen pou mete m nan cho.

Meriel: Pou lise a, se 120 dola direktè a reklame. Men nou konnen gen karans pwofesè depi 7èm rive nan filo. Sa te oblige direktè a planifye avek paran epi nou te oblige bay 35 dola ankò. Se pa tout fwa nou rive genyen li, e direktè a te bezwen peye pwofesè li oblige ranvwaye timoun yo kanmenm. Pou kolej yo pri a varye depandaman de klas la. Gen timoun kap peye 1200 dola, 1600 dola, 2000 dola. Pou klas filo a, se prèske 3000 dola. Lè yo mete timoun yo deyò, pa gen dire determine pou yo pase lakay. Sa depann de kilè w gen kòb la. Ou konn pale ak direktè a poul aksepte, pandan yon semèn, semèn nan konn pase ou pa ko gen kòb la pou peye sa. Sa fè yo voyel bay ou ankò. Sa konn jwe sou reyisit timoun nan.

Frederic: Pou lise a, se 600 goud direktè a reklame. Men karans pwofesè ak menajè ki lekòl la ki poko touche konn pèmèt timoun yo soufri de sa. Aprè 600 goud la, yo te reklame 35 dola pou bay pwofesè ki pa touche. Toutotan ou pa jwenn 35 dola a pou peye, sa pèmèt li pase tan lakay. Sa ka menm fè timoun nan pase ane a san l pa vin lekòl.

Gwoup paran elèv nan Collège le Primat de l'Esprit/Depatman Nòdwès.

R-Patisipan 1(Stervencia): Wi mwen konn peye lekòl la pa ane. Pa mwa mwen pa konn konte mwa. Le mwen regle pou ane a, pou ane a gen moun ki nan filo m konn peye 3600\$HT. Genyen ki nan twazyèm ki pi ba pri 2000\$HT konbyen. Genyen menm ki ka nan 3000\$HT ekek, sa pral depann pou not efektif lan. Mwen pa ka bay efektif la vreman vre paske nou gen plizye timoun la aled de demi bous lan. Wi pou ranvwaye an direkte a ranvwaye elev la se pou l ka fe efo, pou l peye pwofese, pou l peye moun k ap travay ave l, san sa l pap kapab viv. Si l pa voye timoun nan tounen ou pa p janm fe efo pou voye, pou fe sa. Timoun nan pa konn fe mwa lakay li. Li ka fe kek 2 a 3 jou yo, yon semen men sa pral depan. Pou fe mwa san ale lekòl, non direkte a pa p janm kite timoun nan fe mwa lakay li.

R-Patisipan 2(Sherlie) : Wi po elev pa m nan, nou pa fe efektif la pa mwa, nou jis kontwole pou ane lekòl la, li nan 3600\$HT men gen sa ki pi wo tou. Epi pou voye tounen an, si tout fwa direkte a fe ranvwa, gen paran ki neglijan, depi l lage timoun nan se tankou l bliye li. Li bliye timoun nan, se pa yon timoun li gen ki lekòl. Li toujou fe ranvwa men timoun pa m yo, gras an Dye a Dye, yo pa janm pran 2, 3 semen lakay, yo ka pran yon jou. Si l ap fe ranvwa tout lekòl la net, yo ranvwaye tout lekòl la osinon si m dwe reta, li ka ranvwaye timoun nan jis pou m ka fe plis efo.

R-Patisipan 3(Benjamin): Bon, pa ane m kwe 2000 a 3700\$HT men li pa fasil paske bagay yonyon jan di, bagay yo terib. Souvan, le w santi ke w pa an reg, ou oblije pase lekòl la al jwenn direkte lekòl la, ou pale ak direksyon lekòl la pou yo kapab konnen kisa yo kapab fe pou o unan moman saa paske si w ta dwe peye le 15, o upa peye le 15, se le 20 ou ka pase, ou di sa w ap vin peye le 20.

R-Patisipan 4(Edwige): Sa pral depan de nan ki klas timoun nan ye. Si timoun nan nan setyem, uityem pa egzant, li ka peye yon 2000\$HT, yon 2500\$HT. Daye gen yon avantaj isi an toujou bay, li toujou diminye nan kou lavi a parapo ak lot lekòl yo jis pou paran yo kapab fe, gen yon ti soulajman. Pou filo pa egzant, ou kapab peye yon 3700 ou 3800, 3900\$HT jis pou enpe soulaje. Bon, si tout fwa pa genyen lajan, peyi sa a se yon peyi ki di li ye, ou gen dwa pa gen lajan ou pase nan direksyon an pou fe direkte a konnen semen sa mwen pa gen lajan, y ap voye kob la pou mwen tel le; eske w ka pran yon ti pasyans pou mwen jis pou la rive ? Menm moman ou fe, direkte a tandè w, timoun nan ou an ap rete nan sal la men gen paran tou ki gen movez fwa. Le elev yo tounen konsa sa pral depan de paran an, nonb de jou li bay la. Paran an ka di se nan 2 jou, konsa l gen dwa di apre yon semen tou. Ou oblije tan paran an. E si se voye yo voye tounen, apre 2 a 3 jou le w gade, timoun nan retounen anko paske direkte a pa ka kite l lakay la vre.

R-Patisipan 5(David): Bon, pou mwa yo pa konn voye yo retounen paske ok. Pou timoun mwen, m peye 3050\$HT, m peye 2900\$HT. Mesi.

R-Patisipan 6(Wisly): Pou yon ane lekòl yon timoun, si w ap konte tout fre, se bagay k ap koute w yon pil lajan. Men gen de kob ou peye nan direksyon lekòl, si timoun nan lekòl tout fre ou fe, tout depans se pou timoun nan pou w fe l. Pou ane lekòl yon timoun, le w mete l nan yon lekòl prive, li koute w yon pil lajan paske li konprann tout fre, ni fre nouriti, ni fre ou ppeye pou ekolaj yo, tout sa ladan l paske se yon ane ke w peye pou timoun nan, li koute w lajan.

Men fre ou peye nan ekonom a lekol la, mwenngen yon elev ki nan filo, li anviwon, apepre 3800\$HT, ozanviwon 4000\$HT pou w peye nan direksyon lekol. Men pou yon ane lekol yon timoun li koute w anpil lajan.

R-Patisipan 7(Cilia): Bon pou mwen menm, se pa pwop tet pa m kip eye lekol, se papa timoun yo kip eye lekol pou yo. Mwen menm paske lekol la renmen timoun yo, yo renmen pwofese a e yo renmen direk la, sa fe ke nou met te gen lot timoun lot kote se non m raple yo vin lekol la paske la bon pou yo anpil paske m gen 8 timoun ki pase nan lekol la deja.

R-patisipan 8(Rolph): Nomalman fo m di w Josue m gen 2 elev twazyem ki pral fe segond la a. Twazyem nan pa che, pri a tonbe men pou filo a li nan 3800\$HT m ka di pou ane elev ki pral fe filo a. Pa bo isi depi yo anonse rapo ou dwe, yo telefone w avan, yo di w ou dwe, sa k pase fo w vin pale ak direkte a. Nomalman ou fin pale ak direkte a, ou ka di direkte a pou yon mwa. Li gen dwa pa ka tann mwa, men si w di w ap fe yon semen, 2 semen l ap konprann ou kanmenm, se konsa pep la fonksyone. Sa vle di elev pa fe anpil tan deyo bo isit la, li ka fe yon jou le yo voye l tounen men demen si Dye vle l map la kanmenm.

Kesyon#12

Eske ou kwe pa peye lekòl la regilyeman kapab anpeche timoun pa ou yo bay bon randman eskolè?

Mme Edelyne : Si w pa peye lekòl la, yo voye timoun lan tounen. Li fè 2, twa semèn lakay li, nòt pwofesè yo bay li pèdi l, sa ka pote yon echèk.

M Garry: mw menm , map di wi paske le yo voye timoun lan tounen an, li pèdi kou yo tap fè a.

M Larose: wi li kapab kontribiye nan echèk timoun lan. Paske le yo voye l tounen an li pèdi kou yo.

M Aubin: Li ka kontribiye nan echèk li, paske lanp san lwil pa limen. Pwofesè a pa touche ,li pa ka travay.

M Gerson: Mw ret kwè eke si yon paran pa peye pou yon elèv, elèv la ap bwate kanmenm; rezilta pou l ta ba ou a li pap kaba ou li, l'ap mete l an reta kanmenm. Paske sa pou l ta suiv konplè yo, li pap jwenn chans swiv yo depi w pa peye lekòl la.

M santory : Mwpanse ke pa peye lekòl timoun lan kapab kontribiye nan echèk li.

Mme Denise: Pa peye lekòl timoun lan, konte nan echèk la menm.

M Gedeon :M'ap di pa peye a l'ap pèmèt timoun lan pran echek. Paske, premyèman li ka pèmèt li pèdi kou,le yo voye l tounen. Dezyèmman sa rann timoun lan tris. Timoun lan se voye l lekòl. Epi lòt elèv ap travay, epi direksyon lekòl la voye tounen pou kòb. Mw santi kanmenm lap tris. Se sak fe mwen menm, mw se youn nan paran, m fe anpil sakrifis pou ke direksyon lekòl la pa voye timoun lan tounen.

Mme Antonia : Se youn nan rezon, mw menm malgre se timoun san papa ki nan menm. Papa yo te mouri bonè, menm lè ke m kase san, mw kase pye m mw fè transaksyon. Men mw pa kite m pran echèk nan direksyon lekòl. Pou y'ap voye timoun retounen poutèt lajan.

M Onel : De ka ki mete an evidans, timoun nan pèdi koua paske tout timoun yo ap travay li, men yo voye l tounen. Dezyèmman li aji tankou mantalaman, sikolojiman sou timoun lan.li wont devan tout lot timoun ki we y'ap voye yo tounen, epi yo menm yo la, sikolojikman timoun lan gentan kraze. Li pap kapab aprann, li pap reyisi.

Mme Marie-Carme: voye tounen an vreman li aji nan timoun lan, paske lè direksyon an vinn voye l tounen. Si w pa mennen l demen si dye vle. Wa l kite l fè semèn , ou poko jwenn kòb la pou menen timoun lan. Li aji sou li, ki fè li gen dwa pa pase.

Mme Desir : Lè yon timoun al lekòl ,y'ap voye timoun lan tounen se echèk li ye, paske yo toujou ap voye timoun lan tounen pou yo k elimine l.

Gwoup paran elèv nan Institution mixte Frère Francito/Depatman Lwès.

Boulay: Depi'w pa peye timoun nan ap toujou gen pwoblem, yap toujou voyel tounen.

Julo: Depiw pa peyew' pap janm kapab jwenn pwofese pou travay avek yo.

Joseph: Bon, depiw pa peye, pwofese pap enterese vin fe kou pou timoun nan

Bernadette: Depiw pa peye lekòl la, yo nan voye timoun nan tounen sa vle di koul' pedi yo lap difisil poul ratrapel epi se yon pa an arye lap fe.

Kaloudy: De mem osi byen lekòl la li vreman bon, loske w' peye lekòl la pwofese yo vini a le, epi elev la tou li pa pedi, pa egzanp de kou ki ka rann li regrese, nan yon matye, 2, 3 matye.

Emile: Wi, sa rive souvan, depi ke timoun nan pa peye lekòl la donk, lap pedi jou, depi yap fe ranvwa yap metel deyo, donk, sa poko rive pam nan.

Erica: Wi, depiw pa peye lekòl la pwofese yo pap vini, anplis timoun ou an pap kapte avek de seri de bagay.

Rose-Jardine: Wi, depiw pa peye yap fe ranvwa, yap voye timoun nan lakay li, lap fe 2 semen li pa vin lekòl lap pedi anpil bagay.

Vitaline: Wi, depiw pa peye lekòl la, depiw dwe timoun nan ka fe mwa lakay li, timoun nan ap rann ke randman poul ta baw' la li pa ba oul' paskew dwe.

Evinson: Bon, li evidan, paske rezilta, se yon lot anchenman ke li ye, si toutfw yo voye timoun nan tounen, li si ke lap pedi kou e koul' pedi lap difisil poul ratrapel, e nan sans sa ebyen rezita m tap tann nan m pap kapab jwenn li, sa pemet aske, rezilta li fose.

Gwoup paran elèv nan Institution mixte Frère Louisdor CINEAS/Depatman Lwès.

Zilina: Bon, mwen menm pou Freres Louisdor Cineas pa peye regilye a pa anpeche timoun mwen yo bay bon jan randman, rezilta paske direkte a pap bouvese timoun nan, de preferans li prefere ekri paran pito, olye poul' ta bay timoun nan yon presyon ke pou ta fel' pa reyisi.

Fanelia: Wi, pa peye a pa anpeche timoun yo pa reyisi paske menm kan nou pa peye se vre men pwofese yo toujou travay avek timoun yo.

Olius: Wi, sa pa anpeche, piske yo sipote n' antanke pran de fwa.

Cenac: Wi, bon sa kapab pote de zenkovenyan wi men apwopriye de lekol frere Cineas sa vin rand ke lekol la li menm li kreye posibilite yo li rand pwofesel yo alez, poul peye yo, men si toutfwa lew pa paye a tan li vin ran si direksyon an paka reponn ak pwofese a, li vin ran pwofese a pa travay ase byen deskel' pa touche, li pa travay ase byen le sa randan alev la li pap nomal.

Juillet: pa peye lekol la pa fe timoun nan pa reyisi pakse li gentan konnen dyalog direkte a avek paran kotel soti, kotel prale tou

Nicole: pa peye lekol la, si timoun nan konnen yo voyel tounen paske lekol la pa peye sa bay timoun nan yon pwoblem men depiw pa kitel chita lakay ou vin nan direksyon an li reprann plas li nan lekol la, sa pa anpechel' reyisi.

Bertha: Bon, sa pa anpeche si timoun nan pa reyisi lekol, m toujou peye lekol mwen poul vini.

Florvin: ou oblije fe yon paket fe efo pou ede pou ka peye a le, menm lew pa peye a le, men lekol la toujou sipotew, se sak few rann lekol la, epi gen yon devwa anve pwofese, donk, ou oblije degajew jan'w konnen pou kapab ede lekol la mache.

Ronald: Alo, sikolojikman, sa te ka fe efe yon efe sou timoun nan se mwayenan timoun nan te ran li konn kamarad ki nan klas la konnenl pa peye lekol, sa te vin fe yon, sikolojikman li te ka pa alez, ofi e a mezi, direksyon an ap voyel' deyo, la rete lakay li fe anpil tan, sikolojikman, sa te ka pa pote byen, li ka pa reyisi, men kom isi a sa pa repete fasil, timoun nan pa peye kamarad li pa konnen tou e paske direksyon an pran le swen poul ekri paran an olye l' pale ak elev sa, sa fe menm ke nou pata peye a tan, sa pa anpeche timoun nan pa reyisi.

Emmanuel: Bon, sel si paran ta totalman demisyone pou pa peye a ta koz timoun nan pa reyisi, paske pasyans direksyon an pran tolerans, konpeyansyon pemet ke elev la, se pa fasilman yo ranvwayel'.

Grwoup paran elèv nan Lise Jeremi Eliazer CASAL/Depatman Grandans.

Simon: Bon, m kwe ke depi yon timoun ou lekol, paranw pa peye lekol pou ou, yo voye'w yon jou ou menm yon minit ou pedi lekol la, saw pedi a ou pap rekiperel anko, e pou mwen menm ou pedi yon paket bagay nan laviw nan lekol la, se sa Selman.

Pierrilus: Wi, pa peye lekol la kapab anpeche timoun nan reyisi

Similus: wi sa kapab enfliyanse timoun nan, grandman,

- 1) mantalman li vin redwi nan limenm paske yo pat dwe voyel tounen.
- 2) E dezyeman li vin rate benefis kou ki, yo bay an absans li an

Marcelus: elev la pa gen dwa pedi jou lekol la, pou ti sale sa, depil pedi jou lekol la temet yon sel joul te pedi, ki li anpil jou, li te met yon sel jou l' pedi, lap pedi yon bagay, sal pedi li Pap jwenn li anko.

Robert: yon paran ki gen konpreyansyon lakay li pap kite yo voye pitit li tounen lekol

Theodor: Pa peye lekol la li enfliyanse elev la paskel pa p jwenn pwofese poul travay.

Joseph: wi, timoun nan pa janm santil byen, le yap rekilel pout tet lekol la, li ka enfliyanse nan lespwil.

Genise: wi, timoun nan ka pa bay bon randman si lekol li pa peye paske limenm lap santil wont le yap voyel tounen an, e lap pedi plizye bagay, sal pedi yo l pap ka rejwen yo anko, l oblije fe efe sou li.

Arnold: wi, le timoun nan pa peye se yon defisit pou li paske le yo voyel tounen, si yo te fe yon bagay jodia demen lel' vini l' pap jwenn li.

Jonas: Se toujou menm bagay depi paran pa peye pou elev la, sa kapa koze a lechek timoun nan.

Andreecene: Wi, li fe, li aji ni sou timoun nan ni sou paran an tou, wi mesi.

Desilien: pa peye lekol, li kapab yon echek pou timoun nan, paske le yo voye timoun nan tounen nan demen vin pran not la, men gen de bagay ke lap pede.

Gwoup paran elèv nan Beladè/Depatman Sant.

Frederic: Wi, pa peye lekol la regilyèman kapab anpeche timoun nan bay bon ranman se paske chak fwa ou pa peye, pwofesè a voye timoun nan ale, epi gen yon kou ki pase dèyè timoun nan, epi se la petèt egzamen an soti. Sa ka anpeche timoun nan bay bon ranman.

Meriel: Okoz lekol la ki poko peye, lè paran an poko pote kòb la vini, timoun nan konn chita nan sal, li pa konn ki lè yo pral site non l pou retounen l, sa konn jwe sou li. Pwofesè a konn ap pale epi li pa tande paske lespri l lòt kote. Sa ka lakoz timoun nan pa reyisi.

Mariange: Wi sa kapab anyete sou timoun nan. Lè yap voyel tounen epi kou yo ap fèt dèyè l, sa ka anpeche timoun nan reyisi paske yo pap reprann kou a pou li.

Laguerre: Wi sa kapab gen yon repèkasyon trè grav sou timoun nan sitou timoun yo ap viv an kominote. Si gen paran ki gen mwayen pou peye pou timoun li epi pou paw la yo metel deyò dèske l' pa peye, sa ap gen yon repèkasyon sou timoun nan.

Dezyèman, ou konn gen yon plim ki tonbe, lè pou bese pranl' ou konn pèdi nan sa pwofesè a tap di a vwa siw ta soti ou pata la wap pèdi plis ke sa toujou. Sa ka pèmèt timoun nan pa reyisi.

Osnet: Pa peye lekòl la se pi gwo andikap ki te kap genyen nan kominote.

Beatrice: Wi pa peye lekòl la ka koz timoun nan pa reyisi. Paske lè yo voye timoun nan retounen, li pèdi kou a. Sa ka fè timoun nan ap panse, lap santi nivo li pi ba pase lòt timoun yo.

Hilaire: Pa peye lekòl la se yon gwo andikap li ye paske si timoun nan pèdi menm yon segond li pa resevwa edikasyon yap bay li a, sa ka aji sou reyisit li.

Gwoup elèv nan Collège Primat de l'Esprit/Depatman Nòdwès

R-Patisipan 1(Stervencia): Wi pa peye lekol timoun nan anpeche l bay bon randman lekol paske le w pa peye lekol la, pwofese a pa travay paske pwofese a bezwen touche, fo w peye pou pwofese a ka touche.

R-Patisipan 2(Sherlie): Wi pa peye lekol la rann timoun nan p ata bay bon randman li ta sipoze bay la paske kit le y ap ranvwaye timoun yo gen timoun ki ranvwaye, pwofese ap travay, sa vle di gen timoun ki pa la. Seke kou yo te pran an, si pwofese a pa reprann pou yo se kou pedi.

R-Patisipan 3(Benjamin): Wi pa peye lekol la pemet timoun nan pa bay randman paske le timoun nan ranvwaye al lakay li pou pa peye, li santi ke l imilye e lot timoun yo rete nan sal, sa ba l anpil pwoblem.

R-Patisipan 4(Edwige): Pa peye lekòl la se yon pwoblem pou timoun nan. Pafwa le w voye timoun nan alaky la, se le sa pwofese a ap travay. Gen defwa lè timoun nan pral konpoze tou, sa pwofese a te fe nan sal la se li menm li bay nan egzamen an aloske yo te ranvwaye l. Sa koz anpil echèk tou. Lè timoun nan ranvwaye, leplisouvan se le pwofese a ap travay, sa pwofese a we a li pa gentan we l e anplis tou, yo pa genyen ase entelijans pou yo ta kopye l nan men yon lot elèv. Yo kontante yo pou yo al konpoze. Sa pwofese a te wè a yo pa wè l epi se li menm li bay nan egzamen an. Le sa tou, li pa fe not li ta sipoze fè a.

R-Patisipan 5(David) : Bon, pa peye lekol la li pa bon pou paran, li pa bon ni pou elèv la, li pa bon ni pou pwofese a, li pa bon pou ni pou direkte a tou, ni pwofesè a.

R-Patisipan 6(Wisly) : Wi yon elèv, si elev la pa peye lekol la, l ap yon andikap pou li paske se kob la, se li ki la pou ede pwofese a, direktè a pou l ka jwenn pou peye pwofese a. Si timoun nan pa peye lekol la l ap andikape. Ok.

R-patisipan 7(Cilia) : Si w pa peye kob la pa gen anyen k ap mache non paske se kòb la ki pou peye tout pwofesè. Se lajan menm k ap okipe tout lot bagay nan lekol la.

R-Patisipan 8(Rolph) : Monchè, nòmalmman ann Ayiti le w pwofese pa gen kredi pou mezon, pa gen kredi pou lekol, pou pitit pa w menm. Sa vle di, nomalman w dwe peye lekol la. Si w pa peye lekol la pwofese a pap ankouraje vin travay. Pwofese a defwa menm kay li pa genyen, se lwe lap lwe kay. Ou konn koman bagay yo ye, nomalman ou dwe peye pou l satisfè paske sa wap ba li a se ave l pou l nourri tet li, pou l nourri pitit li, madanm li paske l gen yon fwaye pou l jere. Si m pa peye, ak kisa m ap jere l?

Kesyon#13

Eske ou konn ede timoun ou yo nan fe devwa ak etidye oubyen eske ou peye yon moun fè sa?

Gwoup elèv nan Lise Penchina/Depatman Sidès.

M Santory : wi, m konn ede timoun yo fè devwa.

M Gerson: Wi, mw pran sa kòm an chaj, depi timoun lan sot lekòl, pou'm ede l, akonpanye l lekol li.

M Aubin: Wi, depi timoun lan nan enposibilite pou devwa a ou ede l.

M Larose : Wi, mw konn peye fè sa.

M Garry : Wi, sa se responsablite pa m.

Mme Edelyne : Mw toujou pran responsablite sa yo pou ede timoun lan nan sans sa.

Mme Desir : Wi, nou toujou ede timoun lan fe devwa si nou pa kapab nou peye fe sa.

Mme Marie carme :Wi, nou toujou ede yo pou yo fè devwa yo.

M Onel : Wi, nou ede yo fè devwa pou nou kapab ede timoun yo a travaye davantaj.

Mme Antonia :Wi nou toujou fè sa, nou peye fè sa.

M Gedeon : Mwen kapab di, mwen menm pesonèlman m gen timoun ki depase nivo pa m. mwen gen dwa ka ede yo, dikte yo nan yon seri de devwa. Menm m panse ke lè w'ap egzije timoun lan pou l fè devwa aoubyen ou egzije l pou l etidye se yon èd kanmenm li ye.

Mme Denise : Wi nou ede timoun, men pafwa tou ou peye pou ke yon moun ki pi avanse ba'l sa w pat genyen an.

Gwoup elèv nan Institution mixte Frère Francito/Depatman Lwès.

Boulay: Wi, m toujou pran moun pou travay ave yo, egal m gen dwa m pa gen tan poum travay ave yo, , m toujou pran moun pou travay ave yo.

Julo: Pafwa le'l vin ave kane a, nou gade nan ki leson kel pa fo nou edel'.

Joseph: Bon, li jwenn nou, men mwen menm nan moman, m tap prepare egzamen pam.

Bernadette: M konn toujou edel travay, travay ansanm kanmenm.

Kaloudy: Ya, li toujou etidye pou kont li li gen matirite sa. Epi kek ti devwa ka vreman difisil, m ede'l, anyen anko.

Emile: Se mwen k toujou edel, pafwa lem pa gen tan tou m konn fel fe devwa avan, lem vini mwen menm, mwen gade sil bon.

Erica: Wi, se mwen k toujou edel' depil sot lekòl m fel pran liv li, poum ka edel

Rose-Jardine: Wi, mwen toujou edel, mwen toujou kenbe leson pou li, fel resite nomal

Vitaline: Wi, m toujou rele deyel', poul etidye paske li ka travay pou kont li, m rele deyel m fel etidye, epil toujou banm ranman.

Evinson: Bon, ane sa, sam pat ge tan poum te travay avek pitit mwen an, m te peye leson pou li, poul te kapab ratrape sa pa kapab konprann yo.

Gwoup elèv nan Institution mixte Frère Louisdor CINEAS/Depatman Lwès.

Zilina: wi, mwen pa peye yon moun pou fe sa, men mwen genyen pi gran yo ki ede pi piti yo

Fanelia: non, m pa peye moun pou edem' bay o leson men m konn ede pitit mwen an fe devwa yo.

Olius: Nou pa peye moun pou ba yo lesol, se nou menm etan ke paran ki ede yo apre yo sot lekòl.

Cenac: Wi, alo se mwen menm ki reponn avek yo poum travay ave yo paeke'm pa bezwen moun, sof ke m pata gen tan men m gen tan pou sa, mwen, se mwen ki travay ansanm ave yo.

Juillet: E yo menm ki konn fe egzijans, yo travay ansanm ave tet yo, sa yo pa konprann yo konn rete nan lekòl la, yo mande direkte a an gwoup pou yo travay nan yo menm, paske mwen m pa konn gen tan pou travay yo.

Nicole: Timoun pam yo gen 2 gran se, se yo menm ki toujou montre yo fe devwa.

Bertha: Gen yon gran se, se li ki toujou fe yo fe devwa, montre yo fe devwa

Florvin: se mwen k toujou ede yo, le senpleman mpa disponib, yo menm yo fe fason yo degaje yo, travay an gwoup pou' kapab konprann sal pa konprann nan travay lap fe

Ronald: Alo, nan ka pa nou menm si nou pa gen tan, nou kreye yon tan pou nou ede yo, paske menm sin' tap di nap peye lot moun sa gen plizye aspe ladan', prefere nou menm nou kreye tan pou you len' kapab.

Emmanuel: menm sin ta rantre ta, li bezwen li solisite ed mwen nan yon devwa kelkonk, mwen toujou pre poum' bay patisipasyonm' poum' bay ed mwen.

Gwoup paran elèv nan Lise Jeremi Eliazer CASAL/Depatman Grandans.

Simon: Bon mwen menm o nivo etid pam, mpa konn ede timoun yo men m konn rale zorey yo, mfe yo fe yo devwa e m toujou di yo sa ke yo pa konnen mande yon moun ki pi gran pase yo ki gentan kite lekòl, ki gen on konesans de pli, pou ede yo, m toujou fe sa.

Pierrilus: Sak nan nivom' yo m konn ede yo, men sak depasem yo, se ekip yo fe, ekip atelye de travay

Similus: Bon lakay pa nou, nou fe sa yo rele elev pwofese a, paske pi gran an akopyan pi piti, epi sa pi gran genl pa konprann, mwen menm m bakop li, poul avanse.

Marcelus: de tanzantan m toujou ap swiv elev la, le nou wel sou travay lel pa sou travay, nan sa nou ka edel' nou edel men de tanzantan n' toujou di li, toujou fe efo, fe plis efo paske l'effort fait les eforts.

Robert: Wi, elev, timoun nou ka ede nou ede yo, epi, nou konn, yo konn eseye fome gwoup avek lot elev ki gen plis ote ke yo.

Theodor: nou pa gen lajan poun' peye moun' bay timoun yo leson men nou fel yon fason, nou fe pi gran ede pi piti.

Joseph: Wi aske nivo timoun nan depase pi wo ke nou menm, nou toujou bal tal' poul chache yon elev ki pi fo ke limenm pou edel'

Genise: mwen konn ede pam yo men, le yo rive nan yon nivo m pa kapab mkonn peye ba yo leson tou de fwa.

Arnold: nan komansman m te konn ede yo men, le arrive yon pwen m pagen menm fos avek yo, m oblije yon lot moun ki montre yo, mwen mpaka montre yo.

Jonas: timoun yo toujou sousye de etid yo, setadi, devwa yo, travay ave yo, pafwa si nou, tan konn manke nou, nou konn fe yo fe gwoup de travay, yo travay yo youn ede lot

Andreene: wi nou menm nou pa kapab men nou toujou rekle deye elev yo pou yo al jwen elev ki pi wo pase yo, yok toujou montre yo fe devwa.

Desilien: mwen pa peye moun ba yo leson, le yo vin sot lekòl m toujou la poum ede yo, e lem pa la tou yo fe gwoup de travay ansanm.

Gwoup paran elèv nan Beladè/Depatman Sant.

Hilaire: Se mwen menm ki ede yo fè devwa ak etidye.

Beatrice: Se mwen menm ki ede yo fè devwa ak etidye.

Osnet: Se konmsi nou tout te lekòl ansanm. Nap travay de konsè poun avanse.

Mariange: Talè a m te diw sa, m tou lekòl tou.

Meriel: Wi mwen toujou ede timoun yo. Kote gen matyè m pa bon nan yo, m chèche moun bay leson patikilye pou timoun nan ka avanse.

Federic: Mwen ede nan nivo kem kapab. Nan sa kem pa kapab, m toujou peye yon moun pou ankadre timoun yo pou mwen pou yo ka reyisi.

Gwoup paran elèv nan Collège le Primat de l'Esprit/Depatman Nòdwès.

R-Patisipan 1(Stervencia): Wi nou konn ede yo fè devwa. Gen pafwa ou ka pa ka fè sa w dwe fe ansanm avek yo a, ou peye yon moun pou ba yo leson pa mwa.

R-Patisipan 2(Sherlie): Nou toujou bay timoun yo leson, nou peye lot pwofese bay yo leson. Gen kek devwa ou konnen le w te lekòl ou gen dwa te kole nan yo, ou jis bay ba yo leson.

R-Patisipan 3 (Benjamin): Wi nou toujou peye pwofese bay o leson pou kapab travay ansanm avek yo paske yo kapab bay randman lekòl la. Si w pa fè sa se lave men siye atè.

R-Patisipan 4(Edwige): Non nou pa peye bay o leson men nou toujou travay avek timoun nan. Leplisouvan tou, yo toujou genyen lot pi gran pase yo ki te pase, ki toujou ede yo travay jiskaske pou yo kapab reyisi.

R-Patisipan 5(David): Wi m toujou peye leson pou l kapab ban m bon randman.

R-Patisipan 6(Wisly) : Nou pa bay leson men pi souvan noue de timoun yo nan ouvraj. Le fini si l pa gen lakin pafwa, toujou gen gwoup travay pou yo kapab rekipere yo.

R-Patisipan 7(Cilia): Bon, timoun yo konn travay. Ou mete tablo lakay la pou yo travay yo menm yo.

R-Patisipan 8(Rolph): Nomalman gen kek matye m te anfom nan yo, m travay yo ak timoun pa m yo. Men sa m pa ka fe, si se yon zanmi, yon pwofese m peye pou travay avek yo paske si m pa peye travay avek yo pou yo konprann li plis, si yo pa pase, se mwen ki koz sa.

Kesyon#14

Eske ou toujou bay timoun ou yo kantite materyèl, founiti ak liv lekòl yo bezwen lè yo bezwen yo an?

Gwoup paran elèv nan Lise Penchina/Depatman Sidès.

M Gedeon : Mwen menm ,m'ap di senseman gen de fwa timoun lan pa gen tt materyèl yo. Pa egzanp mw gen 6 timoun. Mwen gen de ki konpoze nan filo ane a. menm gen youn ki admi an filo, mwen genyen nan 9vyèm, youn pral fe 8èm, m gen youn ki pi piti ki pral fè dezyem ane fondamantal. Pa fwa mwen konn twouve m nan l' enposiblite. Se sak fè. Gen kèk ti ratman nan materyèl. Donk yo pa gen materyèlyo vre, men kanmenm mw konn fe efo pou ke yo genyen majorite materyèl yo.

Mme Antonia: Wi se menm ka a, gen de pafwa ou fè tout efò pou bay timoun lan anpe materyèl. Gen de pafwa ou gen pwoblèm ou pa ka ba li rès yo. Men posiblite a pa posib ou pa ka ba li yo.

M Onel : Nou konn jwenn gwo pwoblèm nan faz sa. Sitou pou paran yo ki gen plizye timoun. M se youn nan moun ki gen pwoblèm sa yo. Gen kèk fwa leta ayisyen konn sibvansyone liv. Men kèk fwa yo pa rive jwenn nou vre. Moun ki rive achte liv la, achte l byen chè e nou menm nou peye konsekans yo. Sa vle di, sibvansyon an pa rive sou nou vre. Nou ta swete pou leta voye je l plis sou kesyon sa a.

Mme Marie carme : Gen de fwa timoun yo konn al lekòl, yo pa konn pa rive gen tt materyèl yo. Men antouka yo toujou degaje yo pou yo ka reyisi.

Mme Desir : Timoun yo konn al lekòl, men pafwa yo konn pa gen tout materyèl yo se apre y'ap vinn pran materyèl yo.

Mme Edelyne : Malgre mwayen ekonomik lan konn pa pèmèt nou pou fè sa. Men nou toujou fè efò pou timoun lan al lekòl ak tout materyèl yo.

M Larose : Wi nou fè ti efò nou kanmenm, pou ke nou bay timoun yo sa yo bezwen an.

Nou ba yo materyèl men nou pa rive fidèl ak tt materyèl yo. Pa egzanp ou gen elev ki ap fe gran klas. 3 ki nan filo, youn ki desann reto la, pafwa se fotokopi ou fè.

M Aubin : Mwen kapab di, se gras bondye, premye bagay mw debite ladan l. se liv mw vann ,dizon mw menm mw se yon boukinis. Timoun yo, se yo ki vinn chwazi liv.

M Gerson : Mwen menm antanke paran, lè ane a fèk kòmanse, nou genyen kòm devwa, kòm si ede timoun lan ba l tout sa gen bezwen. Men antanke responsablite m. M konn paka ofri yo li pandan ane a prale m toujou bat avan ane a fini. Nan mitan ane a pou l reyisi gen tout.

M Santory :Antanke paran ou konnen materyèl la se youn bzwen nesèsè ke'l ye. Nou toujou fè maksimòm defò ke pou'n bay timoun lan tout materyèl li. Paske n konnen san materyèl la li pap ka reyisi.

Mme Denise : Pa bò lakay pa m, sa rive, lè lekòl la pral pral kòmanse, yo gen tout materyèl. Pou pwofesè a pa mete yo pou yo pa pèdi kou.

Gwoup elèv paran nan Institution mixte Francito/Depatman Lwès.

Boulay: wi, m toujou kontinye depi le lekòl la pral louvri, m toujou achte tout liv, tout bagay net bay pitit la poul al lekòl.

Julo: Wi, nou toujou fe sa, nou toujou mete tout bagay korek pou elev la kapab jwenn bon not, pou li apre rantrè lekòl la nomalman

Joseph: Bon, nou toujou fe sa gras a dye, epi timoun nan toujou sou sa depil jwenn liv la tou.

Bernadette: Mwen, m toujou achte tout liv, tout kaye, tout materyel li yo net paske san materyel elev la pap ka pote bon rezilta vre

Kaloudy: Bon, sa toujou fet, eksepte liv ki difisil a twouve yo, pafwa li konn ap cheche nan bibliyotek tou sa, poul ka jwen yo, men apa de sa regilyeman.

Emile: Dok, m achte tout founiti klasik yo pou li, donk kom la teknoloji ap avanse, m gen sistem net m ba li pou'n fe; ak sou gougèl li poul fe kek ti rechèch tou.

Erica: Wi, m toujou achte Paske depi timoun nan gen liv lan li pap sou jwet, lap toujou sou edikasyon.

Rose-Jardine: Wi, m toujou achte tout liv, kaye net an jeneral.

Vitaline: Wi, m toujou achte tout liv kaye' tout enstriman lekòl la mande paske sim pa bay yo se ke m voye lekòl m pa bal zouti.

Evinson: Li vidan, paske pou timoun nan aprann fok li kapab genyen tout founiti klasik li yo, m toujou tyen aske poul gen tout endistèntemanm toujou fe sa chak ane.

Gwoup paran elèv nan Institution Frère Louisdor CINEAS/Depatman Lwès.

Zilina: Wi, mwen toujou bay timoun mwen tout materyel li bezwen paske yon moun pa konn al nan jaden sanl pa gen zouti, paske si w al travay san zouti nan jaden se komsi wap pase yon jounen nil, anyen w pap kapab fe.

Fanelia: wi m achte tout materyel pou timoun mwen an.

Olius: wi gen materyel mwen achte gen materyel tou nan nivo pam nan se lekòl la ki pemet ke yo benefisye

Cenac: San manti genyen nomalman m paka achte, m achte anpil ladan yo men genyen m paka achte, l' oblije rete san li menm.

Juillet: wi konn genyen de le m' mal poum achte yo, men kanmenm m konn fe egzijans m achte yo, menm le konn gen moman ki konn pase lekòl konn ba yo egzijans pwofese yo ap travay avek yo, yo konn mal pou yo jwenn yo, men yo konn egzijem' m konn ba yol' kanmem

Nicole: mwen menm le lekòl la ap louvri, m toujou, mwen ta renmen achte tout liv yo bay timoun yo men liv yo telman che, gen de le w konn paka achte tout liv yo, ou voye vini avek anpil liv, tanzantan w achte yo pa grenn jiskaskè'w fin achte tout, paske bagay yo difisil,

Bertha: Wi m konn achte tout materyel pou pitit mwen poum voye lekòl

Florvin: sa depan de nivo timoun nan rive pa tout liv ou kapab achte paske peyi a che, liv yo che, men tou yo genyen nò direksyon, yo genyen pwofese ki travay ave yo, yo menm yo travay pa gwoup ki ede yo reyisi.

Ronald: Sa pa rive toudenkou poun' ba yo tout materyel yo paske nou konnen nan ka pam' mwen gen 2 map prepare epi gen lot obligasyon pou reponn men ofi e a mezi nou ba yo jodia sa'n kapab, ofi e a mezi nou met cho aske pou ane a pa fni pou yo pa gen tout materyel yo.

Emmanuel: Jan Zilina te repetel, yon moun paka al travay san zouti, nan otik nou toujou fe efo pou nou bay timoun yo tout materyel yo bezwen pou yo ka travay.

Gwoup paran elèv nan Lise Jeremi Eliazer CASAL/Depatman Grandans.

Desilien: wi, defwa lis la konn vin jwen nou, nou konn pa achte tout liv yo ansanm, men tanzantan n' achte de grenn, n'achte twa grenn jiskaske nou fini avek li

Andreene: wi nou konn gen pwoblem de afe de liv la, ou konnen se pa yo sel grenn nan nou gen lekòl, sin' achte pou sa, n' oblije fe yon kanpe poun' achte yon grenn pou lot la. Ok

Jonas: wi, ekonomikman palan nou paka bay tet nou manti, nou konnen nou ta dwe pwokire elev la tout liv li nomalman, men vi avek sityasyon ekonomikman lan, sa fe ke nou vin pran liv yo, pafwa pa 2, pa 3 jiskaske nou achte tout liv elev yo ba yo.

Arnold: wi, pafwa e pa kontan pou ta kontan pou ta bay elev la tout sal bezwen nan lekòl la, men mwayen pa pemet ou pou bay tout, ou oblije ap ba li yo youn pa youn

Genise: wi nou toujou bay timoun mwen liv yo.

Joseph: wi, mwen toujou fe efo m' ba yo tout liv yo

Theodor: Wi, m toujou fe sa.

Robert: wi o fi a mezi nou toujou bay timoun yo tout say o bezwen

Marcelus: Alo w konnen sityasyon an, pafwa w ta renmen achte tout, men w pa kapab, ou pranl pezape, jiskaske w bay timoun nan 2,3 grenn liv ou pa ka fin achte tout, sityasyon an, matchavel.

Similus: Bon se yon devwa fondamantal, dote timoun nan de materyel li, nou toujou fe efo sa.

Pierrilus: wi, menm len' pa bay achte toudenkou, men n' toujou fe sa.

Simon: Bon menm si yo nou pa konn achte tout, gen pafwa menm lekòl konn prete elev yo grenn liv pou yo etidye, pafwa gen paran ki teka paka achte yon matematik, men dapre ke lekòl la limenm, li jwenn yon pousantaj, li gen yon kantite, li konn prete yon elev poul al travay lakay li, apre le lekòl femen yo remet liv sa yo.

Gwoup paran elèv nan Beladè/Depatman Sant.

Frederic: Se pa tout ki konn rive jwenn li. Tankou lise a, nou toujou fè sa. Paske kòb pou te peye nan kolèj la ou konn pran' pou achte liv. Men sa ki nan kolèj yo konn manke liv paske lajan pa pèmèt ou reponn a tout bezwen timoun nan.

Meriel : Nou pa toujou prè pou nou bay timoun nan tout materyèl yo mande yo alarantre, paske pandan wap peye lajan pou lise a, menm si kòb la pa anpil, men w konn gen elèv nan kolèj yo tou. Lè pou bay timoun sa a yon lo materyèl, pou bay yon lòt yon lo materèl, konn gen kèk ki manke. Sepandan, a lavni, nou fè yo jwenn tout materyèl yo.

Marie-Ange : Nou toujou fè efò, menm lè nou achte liv dezyèm men, nou fè sa nou kapab pou timoun yo reyisi.

Osnet : Nou fè efò poun bay timoun yo demateryèl. Men nou konn kòmanse depi an Septanm rive mwa Mas, nou poko ka fin achte yo bay timoun yo.

Beatrice: M fè efò m kapab, paske genyen m konn pa ka fin reponn ak objektif la, paske timoun yo anpil. M konn pa ka fin achte tout materyèl yo, men nou fè efò kanmenm.

Hilaire: Menm lè yon paran ta di w li fè efò bay timoun nan tout sa li bezwen, ou tap tou wè se manti parapò ak mwayen ekonomik moun Belladere. Ekonomi nou vrèman ba akòz pa gen anpil aktivite. Pou kòmanse, ou ka bay yon kantite kaye ak yon kantite liv. Men ou pa ka bay li tout akòz fèb mwayen ekonomik.

Gwoup paran elèv nan Collège Primat de l'Esprit/Depatman Nòdwès

R-Patisipan 1(Stervencia): Wi nou toujou bay timoun yo. Premye bagay nou fè se prepare. Nou ba yo founiti avan yo antre lekòl. Depi yo pa antre ak founiti lekòl se tankou ou te lave men siye atè.

R-Patisipan 2(Sherlie): Nou toujou fè tout posiblite jis pou nou ba yo tout bagay pou yo al lekòl paske si w pa bay, si w voy timoun nan jaden ou pa ba li manchèt, sèke li pap ka sekle. Ou oblije fè sa ou ba l tout bagay.

R-Patisipan 3(Benjamin): Si ke w p aba li materyèl, se pa anyen ou fè. Pwofesè a pap tolere elèv la fas ak klas la lè l ap travay san ke l pa gen materyèl. Sèke se sa ki pou ede timoun nan pou l kapab travay.

